# МАХ ДУГ

*Йӕхи ӕвзаг нывыл чи нӕ зоны, уый
ӕндӕр ӕвзаг дӕр никуы базондзӕни.*

*Бернард Шоу*



1

2001





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2001

# МАХ ДУГ

**1**
**'01**

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли, ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2001

## НОМЫРЫ ИС:

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Исахан**. Радзырд 5
*ХЪОДЗАТЫ Æхсар.* **Æрымысыдтæн дæу**. Æмдзæвгæтæ 31

ХОДЫ КАМАЛ: 60 АЗЫ

*Леонгард ФРАНК.* **Фæзилæн.** Пьесæ. Камалы тæлмац 50
*БИАЗЫРТЫ Кромвел.* **Хæрис донгæрон фыста акварелтæ...** Æмдзæвгæтæ 86

ХЪАНЫХЪУАТЫ ИНАЛ: 150 АЗЫ

*ХЪАНЫХЪУАТЫ Инал.* Æмдзæвгæтæ 92

БОЦИТЫ БАРОН: 100 АЗЫ

*БОЦИТЫ Барон.* **Рох мæ нæу**. Æмдзæвгæтæ 96

УИДÆГТÆ

*ДЗИЦЦОЙТЫ Юри.* **Дыууæ Нарты** 100
*ÆЛДАТТАТЫ Виктор.* **Чердæм у нæ фæндаг, ирон адæм?** 106
*ÆЛБОРТЫ Хетæг.* **Дымгæ чердæм дымы, уый фæздæгæй хуыздæр ничи зоны** 121

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*ХУЫГАТЫ Ирлан.* **Хъаныхъуаты Инал** 124

РÆСТÆГ — РÆСТÆВЗАРÆН

*УАНЕТЫ Владимир.* **Ноджыдæр ма Иосиф Сталины тыххæй** 134

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

*ТЕЗИАТЫ Мæдинæ.* **Бутаты Ефимы нæртон дуне** 137

АРВИСТОН 147

Цæрукъаты Алыксандр 154

ISSN-02-06-41-62

© Мах дуг № 1, 2001

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# ИСАХАН

*Радзырд*

1.

Исахан куыройы дуар сæхгæдта æмæ сæхимæ атагъд кодта — йæ дарæс аива æмæ уыцы бындзытæм ныккæса. Ныр сæм уартæ кæдæй нырмæ нал ныккаст! Исдуг, куыройы фыдтæ слæгъз сты, æмæ уыдон духъ кодта, стæй та куыройæн йæ донмарæнмæ зылди, æмæ адæмы ссинæгтæ сбирæ сты. Куыройы раз æртымбыл вæййынц, æмæ сæ ацу уым ныууадз æд ыссинæгтæ!

Куырой ничиуал дары, афтæмæй раздæр къахдзæфæн куыройы уыди ацы доныл. Бынатыл ма-иу хылтæ дæр рауади хъæубæсты — æнахуыр хылтæ. Хылтæ-иу кодтой донæн йæ фæйнæфарс цæрджытæ. Донæн-иу йæ дыууæ былыл арæгъ сты æмæ-иу сæ даргъхъæд къæпитæ ’мæ белтæ кæрæдзимæ тылдтой доны сæрты.

Цыдæр хъазты хуызæн уыдысты сæ хылтæ.

Фæлæ рæстæг аивта. Адæм уыцы цæттæ урс ыссад æлхæнынмæ аздæхтысты, æмæ куырæйттæ иугай æрлæууыдысты сæ зилынæй. Стæй фехæлдысты. Бирæтæн сæ нырма дæр бæрæг дарынц сæ бынæттæ — сæ нукты ауырдыггæнæнтæ былтæй баззадысты, æмæ

сæ дон æнæсæрфат пæх-пæх кæны, бынæй цы донбадæн дзыхъхъытæ баззад, уыдонмæ. Кæм та ма куыройы рахизæны тъæпæн къахихсыд къæйтæ дæр афтæ баззадысты — уыцы лæгъзæй.

Фæстæмæ ма иу каст фæкодта Исахан — куырой дзуарбадæнау фидыдта,— рæсугъд æмæ сыгъдæг, йæ зæрдæ дзы барухс, æмæ уæд цæугæ-цæуын йæ хъуыдыйы фæзынд: кæд та дондзау чызджытæ дæр уым уаиккой, Суадætты æрхы.

Ныр ыл дыууæ къуырийы бæрц цæуы, уæд сæ цæхæрадоны кæрон бæлæсты бын мыдыцъæрттимæ архайдта, афтæ йыл йæ цæстытæ æрхæцыдысты, æмæ цæхæртæ акалдтой йæ цæстытæ. Чызг уыди иунæг æмæ уый хорз уыди — иунæг куы нæ уыдаид, уæд ыл йæ цæстытæ, чи зоны, афтæ не 'рхæцыдаиккой. Фæлæ уыцы иунæгæй æгас Суадætты æрх йæхи бакодта, афтæ дзы фидыдта, гъе! Исаханæн йæ сæрыл хызхуд уыд æмæ йæ сиса æмæ дзæбæх акæса чызгмæ, уымæ дæр нал арæхст. Афтæ йæм касти кауы сæрты, йæ сæрыл худ, йæ къухты цыппæрдигъон фæлгæт æмæ йыл мыдыбындзытæ дыууæрдæм æнæвдæлон рауай-бауай кодтой. Чызг æй нæ уыдта — чызг цæмæй хæйрæг уыд, æмæ уартæ бæлæсты бынæй чидæр йæ хызхуды хуынчъытæй уымæ кæсы! Йе 'вгæнæнæй æвгæдта дон суадоны абузæнæй йæ бедратæм. Цыдæрхуызон тæрк æвнæлд кодта, цыма йæ исчи куы æрбаййафа, уымæй тарст, æмæ йæм Исахан кæсгæйæ баззад. Йæ бедратæ куы байдзаг сты, уæд сæ фелвæста, фæхæрд кодта нарæг къахвæндагыл — къахвæндаг йæ разæй атасыд æмæ уагъылыйы къутæрты фæстæ амбæхст. Уайтагъд афтидæй аззад къахвæндаг. Уæд ма бæргæ фелвæста йæ хызхуд Исахан, фæлæ къахвæндаг йеддæмæ ницæуылуал æрхæцыд йæ цæст.

Уæдæй фæстæмæ раст уыцы афон ратагъд кæны куыройæ — йе ссадæйдзаг гæрстæ фелвасы, иннæтæ атъыссы æмæ уым балæууы, цæхæрадоны кæрон, мыдыцъæрттæ кæм сты, уым. Мадимæ дæр раздæрау æрлæууа, йемæ аныхæстæ кæна, уый нал и. Æмæ йæ фæстæ кæсгæйæ баззайы мад — цыдæр кæны ацы лæппу!

Уыцы æнæзонгæ чызджы куы федта, уымæн йе 'ртыккаг изæр Суадætты æрх чызгæй байдзаг и. Дон æвгæныныл сæ ничи тагъд кодта. Суадоны алыварс æртымбыл сты, цыдæртæ дзырдтой, худтысты, стæй дон калын ма æрæмысой кæрæдзийыл! Се 'вгæнæнтæ-иу суадоны фæцавтой, се дзагæй-иу сæ фелвæстой æмæ-иу сæ кæрæдзийы расур-басурыл схæцыдысты. Исахан сæм æмбонды сæрты каст æмæ цыдæр æхсызгон худт

кодта. Иу афон ауыдта: йæ мадыхойы чызг чи у, Марианæ, уый йе 'вгæнæны дзаг дон фелвæста суадоны хъæлæсæй æмæ уыцы æнæзонгæ чызджы асырдта. Чызг лыгъди, фæстæмæ фæкæс-фæкæс кодта, афтæмæй æмæ йын ницы æнтысти. Марианæйы та æндæр мæт нал уыди — куы йæ баййафид! Уæд чызг фæлæууыд, фездæхт Марианæмæ, йæ тъæпæн къухтæ йæ риуыл авæрдта, йæхи йæм бакъултæ кодта, æвæццæгæн ын лæгъстæ кодта — ма бакал. Фæлæ уæдмæ — сæххæтт æвгæнæны дзаг дон йæ тæккæ дæллагхъуыр. Чызг ма бæргæ ныззылди, фæлæ хуылыдз къаба буарыл аныхæст. Йæ тæрттæм фæлæбурдта чызг — æддæмæ сыл куы рахæцид, буарæй сæ куы фæхицæн кæнид, кæннæуæдæ кæм æгæр къуыпп адардта, кæм æгæр лæгъзæй аззад. Фæлæ иу ранæй фæхицæн вæййы къаба æмæ иннæ ран аныхæсы.

Марианæйæн йæ кæл-кæл цыд, афтæмæй комкоммæ Исаханты æмбæрзтырдæм æрбалыгъд.

Исахан, кæм и, уый дæр дзы ферох, афтæ цыбæлæй касти чызджыты хъазтмæ, æмæ, Марианæ æрдæгхуылыдзæй кауы æдде куы 'рбалæууыд, уæд ма уымæ дæр мидбылхудгæ каст. Чызг йæ худын фæурæдта, йæхи йæм фæтызмæг кодта:

— Ды та чызджытæм цы кæсыс уырдыгæй?

— Ницы кæсын,— йæ мидбылхудт амбæхсынмæ хъавыд Исахан.

— Ницы кæсыс, уæдæ! Афтæ 'нхъæл дæ — ничи дæ уыны. Æмæ кæсæггаг бафид.

Чызг йæ дыстæй, йæ цæсгомыл ма цы æртæхтæ аззад, уыдон асæрфта. Стæй лæппумæ бахудти.

— Дардæй сæм уæддæр кæс! Кæд, чи зоны...— Цæхгæр фæивта йæ ныхас.— Мыд ма радæтт æмæ дзы асдæрой мæнæ чызджытæ.

— Дыгъд дзы нæй. Нырма раджы у дуцынæн. Фæзгъæр мыд уын сисдзынæн.

Марианæ цæхгæр ныззылд йе 'мбæлттæм, йæ къух сæм ныттылдта дардыл.

— Рацæут, мæнæ уæ Исахан мыдмæ хоны, фæзгъæр мыдмæ!

Исахан æмбондæй йæ сæр адардта, Суадætты æрхы йæ цæстытæ арахæсс-бахæсс кодта.

—Марианæ, уартæ дон кæуыл бакалдтай, уый та кæй чызг у?

— Цы хъуыддаг дæ ис?— йæ цæстытæ та йæм мæстыгæр арæзт фæкодта Марианæ.

— Цæй-ма, гъо.

— Дæхæдæг æй цæуылнæ зоныс?!

— Никуы йæ федтон æмæ йæ кæм базонон,— йæ хъæлæс æрхауд Исаханæн.— Стæй мыл дæхи ныццæв!

— Æмæ йæ цæуылнæ федтай искуы? Адæмы ’хсæнмæ цæуылнæ цæуыс? Цы хуызæн фæныкгуыз æмхæрæфырт мын дæ?

— Æцæг, æцæг — уазæг чызг у?

Марианæ та скаст Исаханмæ æмæ йæм фыдæнæнгæнæджы хъæлæсæй сдзырдта:

— Æппындæр нæу уазæг чызг. Уалæ Ирманы чызг у. Тохонаты Ирманы чызг.

— Æмæ йæ нырмæ куы никуы федтон ам.

— Æмæ йæ куыд федтаис! Уый ардæм нæ цыд, ды ардыгæй никуыдæм цæуыс.

— Уæдæ ныр цæмæ цæуы ардæм?— иннæ ныхæстæм нал хъуыста Исахан.

— Сæ суцадон басур и.

— Куыд сын басур и?

— Куыд басур вæййы! Дон дзы нал сабузта æмæ басур и. Мыд радæтт, цæй, стæй мæ ныхæстыл дар! Дæлæ æрбацæуынц чызджытæ.

Чызджытæ, æцæг, иу-цалдæрæй сæ хуылыдзтæ лæмаргæ æрбараст сты, Марианæ кæм лæууыди, уырдæм. Фæлæ ма сæ фылдæр уым лæууыди суадоны алыварс, æмæ та уыдонмæ дæр ахъæр кодта Марианæ:

— Таймæт, рацæут ардæм! Ме ’мхæрæфырты мыд мын фенут, кæддæра йын адджын у.

Исахан хызхуд куыд æркодта мыдыцъары уæлхъус, афтæ лæугæйæ аззад— уæдæ уый ном хуыйны Таймæт, Имраны чызджы ном уалæ. Дзæбæх æм фæкаст уыцы ном æмæ йын æхсызгон уыди, чызджы ном Таймæт кæй хуыйны, уый. Стæй байгом кодта мыдыцъар, мыдæй йедзаг фæлгæт систа, йæ бындзытæ йын æрцагъта асыкмæ æмæ йæ æмбæрзты сæрты алæвæрдта Марианæмæ.

Уæдмæ фаллаг чызджытæ дæр бамбырд сты Марианæйыл, фæйнæрдыгæй йæм сæ гом цæнгтæ баивæзтой. Иу цъусдуг сæ ныхас нал сыхъуыст. Стæй сæ чидæр хъæрæй загъта:

— Дæ мыд адджын нæу!

Исахан кауы сæрты каст, фæлæ дзурæг чи уыд, уый нæ базыдта — иууылдæр æууилгæ кодтой æмæ. Уæддæр æм адзырдта:

— Фæстæдæр фæадджындæр уыдзæн, хæрд куы фæуа, уæд.

Хорз уыди, æмæ йæ хызхуд нал систа æмæ йын ныр йæ

хуынчъытæй касти Таймæтмæ. Æнæуи йæм афтæ кæсæн кæм уыдаид! Уый гыццыл иуварс лæууыд, йе 'нгомæвæрд былтæ змæлыдысты. Кæрæдзийы-иу æрæлхъывтой, æмæ-иу сæ сырх тæмæн цыдæр æрбаци, фæлæ та-иу уайтагъд фæстæмæ анхъæвзта былтыл, æмæ-иу йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыд Исаханæн.

Хæдзары мад йеддæмæ никæй баййæфта. Динæ сæ хæстæджытæй кæмæдæр ауад. Исахан, мæнгагъуысты кæрон сын цы къаннæг хатæн уыд, уым йæ гæрстæ ивыныл фæци. Мад агъуыстæй рахизæны ныллæг бандоныл æрбадт, йæ зæрды уыди лæппуимæ аныхас кæнын, ома ауылты рацæйцæуудзæни æмæ йæ ам фæуромдзынæн. Фæлæ Исахан æгæр тагъд рауади, дзурын æм ницыуал сфæрæзта. Æнæуи дæр а фæстаг рæстæджы цыдæр тагъд фæкæны уыцы бындзытæм, мæнæ сын цыма, куы сыстой æмæ искуыдæм куы атæхой, уымæй тæрсы.

— Фæцæуыс, цы, лæппу? Æмæ уæд та дæ дзыхмæ исты систаис,— æрмæст ма йæм уыцы ныхæстæ сфæрæзта, уыдон дæр, йæ рæзты куы рахызти, уæд.

— Фæстæдæр, фæстæдæр, дзыцца,— цæугæ-цæуын æм æрбадзырдта Исахан дæр æмæ цæхæрадоны дуарыл ахæцыд.

Мад куыд æрбадт, афтæ баззад бадгæйæ æмæ ныссагъæс кодта: куыд цæрдзæни ацы лæппу афтæмæй?

Ныры онг уыцы хъуыды йæ тæфтыл дæр никуы ацыд, ныры онг цин кодта, йæ иунæг бындар афтæ хæдзардзин æмæ хæдзаруарзаг кæй у, ууыл. Акæс-ма, кæддæра мыдыкъусы хуызæн нæу сæ хæдзар. Фосæн — фос, хорæн — хор. Ныр ма дын уый та — мыд! Уæдæ уыцы куыройæ дæр капекк хауы хæдзармæ, кæд мæнæ-мæнæ иттæг нæу ссæггаг исыныл, уæддæр. Хуыцауæй бузныг, искæмæ исты курæг бацæуой хъæубæсты, уый сæр сæ никуы бахъæуы. Сæхимæ сын æрбацæуынц — чи æфстау æхца фæагуры, чи холладжы тæскъ ракуры. Ибон ма йын чидæр йæ ног худ дæр ракуырдта, йæ къæбæлдзыг бухархуд, уазæгуаты цыди 'мæ. Фæлæ а йæ хо чи у Исинæйæн, уый йын йæ удæнцой фæсырдта йæ ныхæстæй. Ам сæм æндæрæбон æрбауади æмæ йыл ныккалдта, их куыд ныккала, афтæ. Уыцы лæппумæ, дам, дæ хъус цæуылнæ æрдарыс, уый, дам, цы хуызæн цæрдтытæ кæны! Æмæ, дам, дыл цæстытæ нæй, æмæ, дам, адæмы лæппуты нæ уыныс?!

Исинæ йæм кæд кæсгæйæ нæ баззад! Сулæфынæн дæр нал уыд æмæ та-иу йæ дзых фæхæлиу кодта. Æрæджиау ма æнæбары сфæрæзта:

— Мацы фыдбылызы нытътъысса йæхи, сау бон мыл ныккодта!

Газгули йæм фыццаг тигъмæ бакаст, стæй йæм багуыбыр и.

— Фыдбылызы нæ нытътъста йæхи, фæлæ уый фыдбылызæй фыддæр у, уый куыд нæ æмбарут! Цы бабырыд уыцы куыройы?! Цы бафтыд уыцы бындзытыл, уыцы цæхæрадоныл, уыцы фосыл?! Гæр, йе 'мгæртты дæр нæ уыны, æндæр ницы фæлæ?!

— Æмæ цы кæнынц йе 'мгæрттæ?— йæ хъуыры 'гънæг суагъта Исинæ, кæд ын улæфын фенцондæр уаид.

— Ницы!— фесхъиудта Газгули.— Се ссад калгæ нæ рацу-бацу кæнынц уыйау хъæууынгты, кæд мæ дзурын кæныс, уæд!

— Æмæ ссад цæмæй æвзæр у?

— Арынджы æвзæр нæу!— фесхъиудта та Газгули.— Фæлæ йæ дæ тæрттæ 'мæ дæ хæлафы уæрджытыл куы рахæсс-бахæсс кæнай, уæд æвзæр у, тынг æвзæр у уæд, уæд ыссад нал у, фæлæ æгады хос! Дæлæ ма Муссæмæ ныккæсæд, Хъиладзаты Муссæмæ, науæд Дзалботтаты Агимæ, кæддæра сæ исчи æхсæв йæ уаты æрхуыссы, стæй бон, кæм хуыздæр абадой, цы хуыздæр ахæрой æмæ аназой, ууыл не сты! Дымгæ та уартæ фæсарæйнаг тамакотæ кæнынц.

— Гæр, æмæ, ныр тамако нæ дымы, уый тыххæй... На 'мæ æхсæв Хуыцау хуыссынæн сфæлдыста æмæ дæ уаты ныххуысс, цы рахау-бахау кæныс!

Газгули йæхи акъуырдта Исинæйыл.

— Æрбахауа сæм, æрбахауа, æрбахæссой сæ хæдзæрттæм æмæ сын уа! Гъæуымæн рахау-бахау кæнынц, гъе!

— Аба-бау!— йæ къухтæ хæрдмæ хъилæй аззадысты Исинæйæн.— Мачиуал мын скæнæд ахæм хæссинаджы кой, йæ разы мæ хурхыл кард сæвæрдзынæн.

Газгули йæм кæсгæйæ баззад æмæ ма уæд бафтыдта йæ ныхасыл Исинæ:

— Йæ фыды дæр ын афтæ сæрра кодтой йе 'мбæлттæ— цом, ацæуæм, æрбахæссæм, уа нæм! Æмæ йын йæ мард æрбахастой. Мах нал хъæуы ахæм хæссинæгтæ, махæн æгъгъæд фæуæд!

— Лæг хъуамæ мæлгæ дæр лæгæй акæна, удыбæстæ йын уæд и.

— Уый Хуыцауы ныхмæ арæзт ныхас у!

Газгули йæм цæхгæр ныззылди:

— Ныууадз-ма! Уый дын Хуыцауы ныхмæ æмæ æндæр искæй ныхмæ. Хуыцау уыдæттыл хуыздæр ауды, кæд мæ фæрсыс, уæд. Бакæс-ма сын сæ цардмæ!

— Мах никæй цард хъæуы.

— Уæдæ бадæд йæ куыройы!— Газгули фестад, фæцæйцыд,

фæстæмæ ныззылди.— Худинаг та йæм куыд нæ кæсы. Хæрæджы йас лæг æмæ куыройы мысты цардæй цæр! Лæг чи у, уый хъуамæ йæ иу фарсыл ливор дара, иннæ фарсыл — кард. Гъе уæд æй нымайынц, гъе, адæм лæгыл!

Афтæ йæ гуыбырæй бадгæ ныууагъта Газгули. Сыста ма æмæ ма йæ фæдыл дуары онг ацæуа, уый дæр йæ бон нал баци.

2.

Суадæтты æрхы цъиуызмæлæг дæр нæ уыд — уæддæр касти æрхмæ Исахан æмæ бустæ кодта йæхиуыл: фæлтау уыцы дыууæ усы ссинæгтæ куынæуал райстаид. Фæлæ сæ куыд нæ хъуамæ ракодтаид исгæ дæр! Фæстæмæ сæ аздæхтаид æд къæссатæ! Уæдæмæ йæ йæ гæрстæ ивын нæ хъуыд, цæмæн сæ хъуыд ивын?! Гъеныр ацу æмæ уыцы афтид æрхмæ кæс!

Уæддæр касти. Æмæ йæ цæстытыл уади Таймæт: куы-иу йæ бедратæм дон æвгæдта, йæ дыууæ дзыккуйы йæ уæхсчыты сæрты ахаудысты, афтæмæй, куы та-иу йæ хуылыдз къабайы тæрттæ йæ уæлæ аныхæстысты. Уый йын Марианæйы аххос уыди. Уæдæ йæм уый здæхгæ фæкодта, Таймæт, йæ къухтæ йæ дæллагхъуыр атъыста — ма йыл æй бакал. Уый йыл æй уæддæр басæххæтт кодта. Æмæ аныхæстысты къабайы тæрттæ риуыл.

Ныр ахастой дон уæлæсыхы чызджытæ. Æрцыдысты, сæвгæдтой æмæ ахастой, уæдæ уымæ кастаиккой!

Раздæхт йæ мыдыцъæрттæм. Иуы сæр дзы сыгом кодта, бындзахсæн æртыскæнæй дзы цалдæр бындзы æрцахста, фæлæ сæ бацъист кæна, уый йæ йæ зæрдæ нæ бахаста, афтæ-иу сæ фелхъывта æмæ-иу сæ къæхтыбынмæ æрæппæрста. Стæй йæм нал цыди бындзытæ ахсын дæр. Æрæхгæдта мыдыцъар æмæ къахвæндагыл араст сабыргай уæлæмæ. Мæнгагъуысты дуарыл куы бахæцыд, уæд ауыдта Марианæйы — Исинæйы раз лæууыд æмæ цæуылдæр худти. Худгæ та фæлтæргай худт кодта Марианæ — ахудтаид æмæ фæлæууыдаид, лæг загътаид, фæци худт, фæлæ уый кæнæ искæмæ исты сдзырдтаид, кæнæ æнæуи алæууыдаид æмæ та йæ кæл-кæл хъуамæ ссыдаид. Исаханы куы ауыдта, уæд йæ размæ иу-цалдæр къахдзæфы ракодта.

— Нæ, фæлæ дæ мыд адджын цæуылнæ у? Ай диссаг нæу— алкæмæн йæ мыд адджын, дæуæн— маст. Кæд дын мыдыбындзытæ не сты, дыдынтæ дын сты кæд.— Дзургæ-дзурын ноджы æввахсдæр балæууыди лæппумæ.—Таймæты зæрдæмæ дæр

нæ фæцыди дæ мыд.

Таймæты коймæ Исинæмæ бакасти Исахан, стæй æддæдæр алæууыди чызгæй.

— Ацу мидæмæ, лæппу дæр нырма æнæсихор у,— бадзырдта Марианæмæ Исинæ.— Хæринаг хъарм акæн, ныууазал уыдаид.— Йæхæдæг тыргъы къулмæ бацыд. Уым цалдæр урс бедрайы лæууыд дæлгоммæ фæлдæхтæй, иу дзы райста æмæ уынгмæ ахызт — хъуццытæн сæ дуцынафон æрцыд, æмæ сæ уасынæй нал æнцадысты.

Хъуццытæ дыгъд фæци, йæ иу къухы — дзаг бедра, йæ урс-урсид пух фынк йæ сæрыл бадт,— йе 'ннæ къухы йæ ныллæг бандон, афтæмæй æрбахызт кæртмæ Исинæ. Уæд рацыдысты сæрдыгон цæрæнæй Исахан æмæ Марианæ. Чызг Исинæйы раз алæууыд.

— Дæ хойæн дæр-ма бацамон, лывзæ куыд кæнын хъæуы, уый,— бахудти Марианæ,— кæннæуæд йæ лывзæйы картоф йеддæмæ дзидза нæ вæййы.

Гыццыл ма алæууыдысты Марианæ æмæ Исинæ, æмæ сæм бадзырдта Исахан.

— Æз куыроймæ цæуын.

Марианæ йæм цæхгæр фæзылди.

— Цом-ма, æз дæр бакæсон уыцы куыроймæ, кæд сызгъæринтæ ыссы, мыййаг.

— Цом.

Уынджы гыццыл куы бауадысты, уæд Марианæ йæ къух лæппуйы дæларм акодта, йæ цæстытæм ын скасти.

— Мæ ингæны ныккæсæд, раст чи нæ зæгъа: дæ зæрдæмæ нæ цæуы Таймæт?

Исахан фæлæууыд йæ цæуынæй. Фæлæууыд Марианæ йæхæдæг дæр. Афтæ алæууыдысты, стæй загъта Исахан:

— Цæуы, тынг цæуы.

— Уæд та йæ фæчындз кæниккам?

— Куыд æй фæчындз кæндзынæ?!

— Куыд вæййы, афтæ.

— Куы ницы дын дзы рауайа, уымæй нæ тæрсыс?

— Нæ тæрсын. Цæмæн хъуамæ тæрсон?

— Æгæр рæсугъд у.

— Мах дæр рæсугъд хъæуы. Фыдуындæй цы аразæм!— Марианæ размæ ахæцыд лæппуйыл. Уый æнæбары айста йæ къæхтæ. — Уæдæ ма дзы мацы рауайæд, æз ын йæ дзыккутæ йæ армы авæрдзынæн.

3.

Бон йæ тынгыл уыд. Исахан кæрты астæу алæууыд, стæй аздæхт æмæ цæхæрадонмæ ахызт. Уым, скъæты фæстæ цы арф хæмпæлтæ уыд, уыдоны балæгæрста, цалдæр армыдзаджы мæнтæджы хус къокъосатæ ратыдта, иуты дзы йæ хæдоны уæхсчытыл фæхæцын кодта, иннæты йæ хæлафы уæрджытæ æмæ æрбадæнтыл, уый фæстæ ралæгæрста хæмпæлтæй æмæ кæртмæ рахызт. Уым йæ дзыппæй тамакоты къопп систа, даргъ къопп, æддагбæстаг къопп, иу дзы сдымдта æмæ фæздæгкалгæ рацыди уынгмæ.

Уынджы бæрæг астæуты æрбацæйцыдысты хъæуыбинаг лæппутæ Бигана æмæ Дзылыкъо. Йе 'цæг ном æндæр цыдæр хуынди Дзылыкъойæн, фæлæ йын æй Исахан нæ зыдта — иууылдæр æй Дзылыкъо хуыдтой æмæ.

Исахан лæууыд сæ ахизæны æмæ фæздæг калдта. Лæппутæ йæм æрбараст сты, йæ къух ын райстой. Бигана йыл йæ цæстытæ æрхаста, йæ уæхскæй йын мæнтæджы къокъоса райста. Æркасти йæм.

— Де 'хсæвдзæуæн дарæс-иу раив, гъей, мæнæ лæг! Стæй-иу сæ дæ уæлæ рахæсс пыхсæй-хæмпæлæй.

— Мæ хо хæдзары нæ фæци, æмæ кæм агуырдтаин æндæр дарæс. Искуы ма дзы ис, æркæс-ма мæм,— йæ чъылдым аздæхта Биганамæ Исахан. Бигана мæнтæджы къокъосатæ рауыгъта, зæхмæ сæ аппæрста.

— Мах дæумæ цыдыстæм,— ныхас йæхимæ айста Дзылыкъо.—Цом махимæ, нæ хæдзары саджыфыд ис æмæ дзы фæйнæ физонæджы бахæрæм.

— Саджыфыд?— бадис кодта Исахан.— Æмæ уæм кæцæй æрцыд саджыфыд?

Бигана бахудти.

— Раст сын уалæ, цал саджы сты, уал хъаггæнæджы кæм и, уыцы тæккæ ранæй. Сæ фындзыбын сын æй афæлдæхта. Хыртт-мыртт нæй амæ.

— Хъæбæртæ бафтыдысты мæ фæдыл. Фæлæ мæнæн уыдоны акуырм кæнын цы хъæуы! Мæхи фаллаг æрхмæ фехстон, уым дыууæ гæрахы фæкодтон. Уыдон уыцырдæм фесты. Фездæхтæн, ранцадтæн сагыл æмæ йæ сыфцæй доныбыл балæууын кодтон — афæдздзыд стуры йас уыди раст.

— Нæ, æмæ стыр уыди, уый тыххæй йæм алкæй нæ хонæм,— бахудти Бигана.

— Цæхæрадоны арт скæндзыстæм, бæлæсты бын фынг авæр-

дзыстæм...

Исахан йæ сæр ныттылдта.

— Мæ комыкъулты дон акалди уæ ныхæстæм. Фæлæ мын гæнæн нæй — чидæр мæм æрбацæуинаг у. Ахсæв нæ цыдæр хъуыддаг ис иу ран, æмæ нæ аныхас кæнын хъæуы. Æндæра ныр сымахимæ ацу!— йе взагæй йæ комарынг ныкъкъæрцц кодта Исахан, стæй тамако йæ дзыхмæ схаста æмæ йæ тынг спъæрттытæ кодта.— Саджыфыдæй физонæг хуыздæр у, æмæ ма уæм цы бахатон, æндæра уæртæ махмæ цæхджын куырыфыд — хæрх. Айразмæ йæ уалæ Бургомæй æртардтам. Æнæхъæн цæхгæрыдзаг дзы ныццæхджын кодтон. Уадз æмæ цæхджын фыд уа хæдзары. Холлаг æвæрын ын куы нæ хъæуы!

Лæппутæ бахудтысты — Исаханы фæстаг ныхас сæм хорз фæкаст. Бигана йын худгæ-худын йæ уæхскмæ бавнæлдта, цыдæр къæмдзыг дзы райста.

— Ныр дæ куырой не 'рымысыс?

Исахан йæ цæстытæ æрцъынд кодта, ауыдта — куыройы цалх зилы, зыррытт кæны, доны æртæхтæ рыг фестадысты, афтæмæй зилынц зилдухæй йæ алфамблай. Æмæ арф ныуулæфыд. Уый фæстæ загъта æнæмæт лæджы хъæлæсæй:

— Алæ, æрæмысын æй, йед æй кæнын: лæг иу æхсæв цы пайда æрбахæссы йæ хæдзармæ, уый дзы афæдзæй-афæдзмæ нæ хастон.

— Тынг дис дыл кодтам мах иууылдæр,— дзургæ-дзурын ын йæ фæздæгкалгæ къухмæ æркасти Бигана.— Фæлæуу-ма, æмæ тамако дымын та кæд райдыдтай, дæ фæздæг дæ сæрмæ хъен куы ныллæууыд.

— Райдыдтон,— йæ тамакойыл уæлæмæ схæцыд Исахан.— Æхсæвыгон лæг исты хъуыддаджы фæдыл куы ацæуы, уæд хи аирхæфсынæн æвзæр нæу. Хорз у.

— Алæ-ма, цы хуызæн тамакотæ дымыс?

Исахан тамакоты къопп систа, бадардта йæ Биганамæ.

Бигана йæ айста, æркæстытæ йæм кодта.

— Уоу, дæ бонæй уай! Мæнæ цытæ дымы, мæнæ!— иу дзы Дзылыкъомæ авæрдта, иу дзы йæхи дзыхы акодта.— Махæн дæр кæд нæ гуыбынтæ нæ фæриссын кæниккой!

— Цом уæдæ. — Сæ тамакотæ куы ссыгътой, уæд базмæлыд Дзылыкъо.— Куыд кæсын, афтæмæй, амæй махæн ницы пайда и.

— Цом. Фæлæ а куырыфыдмæ дæр иу æвдæлон бон зындзыстæм. Зон æй,— Исаханы дысыл рахæцыд Бигана.— Æз уарзын цæхджын куырыфыд.

Лæппутæ ацыдысты. Исахан сæ фæдыл æнкъардæй каст.

Тамакойы сæг йæ хъæлæсы ныббадт, йæ ком дзы смаст и æмæ ату-ату кодта. Касти лæппуты фæстæ æмæ иу хъуыды фæзынд йæ сæры — ныр райсом кæнæ иннæбон ам куы ’рбалæууой, уæд сын кæцæй æрхæсдзæни цæхджын куырыфыд? Йæ худ систа, йæ сæры астæу аныхта. Уæдæмæ искуы стурыфыд алхæна æмæ йыл цæхх аскъæра. Фæлæуу æмæ йæ нæ ныцъцъиуцъиу кæндзысты — Исахан дзидза æлхæдта, æмæ нæ айхъуысдзæн фæйнæрдæм? Нæ, æлхæнæн нæй.

Йæ уæзбын къахдзæфтæй мæзджытырдæм араст — уым та лæппутæй исчитæ уыдзæн , мæзджыты фæзы, æмæ дзы уый дæр разына.

Мæзджыты базилæны Муртыкты раз адæм дыууæрдæм кодтой. Мидæгæй — кæртæй хъуысти хъазты хъæр. Исахан сæм баздæхт, кæмæндæрты сæ сæ къухтæ райста. Афæрстытæ сæ кодта. Æмæ, дам, Нохаджыр, Муртыккæн йæ астæуккаг лæппу, ахæстоны уыди, ныр æй рауагътой æмæ, дам, сæм куывд и. Исаханы мидæмæ акодтой, кæртмæ. Хъазты астæу йе ’рттиваг туфлитæй иу иннæйы зæвæтмæ æвæрдта, афтæмæй размæфæстæмæ кодта Муссæ, дæлæ Хъиладзанты Муссæ. Йæ къухтæ дæр æмызмæлд кодтой йæ къæхтау, æмæ-иу йæ урс хæдоны уæгъд дыстæ урс тырысатау пæр-пæргæнгæ стахтысты йæ сæрмæ, йæ разæй та кæд кафыд Таймæт! Æмæ та-иу дзы Муссæ йæ алыварс зилдух-зилахаргæнгæ куы баразæй, æмæ-иу чызджы раз куы райдыдта йæ зæнгтæ дзуарса æвæрдтытæ кæнын æмæ хæрдмæ хауын, уæд та-иу Таймæт йæ цæнгтыл йæхимæ æрбахæцыд æмæ-иу йæ мидбынат зилын райдыдта æмæ-иу цъил фестад, зырнæйзылд цъил.

Исахан хъазты кæрон æрлæууыд. Марианæ йæм уырдæм æрбауад кæцæйдæр, йæ дæларм ын йæ къух фæцавта, йæхи йыл бакъул кодта.

— Ды дæр-ма ракаф, Иса!

— Æмæ ма дын куыд ракафон Муссæйы фæстæ? Æндæр искæй фæстæ ма, чи зоны, ракафыдаин.— Стæй йæ сæр æркъул кодта чызгмæ æмæ йæм мынæг хъæлæсæй бадзырдта:— Ноджы Таймæт дæр куы ракафыд!

Уыцы рæстæджы та Муссæ йæхи фехста Таймæты размæ æмæ та йæ къæхтæ зæххыл нал хæцыдысты, йæ хæдоны дыстæ дæр та тырысатæ фестадысты — урс, тæлфаг, пæр-пæргæнаг тырысатæ. Æмæ та Таймæт дæр æрзылди йæ мидбынат— йæ цæстытæ зæхмæ уагъд, йæ пух былтæ кæрæдзийæ зына-нæзына фæхицæн сты — хъæлдзæг хицæн, тавицы хицæн, æмæ йæ зæрдæ ныккæрзыдта Исаханæн. Уæдмæ зилгæ-зилын ауыдта

Исаханы Муссæ, уыцырдæм бакафыд, йæ цонгмæ йын фæлæбурдта æмæ йæ хъазты астæумæ раппæрста. Йæхæдæг æрлæууыд хъазты кæрон, тыхулæфт кодта æмæ-иу йæ худгæ-райгæ цæсгом куы кæмæ фæдардта, куы — кæмæ.

Исахан лæугæйæ аззад — цы ми бакæна! Кафа æмæ куыд кафа! Скъолайы бæргæ цыди кафджытæм, фæлæ скъола куы фæци, уæдæй цал азы рацыди ныр æмæ хъазты къæсæрæй никуы бакасти. Стæй-ма йæ æнæуи искæимæ куы кафын кæниккой, фæлæ —Таймæтимæ!

Таймæт дæр фæлæууыд, цыма фæндыры цагъд æмæ æмдзæгъдæй фæиппæрд, уый хуызæн, иу каст фæкодта Исаханмæ, стæй йæ цæнгтæ айтыгъта, йæ сæр бæрзонд систа æмæ азылди хъазты зилаччы кæрæтты.

Æмæ фестъæлфыди йæ зæрдæ Исаханæн уыцы азылдæй. Йæ галиу къухы пырх арм йæ риуыл фæфæлдæхта, йæ рахиз къух айтынг кодта, уымæн дæр йе 'нгуылдзтæ растæй аззадысты, афтæмæй асирдта чызджы фæстæ. Иу зылд куы æркодта хъазты зилаккыл, уæд иннæрдæм фездæхт йæ размæ бакафа чызгæн, æмæ раст уæд ацахста йæ хъуыды: скъолайы кафджытæм куы цыди, уæд-иу ацы цагъдмæ уæрджытыл куы зылди, мæнæ ныр цы цагъдмæ кафынц Таймæтимæ, уыцы цагъдмæ. Цымæ ныр нал базонид уæрджытыл зилын?! Цымæ ахæм хъазты æмбæлы уæрджытыл зилын? Уыцы цæстыфæныкъуылд ауыдта — уæртæ йæ размæ æрбакафы Таймæт уыцы гуырвидауц, уыцы рæсугъдæй æмæ йæ дыууæ къухы дæр хъилæй аззадысты, афтæмæй йæ уæрджытæ зæхмæ ахаста. Æххæст нæма ныххæццæ сты уæрджытæ зæхмæ, афтæ ныззылди Исахан æмæ зилгæ-зилгæ йæхи ахаста чызджы фæрсты.

Таймæт йæ цæстытигъæй ауыдта — лæппу йæ уæрджытæ зæххы ацавта, фæцæй та лæууыди: цы кодта, цы йыл æрцыд?! Уый цæмæй хæйрæг уыди æмæ Исахан — сабыр, уæзбын Исахан ахæм зылдтытæ кæндзæн! Йæ уадултæ сырх кæнын куыд райдыдтой, уый бамбæрста, æмæ, фыццаг йæ мидбынат æрзылди, стæй йæ цæнгтыл ахæцыд æмæ æддиæутты асирдта, цыма адæмы цæстæй аирвæзынмæ хъавыди.

Фæндыр ивæзти æмæ ивæзти. Йæ фидар æнæрæдыд хъæлæстæ кæрæдзийы ивтой æмæ ивтой, къæрцц-æмдзæгъдимæ сиу сты æмæ удыл базыртæ сагътой. Æмæ зылди Исахан Таймæты фæрсты — иу зылдæй иннæ рогдæр, иу зылдæй иннæ фидардæр, æмæ йæм лæппуйæ-чызгæй кæсгæйæ баззадысты.

Кафт фесты. Исахан Таймæты раз уырдыг алæууыд, йæ сæрæй йын акуывта æмæ иуварс ахызти. Марианæ та йæм баз-

гъордта, йæ цæстытæ сæ фæлгæтты нал цыдысты.

— Уæ, бындары лæппу фæуай, кæд цы кæфтытæ зоныс! Ды Муссæйæ загътай, фæлæ ма кæд дæ фæстæ исчи бауæнда кафын!

Æмæ æцæг ничиуал кафыд. Исахан йæ уæрджыты рыгтæ ацагъта æмæ лæпputæй кæимæдæрты уынгмæ ахызт. Ныхасгæнгæ мæзджыты фæзмæ байстой сæхи. Тымбыл æрлæууыдысты, цыма хъазт арæзтой уым дæр, афтæ. Исаханы кой кодтой, æппæлыдысты йын йæ кафтæй. Уæртæ рынчындоны æхсæвгæс чи у, зылынфындз Зырапп, уый та афтæ загъта:

— Гъеныр дыууæ лæджы федтон уæрджытыл зилгæ: иухатт нæм горæтæй куы æрцыдысты кафджытæ, уæд уыдонæй дæр иу куы зылди йæ уæрджытыл. Æмæ, мæнæ — дæу.— Йæ цæстытæ ахаста лæппуты цæсгæмттыл, цыма кæцытæ сты, уый бадарын уыд йæ зæрдыл, æмæ ма бафтыдта йæ ныхасыл:— Уæрджытыл зилын сымахмæ къæхтыл зилыны хуызæн ма кæсæд. Уæрджытыл зилынæй зындæр æппындæр ницы и, кæд мæ фæрсут, уæд.

Æмæ йæм уыдон дæр сæ сæртæ æнкъуыстой, æмбарæм æй, ома, уыйбæрц æнæмбаргæ не стæм мах дæр, ма тæрс.

Ноджы дæр ма акодтой хъазты кой. Æмæ Гибыцо чи у, Муртыкты уынджы кæрон зæронд даргъ хæдзары чи цæры, уыдоны лæппу, уый йæ цæнгтæ йæ сæрмæ тынг ныхъхъил кодта — цыдæр хъæддаг цæрæгойы сыкъаты хуызæн уыдысты йæ цæнгтæ — æмæ ныуулæфтытæ кодта:

— Уæдæ Таймæт дæр цы чызг сси! Ехх, Таймæт, Таймæт!

Исахан тыхсти — Муссæ нæ рацыд семæ, уым баззад Муртыкты кæрты, æмæ та-иу йæ уæхсчы сæрты акаст Муртыктырдæм. Ноджы Таймæт дæр нæ рацыди æмæ. Уым сты нырма Таймæт дæр æмæ Марианæ дæр.

Уæдмæ лæппутæ се’ннæ ныхæстæм рахызтысты — дысон сæ чи кæм уыди, æндæрæхсæв сæ чи цы ми кодта. Иу афон, хъæды астæу лæгуын куыд фæзына, афтæ фæзынд лæгуын сæ ныхæсты астæу, æмæ Тæджи мæсты ту ныккодта.

— Мæ игæр быны сыгъд баци мæстæй ныр дыууæ боны дæргъы. Афтæмæй мыл ныцъцъæх сты, ракаф, дам, мæнæйуый. Уæд уын куыд ракафон! Мæнæн мæ зæрдæйы куывд нæй, хист и мæ зæрдæйы мæнæн!— йæ къухтæ ныттылдта Тæджи. Æмæ сæ æгæр ныттылдта. Æнæуи дæр роггомау уыди Тæджи, сæртæггомау. Сомытæ кæнынмæ дæр-иу æгæр фæци, æмæ — æлгъитынмæ дæр. Йæ ныхæстыл дæр ын мæнæ-мæнæ ничи æууæндыд лæппутæй.

Уæддæр æм аздæхтой се ’нгас — цы йыл æрцыд, цæуыл

басыгъд йæ игæр?

— Мæ цæттæ бæх мæ къухæй асыффытт ласта!— Тæджи фæлæууыд йæ ныхасæй. Ныр æй уадз æмæ исчи бафæрса: куыд асыффытт ласта йæ цæттæ бæх йæ къухæй? Кæннæуæд афтæ уайы, цыма сын уæлдай нæу, радзура сын æй æви сын æй ма радзура. Алæууыди Тæджи, алæууыди — нæй, ничи йæ бафарста. Æмæ ма, чи зоны, алæууыдаид ноджы гыццыл, фæлæ ай æппæт лæппутæм дзуринагæй фылдæр цы и! Æмæ сæ исчи куы райдайа дзурын, уæд ын афтæ зæгъдзынæ, ды уал фæлæуу, æз мæнæ, исчи мæ кæд афæрсид, уымæ кастæн? — Йæ идоны бос ын мæ цонджыхъулыл æртыхтон,— зыдтон æй — фынæй кæндзынæн, уый размæ дыууæ æхсæвы цъынды хъæстæ нæ фæдæн... Уый уыцы дзæбæх сæпп кодта мæ фарсмæ, цалынмæ нæ афынæй дæн, уæдмæ. Фæлæ йæ базыдта — афынæй дæн.— Бæх хин æмæ кæлæн у— йæхиуыл иуварс ахæцыд æмæ идоны бос айхæлд. Бæх дæр бæхы хуызæн куы уыдаид! Йæ мины раз ницы лæууыди. Йæ цæстытæм ын мæ къух бахастаин, минæй къаддæр мын чи ской кодтаид, уымæн. Æмæ афардæг, мин ахауди мæ дзыппæй, æнæхъæн мин! Кæд мæ дамбаца нæ систон, зæгъын æй мæ тæккæ риуыл ныххуырсон, уæд мæ ингæны æвæрд фæуæд мæ дамбаца. Уæдæ кæдæм фынæй кодтон, мæрдфынæй бауон — уымæй дæр бæхы рагъыл! Уыцы иу сахат нал фæрæзтон?!

Исахан æй исдуг афæрсынмæ хъавыд, бæх йæ къухы кæм бафтыд, уымæй, стæй цæхгæр ныззылд иннæрдæм — уæдæмæ та уый дæр радзура исты, йæхæдæг Исахан. Фæлæ цы? Цы та æрымыса? Йæ бынаты базмæлыд — уадз бамбарой, цыдæр дзурынмæ хъавы æмæ, уал иннæтæй алчи йæхицæн бада.

— Уæдæ мæнæн хуыздæр рауади мæ хъуыддаг,— ноджыдæр та базмæлыд йæ бынаты Исахан.— Ибон, тыхджын къæвда куы ’рцыди, уымæн йæ дыккаг бон Лæнчыхъæумæ бафтыдтæн. Фæцæуын дын æмæ дын хъæугæрон иу æрдæгарæзт хæдзары цур иу бæгъæввад лæппу дыууæ дыгæрдыджы хизы. Ныр дыгæрдгуытæм бакæс, æмæ — фæрдгуытæ никуы федтай! Уыцы æмхуызæттæ — саутæ æмæ къуыбырсытæ. Æнæуи — хæрзхаст, хæрззылд. Иу ныхасæй — мæ уд сæ баззад.— Фæлæууыд Исахан. Лæнчыхъæуы æцæг уыд, дыгæрдгуытæ дæр дзы æцæг федта. Фæлæ ууыл фæци хъуыддаг. Æмæ ныр æрымысын хъуыд исты. Фæлæ цы? Фæлæ куыд?

Уæдмæ уал йæ дзыппæй тамакоты къопп систа, лæппутæм æй иугай бадардта, уыдонæй дзы чи айста, чи — нæ. Уый фæстæ дзы йæхæдæг дæр иу сдымдта, схуыфтытæ кодта.

— Ныр багъæц. Хъуыды кæнын: адон æхсæв дæр ам ма дарой, ацы дыгæрдгуыты, уый гæнæн нæй. Уæдæ хæдзар ам аразынц æмæ скъæт та æндæр искуы араздзысты?! Дысон æхсæвæрыл куы æрбадтыстæм, уæд сæм мæ зæрдæ ма ахсайа! Гъæтт, зæгъын, мæнæйуый, лæг ма фæхуыйн, ды хъарм уат куы бацагурай! Фестадтæн фынгæй, мæ бæхыл саргъ авæрдтон.

— Уыцы афон?— афарста йæ кæстæр лæппутæй чидæр.

— Ай, нæ хъусут амæ — уыцы афон, дам! Уæдæ мæ бон сихорафон цæуын кæныс хуыснæджы? Худæджы ныхæстæ фæкæнут бынтондæр, хуыцауыстæн. Æмбисæхсæв уыдаид, афтæ æрхызтæн æрдæгаразт хæдзары раз. Æрмифицаугæйæ бацыдтæн мидæмæ, æмæ мæнæ тæккæ бахизæны хуыссынц фæрсæй-фæрстæм. Уырдæм сын синаг абастон сæ хъуыртыл, фæндагыл фæйнæрдæм куыд нæ хæцыдаиккой, афтæ. Мæ разæй сæ ракодтон, æмæ мыл куыдз дæр не сræйдта, афтæмæй сæ æрмидæг кодтон. Цин дын фенон, уыдонæй лæувæздон хъуццытæ куыд рауайа!

— Æмæ дæм бæх куы нæ уыд,— баппæрста йæм йæ ныхас Гибыцо.

Исахан йæ къух йæ дзыхы акодта — æгæр адзæгъæл! Фæлæ гæнæн нал уыд:

— Нæ мæм уыд æмæ балхæдтон. Хорз бæх балхæдтон, тыхджын хорз бæх. Уæдæ ацы куыстыты æнæ бæх лæг æнæ цонг лæгæй уæлдай нæу.

Исахан дзырд фæци æмæ та акаст Муртыктырдæм. Ацы Муссæ... Хъазтмæ йæ кæй баппæрста, уый хорз уыд — хорз уыд, Таймæтимæ кæй акафыд, уый. Стæй уадз æмæ айхъуыса — кафын дæр зоны! Фæлæ æгæр сномдзыд и Муссæ. Уый чызгыл сдзура, æмæ ма фæстæмæ дæр фæкæса чызг! Марианæйы ма куы федтаид. Уæд та уыдоныл акæнид йæ фæндаг? Фæлæ кæд нæма ацыди сæхимæ? Æмæ уæд Таймæт дæр нæма ацыдаид.

Иуварс ралæууыд, арвыл йæ цæст ахаста.

— Замманайы æхсæв уыдзæн, лæппутæ, фæлæ уæ ахсæв исты хъуыддаг кæй ис, уый развæлгъау афынæй кæнæд. Æз дæр цæуын,— стæй араст и. Мæзджыты фæзы дæллаг кæронæй стыр уынгмæ цы хид уыд, уымæ нæма ныххæццæ, афтæ йæм фæсте чидæр фæдзырдта:

— Фæлæуу-ма, о Исахан!

Исахан æрлæууыд, фæстæмæ ракаст — уæртæ Бугъи. Гъæйттæй цæуы йæ фæстæ, фæлæ цыбыркъах лæппу у æмæ йын ницы æнтысы.

— Цы мæ кæныс, Бугъи?— куы йæм æрбахæццæ и, уæд æй

бафарста Исахан. Цыма йыл бустæ бакодта, афтæ рауади йæ фарст, æмæ ма йæ ноджыдæр афарста:— Ацырдæм цæуыс?

— Ацырдæм нæ цæуын,— йæ разы æрлæууыди Бугъи,— мæнæ дæу онг цæуын, дæ фæдыл рацыдтæн мæнæ.

Бугъи æрлæууыд, лæууыд Исахан дæр.

— Ды нæм маст хæссыс, уый зонæм мах, дæ уазджыты дын ницы дзуаппимæ рарвыстам æмæ. Фæлæ хъуыддаг иууыл мах аххос ма кæн — дæхимæ дæр дзы дзæбæх хауы аххосæй. Зæгъгæ та йæ куыд кодтаиккам, нæ чызджы куыройгæсæн радтам, уый?! Æмæ ма нæ уый фæстæ исчи йæ фынгмæ бауагътаид!

Бугъи фæлæууыд — æгæр бæгъгъæтт рауади йæ ныхас. Уæд æрурæдтай лæппуйы æмæ уал æй истæмæйты афæрс, стæй ам уыдаид, лидзгæ никуыдæм кодта. Бакаст Исаханмæ — хионы худт æм бакæнид? Фæлæ йæм не 'рцыди худын æмæ нæ бахудти.— Ай дæ конд — конд, дæ уынд — уынд æмæ цы куырой мондаг фæдæ?! Цы ныккæс-ныккæс кæныс уыцы бындзытæм?! Уæртæ дæ иу ракафты йаргъ куы не сты бындзæй дæр æмæ куыройæ дæр. Афтæ рацу адæмы 'хсæнмæ æмæ дæ феной адæм. Хæргæ мыст дæр кæны, фæлæ уæддæр мыст у!

Нæй, нæ рауади йæ ныхас,— цыма хылкъахæн кодта. Уæдæмæ йæ балхынцъ кæна æмæ дзы фервæза!

— Ацы ныхæстæ дын уымæн фæкодтон, æмæ уын, Коцоратæ, ныр фæндаг ис Тохонатæм.

Исахан лæугæйæ баззад. Йæ лæджыгъæд сæм байхъуыст — йæ куырой ныууагъта, йæ бындзыты æмгæрон нал цæуы, æхсæв хæдзары нал бон кæны, æмæ бонрæфты йæ хæдон æмæ йæ хæлафæй къæмдзыг æмæ хæмпæлы сыфæй ницы фæзыны, афтæмæй уартæ Мæзджыты фæзы лæппутимæ тамако пъæртт кæны!

Бугъи азылд, æвæццæгæн, йæ зæрды ацæуын уыд, æмæ ма æрдæгзылдæй бафтыдта йæ ныхасмæ:

— Афтæ 'нхъæл ма у æмæ ацы ныхас мæхи номæй кæнын. Дæ кой нæм куы нæ уыдаид, уæд æз мæ бынаты бадын хорз зонын.

Исахан та йæм уæддæр ницы сдзырдта æмæ ма афæстиат и Бугъи. Æмæ лæууыдысты — Исахан бæрзонд, æлвæст. Бугъи — ныллæгдæр, фæлæ чысыл бæзджындæр Исаханæй. Гуырæй хорз уыди бæргæ, фæлæ уыцы цыбыркъах кæцæй рахаста, куыд рахаста!

— Æнхъæлмæ уæм кæсæм, уæдæ,— загъта ма иу хатт Бугъи, стæй бынтондæр азылд æмæ донбылты уæлæмæ ацыд.

Исахан лæууыд æмæ Бугъийы фæстæ каст.

Сæ уазджыты номыл сын уæларынг дæр нæ балæууыдысты,

уазал къæбæртыл сæ æрбадын кодтой. Хъылцо кодта уыцы хабæрттæ мæстæлгъæдæй, Исинæйы æфсымæр. Се 'рвадæлты лæг, дам-иу фынг куы ныххоста тымбыл къухæй. Уæ цæсгом та, дам, куыд æрбахъæцыди, агъæца?! Цæуыл, дам, йæ зæрдæ дары, чи, дам, уæ рарвыста, уый?! Цал æхсæвы, дам, сбадти йæ бæхыл æмæ, дам, цал пайдайы æрхаста йæ хæдзармæ?! Цал æмбалы, дам, бакодта йæ фæдыл цæлгæнæнмæ?! Æмæ, дам, уын уæртæ мæзджыты фæзы куы никуы æрлæууыд йе 'мбæлттимæ! Æмæ цы нæ диссæгтæ калдта йæ хъæлæсæй! Уым, дам, йæ куыройы адæмы мæгуыр устыты бызгъуыр сомтæ куы æрбамбырд кæны, æмæ, дам, сæ йæ дзыппы куы атъыссы, уæд, дам, афтæ фенхъæлы, æвæццæгæн, ныр мæнæй лæгдæр нал и.

Иу ус сау гогызты дзуг æрбацæйскъæрдта, хъæурæбынæй хиды комкоммæ цы уынг радаргъ и, ууыл æмæ сын цыдæртæ дзырдта, бустæ сын кодта, цыма гогызтæ нæ, фæлæ йæ файнустытæ уыдысты:

— Гъомæ, уырдæм цæмæ бахæццæ вæййут, уырдæм, уартæ Уосиаты доныбылмæ? Стыр Хуыцау, ды лæгæн мацы кæн — уырдыгæй ардæм уыцы дзæбæх хизæнтæ. Адон дугъ-дугъ æмæ та уыцы ран бамидæг вæййынц.

Ус-иу йæ ныхæстæй куы фæлæууыд, уæд та-иу гогызтæ æмдзыхæй ныккодтой:

— Хъуртт, хъуртт, хъуртт!

— Хъуртт, хъуртт, нæ фæлæ уын макæ зæгъын. Кæннæуæд, абоныстæн, афтæ бакæндзынæн æмæ уæ фæдыл нал акæсдзынæн æмæ уæ æгъуым рувæстæ ныххæрдзысты.

— Хъуртт, хъуртт, хъуртт!

— Уый уын хъуртт, хъуртт æмæ æндæр исты.

Гогызтæ Исаханы фæрсты ахызтысты. Ус æрæджиау ауыдта Исаханы, æрцæй йæм лæууыд, йæ къухы цы даргъ уис уыд, уый дæр æруагъта зæхмæ, фæлæ, æвæццæгæн, йæ лæудтытæ нæ фæцыдысты йæ зæрдæмæ — уæдæ цы ныллæууыд илцыхай исæгау хидыхъус тæккæ дыууæизæрастæу!— æмæ йæ иувæрсты афардæг.

Исахан лæууыд æмæ йæ, ацæуа, уый нæ фæндыди æмæ дис кодта— куыд нæ йæ фæнды?! Ныронг-иу уынджы искæимæ куы æрлæууыди, уæддæр-иу уайтагъд йæхиуыл ахæц-ахæц байдыдта. Уæд æм ныр цы рауад! Кæд уыцы ныхæсты тыххæй, Бугъи йын цы ныхæстæ фæкодта, уыдоны тыххæй? Ам ын сæ фæкодта 'мæ.

Доны фаллаг фарсæй иу хъуг æрбауасыд Исаханы'рдæм. Уый фæстæ ранцад æмæ ралæгæрста доны. Йæ астæумæ куы

’рбахæццæ донæн, уæд æрлæууыд æмæ уырдыгæй райдыдта уасын — йæ сæрыл-иу схæцыд, йæ хурхы уадындзтæ куыд араст уой, афтæ, æмæ-иу хъæрæй ныууасыд. Даргъ-иу ауагъта йæ уаст, стæй та-иу йæ дынджыр сæр ныттылдта.

Исахан æм сæццæ каст кодта.

4.

Æмбисæхсæвæй ахызт, уæддæр ма Коцораты рухс æддæмæ бырста. Æмæ куыд нæ бырстаид рухс дæр æддæмæ — ахæм хорз хабар сæм æрхастой сæ уазджытæ!

Исинæ сыл тайгæ ’мæ ’руайгæ кодта, сæхи къухæй хæрын сæ нæ уагъта. Йе’фсымæр нал акуымдта Исинæйæн, Хъылцо, мæнæн, дам, иухатт батъæпп кодтой цъыф мæ рихитыл Тохонатæ мæ, дам, мын æгъгъæд фæуæд. Æмæ уæд Берды арвыстой, сæхи æрвадæлты лæджы. Æмæ ныхасæй нал æфсæсти Берд. Æнæуи афтæ дзураг нæу. Фæлæ иуæй сыкъадзæф уыд, иннæмæй сæ цыд афтæ хорз рауад, æмæ йæ уый разæнгард кодта кувынмæ дæр, дзурынмæ дæр. Нуазгæ дæр-иу акодта.

— Нæ мысайнагмæ нын къухбакæнæнтæ агуырдтой,— йæ тæнæг былтæ тынг рацъупп кодта Берд,— уе ’хца, дам, фылдæр-хъуаг у. Гæр, уый хуызæн амалджын лæппу, дам, у, æмæ, дам, афтау дæ мысаны æхцатæм! Æз дæр дын сыл ма скъæрццытæ кæнон. Фæлæуут-ма, зæгъын, æмæ, зæгъын, мысан хъæздыджы хос у?! Мысан, зæгъын, цы амоны æмæ цæй фæдыл вæййы, уый уæ рох фæци? Уæдæ, зæгъын, Хуыцауæн хъыг цы уа, уыцы ныхæстæ цæ-мæн кæнут! Æццæй дæ дзæбæх фыдыстæн, афтæ сын нæ загътон?— Ердимæ акъул и Берд, йæ цонгмæ дæр ын бавнæлдта.

— Загътай сын, куыд нæ сын загътай,— сразы и йемæ Ерди.

— Æмæ ма сæ сыбыртт исчи скодта?

— Нæ, ничиуал сæ ницы загъта.

— Уæдæ ма исты загътаикккой, хуыцауыстæн, æз сын... фæлæ ницыуал загътой æмæ. Нæ къухтæ кæрæдзимæ радтам. Лæугæйæ фæйнæ банызтам æмæ сфидар кодтам нæ фидыд. Афтæ йæ сфидар кодтам æмæ дын æй куыд зæгъон.

— Гъæ, уас уæ Хуыцау сараза, сыгъдæг Хуыцау!— хъæрæй загъта Исинæ.— Кæд ма махæй дæр змæлæг уа, уæд уын ацы хъуыддаг нæ зæрдыл дардзыстæм мах дæр.

Берд йæ сæр разыйы æнкъуыст кодта.

— Нæннæ, Токон, æмæ мах дæр мыггаг стæм, мыггаг. Коцорайы мыггаг æнæдæр нæу Тохонайы мыггагæй. Фæлæ чызгджын тыхджын у! Афтæ баззад фыдæлтæй æмæ мæ уый урæд-

та уæддæр. Æндæр, хуыцауыстæн...

Ерди æмæ се'ннæ 'мбал Сурем фæлмæцыдысты. Берд-иу сыкъа куы райста, уæд-иу æм се 'ргæмттæ аздæхтой — бæркады кой йæм нæма и? Фæлæ та-иу Берд æндæр исты кувыныл ахæцыд.

Исахан нæ бадын фæрæзта, нæ — лæууын. Истæй æфсæнтты-иу кæртмæ дæр ауад, уынгмæ дæр-иу ахызт, дуарыу парахат айтыгъта. Афтæ байтындздзысты ацы дуар дæр, мæнæ стыр дуар дæр. Урс-урсид дарæсы æрбакæндзысты Таймæты, æмæ кæрт ныррухс уыдзæн йæ рухсæй... Æмæ-иу йæ цин йæ хъуырмæ схæццæ Исаханæн, афтæмæй-иу баздæхт хæдзармæ.

— Æнæуи нын фынгыл æгæр дардтой нæ мысайнæгтæ, æмæ мæм уый хардзау æркаст. Æмæ сын æй сæ цæстмæ бадардтон æз дæр. Нæннæ, мæнæй дæр ницы ирвæзы. Куыд сын загътон, уый нал хъуыды кæныс?— Ердимæ та акъул и Берд, йæ цонгмæ дæр та йын бавнæлдта.

— Хъуыды йæ кæнын, куыд нæ йæ хъуыды кæнын!— Ердийы дзурын нæ фæндыд, æмæ йæ ныхас бустæйы хуызæн рауад.

— Æмæ сын афтæ нæ хъуыди?— хъæрæй йæ бафарста Берд, стæй йæм бахатыд:— Зæгъ-ма йæ, зæгъ, кæддæра сын, цы хъуыди, уый нæ загътон!

— Загътай сын, ацы мысан, дам, ныр фынгæй айсут, æндæра, дам, афтæ зыны, цыма йыл æрвæсгæ нæ кæнут.

— Хъæбæртæ раст сын загътон, нæ!— бацин кодта Берд.— Уæдæ мысайнаг у æмæ йæ фынгыл цы дарыс! Хæринаг нæу, ныуазинаг нæу, айс æй æмæ уа! Стæй йæ айстой, нæ?

— Айстой йæ, уæдæ йæ цы кодтой?

— Æниу ма йæ ма айстаиккой. Æз сын, хуыцауыстæн...

Исаханитæ хицæн уаты уыдысты иу-цалдæр чызг æмæ лæппуимæ. Фынг дæр сын уыд. Бадгæ дæр ыл акодтой. Æцæг ыл Таймæт нæ бакуымдта бадын. Стæй сын хæлгæ дæр тагъд фæкодта сæ фынг.

Лæппутæ 'мæ чызджытæй мидæгæй бирæ нал аззад — сæхи æддæмæ айстой, æмæ тыргътæй сæ хъæлдзæг ныхас хъуыст.

Таймæт æдзæмæй лæууыд. Бугъи Исаханы куы 'рбакодта ардæм, уæд æй куыд лæугæ æрбаййæфта, афтæ лæууыди ныр дæр — йæ иу къухæй сынтæджы ныхыл хæцыди, иннæ йе 'мбуар æруагъта æмæ басабыр и къух. Йе'рфгуытæ, цыма истæуыл бадис кодта, уыйау сæ бынæттæй фестъæлфыдысты, чысыл уæлдæр абадтысты æмæ уым аззадысты. Йæ цæстытæ — йæ размæ зæхмæ арæзт. Æмæ-иу йæ тæнæг къабайы риутæ æддæмæ

куы нæ рацæйцыдаиккой æмæ та-иу мидæмæ куы нæ фæцæйздæхтаиккой, уæд ма улæфгæ кæны, уый дæр зын раиртасæн уыди.

Йæхæдæг гуыбырæй бадт Исахан, зæрæдтæ куыд фæбадынц, афтæ — йæ къуырф æрмттæй иу иннæйы мидæг бакодта æмæ йæ рæмбынкъæдзтæ йæ уæрджытæм æрхаста. Бадти æмæ тыхсти.

Уæд та Марианæ куы уыдаид мидæгæй, фæлæ уый дæр рауай-бауайæн бахъуыд. Уæд дæ мадæй не сты, дæ фыдæй не сты, ныр де 'мбал чызг у, уый тыххæй хъуамæ иу ран мауал æрлæууай! Æмæ ма йæ хæстæг куы нæ уаид, Исаханы хæстæг, уæддæр — гъо!

Иуафон сæм Бугъи фæмидæг и, цом, дам, хистæртæ, дам, дæ агурынц — хистæрты цурмæ йæ нæ фæндыди, никуыдæм æй фæндыди, уæддæр ын æхсызгон уыди уыцы ныхас: ацы гуыбырæй кæдмæ бадтаид! Сыстади, араст и Бугъийы фæдыл. Уым æм дурын радтой, иу рæгъ, дам, ракæн, афтæ, дам, вæййы. Берд уæлиау бадт, Исахан æй уынгæ дæр дзæбæх нæ кодта, æмæ йæм радзырдта уырдыгæй хъæрæй:

— Тæу рæгъ-ма ныл раскъæр, ме 'фсымæр! Мæнæ Хуыцауы хæдзары бадæм æмæ кæрæдзийыл бацин кæнæм.

Уыцы иу ныхас дзы фехъуыста, æндæр дзы нæдæр ныхас фехъуыста, нæдæр дзы уынгæ искæй фæкодта. Æддæмæ куы рацыди, йæ дурын ын куы айстой æмæ, уæд ма лæугæ дæр æркодта — йе 'мбæлттæ цы фесты Бердæн, сæ сыхæгтæ Исахантæн Ерди æмæ Сурем? Йæ цæст сыл куы нæ æрхæцыди! Йæ бынатмæ куы баздæхт æмæ та диваныл куы æрбадт, уæддæр цыдæр æнæнцой уыд. Уый фæстæ фынг куы райхæлди æмæ æддæмæ куы рацыдысты иннæтимæ Ерди æмæ Сурем дæр, уæдиу бахудти, афтæ йæхицæн, йæхиуыл. Уæдæ уанцон дызæрдыг нæ уыди! Ныр дæр-иу сæм куы бакаст, уæд та-иу бахудт йæ мидбылты, æмæ-иу æм уыдон дæр бахудтысты. ома цæуылнæ худай, ахæм чызг дæ дзы фæци!

Кæркуасæнты сыстадысты уазджытæ, фæлæ та сын Исинæ сыкъатæ сæ къухты фæсагъта:

— Ныр бон у æмæ боны дзуæрттæм бакувут, табу сын уа! Хорз бон æрцæуудзæн махыл, стыр бон ныл æрцæудзæн!

Æмæ та бакуывта Берд боныдзуæрттæм дæр.

— Абонæй фæстæмæ ацы къуымтæ мах куыд сты, сымах дæр афтæ сты, ай, æмæ уæ мæнæ исчи нæ дуæртты фæцæуы æмæ нæм нæ фездæхти, мæ дзыхæй йæм нал сдзурдзынæн, фæлæ йæ зонут.

— Уымæй бузныг, Токон, уый хорз ныхас у, уый æвзæр

ныхас нæу. Фæлæ уæхи цæттæ кæнут. Дыууæ къуырийы дыууæ боны йеддæмæ нæу. Кæуылты агæпп кæндзысты, уый зонгæ дæр нæ бакæндзыстæм. Ай, райсом хуыцаубон, уый нал нымайæм, уый фæстæ иу хуыцаубон рауадздзыстæм æмæ иннæ хуыцаубон — нæ къæбæрдæттæн бон. Æмæ хъуамæ цæттæ уæм, къухбæттæн хæцъилы онг дæр нæ агурын куыд ницы хъæуа уыцы бон. Гъо, æмæ нын нæ разы кодтой, нæ — уый дын куы нæ дзырдтон. Дыууæ къуырийы, дам, цы у! Æмæ, дам, нæ хонджытæ æрвитын дæр нæ хъæуы! Фæлæ та сæ уым дæр æртасын кодтам. Афтæ сæ æртасын кодтам, æмæ хуыздæр нæ хъæуы. Æццæй, æвзæр сæ æртасын кодтам?— Ацы хатт кæй фарста Ерди æмæ Суремæй, уый не сбæрæг и æмæ йæм сæ ничи ницы сдзырдта. Æмæ та уæд йæхæдæг загъта Берд:— Кусæрттагæй уа, хойрагæй уа — алцæмæй дæр хъуамæ цæттæ уæм, алцæмæй. Мæнæ уазджытæ не сты, уыдонæй дæр хъуамæ алчи йæ бынат зона развæлгъау.

Æмæ та ныггуыпп-гуыпп кодта Исаханы зæрдæ, кæртмæ ахизын дæр та йæ æрфæндыд — уым азилид, кæрты къуымты. Фæлæ уазджытæ цæуыны къахыл лæуд сты æмæ ма сæ афтæмæй куыд ныууадза, лæугæйæ! Æндæр дзы кæмдæр тамакотæ дæр ис — мæзджыты фæзæй-иу куы ’рбаздæхт, уæд-иу сæ уым баппæрста æмæ дзы иу сдымид, ахуыр, мыййаг, не сси тамакойыл, фæлæ афтæ æнæуи, йæ фырцинæй. Йæ фырхъалæй. Уынгмæ дæр та акæсид, дуар дæр та байтындзид.

Æппынæрджиау ацыдысты уазджытæ, мад йæ уатмæ бахызт, хо фынг æфснайыныл бафтыдта йæхи. Исахан тамакоты къопп ссардта, иу дзы сдымдта, æмæ фæздæгкалгæ рацу-бацу кодта кæрты къуымты. Йæ зæрдыл æрбалæууыд Марианæ. Уæд æй, Бугъи йæ фæстæ цы изæр рацыди мæзджыты фæзæй, уыцы изæр ам æрбаййæфта. Йæ рæзтыл цыдæр зæронд къаба абаста æмæ хъуццытæ дыгъта Исинæйы бæсты. Исаханы куы федта, уæд худынмæ фæци — йæ кæл-кæлæй нал æнцад, стæй фæлæууыд æмæ тагъд-тагъд адзырдта — æвæццæгæн, йæ худын бирæ бауромдзæн, ууыл йæ зæрдæ нæ дардта:

— Дзæбæх дæ куы æрлæууын кодта дæ уæрджытыл,— стæй йæ дуцынæй дæр фæлæууыд.— Тæрсгæ, дам, ын фæкодтон, кæд, дам, йæ уæрджытæ йæ быны фесты фыртæссæй. Гыццыл ма, дам, бахъæуа ма æрлæууон æмæ лæпputæй искæмæ ма ацамонон — схæцут ыл. Уый, дам, дын ма ныззила! Æмæ, дам, адæмы хъæзтыты йæ зæвæттæ чи рафтыдта, уыдон куы нæ зонынц ахæм кæфтытæ, уæд, дам, сæ уый кæм базыдта?!— Куыиу фæлæууыди йæ худынæй, куы та-иу никкæл-кæл кодта,

афтæмæй дзырдта Марианæ.

— Æмæ йын цы загътай?— æввахсдæр æм балæууыд Исахан.

— Цы йын загътон! Цы каст æм фæкодтай, зæгъын, уый дæ ферох и! Æмæ ферра и уыцы фæкастæй, цы ми кодта, уый нал зыдта, æмæ, зæгъын, зилгæ дæр уымæн ныккодта.

— Ды йын хорз загътай,— бахудти Исахан.— Стæй дын уый та цы загъта, цымæ?

— Худти. Нæ фæлæ цы дзæбæх худы! Йе'рфыгыл йæ уæларм куы авæры худгæ-худын, уæд ма уымæй хуыздæр лæг цæмæ бакæсдзæн!

Исахан æй худгæ никуы федта æмæ нæ зыдта, куыд худы, уый.

Сыхæгты уасджытæ басабыр сты, фæлæ сæхи уасджытæн банцайæн нал уыди — æвæццæгæн, æмбæрстой хæдзары змæлд. Уынгмæ ахызт фæздæгкалгæ, уым сисгæрон фæхс бандоныл æрбадт — фыццаг хатт ыл æрбадт, уый æрцахста йæ хъуыды. Æнæуи йыл Исинæ фæбады сыхаг устытимæ. «Дыууæ къуырийы»,— дзырдта æмæ дзырдта йæхимидæг Берды ныхæстæ. Дыууæ къуырийы фæстæ йæ йæ куыстытæм дæр æрæвдæлдзæн. Йæ куырой кæдæй нырмæ ауæзт у! Сисдзæни йын йæ ауазæн, æмæ ныззыррытт кæндзæни куыройы цалх, æрмæст йæ фæрчытæ ма схус уæнт æмæ ма æрызгъæлæнт, уый йеддæмæ. Æмæ йæм ныххиздзæн развæлгъау цалхмæ, чи суæгъд уа, уыдоны раивдзæн — фæрчытæ йæм бирæ ис. Иннæ ахæм уыцы бындзытæ — æнæркастæй сæфынц. Тæккæ дуцынафон нæлбындзытæ куы сарæх уой... Стæй, æнæуи дæр, бындзыты иугæндзон змæлдмæ ма ныккæс!

Нæй, нæ фæрæзта бадын, сыстади, сисрæбынты иуырдæм азылди æмæ йæм иу фæнд фæзынди — цæй, æмæ абæрæг кæна куырой! Бацæуздзæн æм, æдде йæм бакæстытæ кæндзæн æмæ раздæхдзæн фæстæмæ. Бацин кодта уыцы фæндыл, сындæггай араст, Ердиты кулдуары рæзты бахызт æмæ æрлæууыд: исчи йæ куы фена! Æмæ йæ куыд нæ фендзæн исчи, ай мæнæ бон куы у! Æмæ уæд цъиу-цъиу ацæудзæн ныхас, апырх уыдзæн хъæуыл, афтæ-афтæ æнæ йæ куырой нæ фæразы, æхсæв æм куырысмæдзæуæгау цалдæр цыды бакæны. Фæстæмæ раздæхти. Бандонмæ æрбахæццæ и, æрцæй та йыл бадт, фæлæ йыл нал æрбадти — ныр уынг базмæлдзæн æмæ йæ исчи куы фена ам бадгæ, уæд... Кæртмæ бахызт, мидæгæй рухс калд. Æвæццæгæн, Динæ нæма фæци æфснайд. Цæхæрадонмæ ахызт æмæ къахвæндагыл араст дæлæмæ, дæлæ бынæй мыдыцъæрттæ кæм уыдысты, уыцырдæм

— уыдонмæ уæддæр бакæса! Стæй суадæтты æрхыл дæр ахæсса йæ цæст. Иухатт дзы иу изæр дон куы æвгæдта суадоны абузæнæй йæ бедратæм æмæ йæм уырдыгæй куы касти, мыды фæлгæт æд мыды фæзгъæртæ æмæ æд мыдыбындзытæ куыд систа, афтæмæй йæ къухы куы баззади. Уæд æй фыццаг хатт федта. Уæд æм куыд дард уыди Таймæт!..

Ныр дæр-иу цæудзæни Суадæтты æрхмæ. Фæлæ уыдонæй цæудзæни ныр, ныр уыдонмæ хæсдзæни дон, Исахантæм. Æмæ йæм йе 'мбонды сæрты ничиуал кæсдзæни. Ныр чындз уыдзæни. Æниу чындзытæм дæр фæкæсынц лæппутæ, ног чындзытæм. Афтæ сæм фæкæсынц, афтæ!.. Æмæ дон куы хæсса, уæд æм нæ кæсдзысты? Куыд нæ йæм кæсдзысты, уынгты-уынгты-иу куы сцæйхæсса дон... Фæлæуу, æмæ ныр мæнæ æмбонды акъæртт кæн дуар, ауылты, цæхæрадæтты куыд хæсса дон, афтæ, уæд цы кæны? Фæлæуу, æмæ Таймæты тыххæй акъæртт кодта æмбонд, уый куы базоной лæппутæ, уæд ыл нæ худдзысты? Куыннæ йыл худдзысты! Æмæ йæ, цымæ, нырмæ цæуылнæ къæртт кодта? Æмæ йын Исинæ та куыд никуы загъта, æнæуи дзы куы ницы ирвæзы. Æмæ йæ ныр цымæ раздæр куы акъæртт кæнид, уæд цы кæны, мæнæ йæ абон куы акъæртт кæнид, мæнæ ныр, уæд?

Æмбондмæ ма иу каст бакодта æмæ раздæхти — йæ кусæнгæрзтæ æрхæсса, сбара йæ æмæ æрыхала æмбонд,— æмбонд йеддæмæ ницы у, хæдзары къул нæу, мыййаг!

Мæнгагъуыстмæ бахызт, йæ уæлæдарæс раива, куыд загъта, афтæ æдде, уынгæй фæцыди машинæйы хъæр. Исахан æддæмæ ратагъд кодта. Уынджы бæрæг астæу цыдæрхуызон тигъмæ лæууыди милицæйы машинæ, йæ фæйнæ фарс — дыууæ милиционеры. Исахан сын салам загъта, сæ къухтæ сын райста.

— Коцораты Исахан ам цæры?— бафарста йæ, милиционертæй йæм хæстæгдæр чи лæууыд, уый.

— Ам цæры. Æз дæн Исахан. Мидæмæ рацæут.

— Мидæмæ нын нæ гæнæнтæ нæ амонынц, фæлæ, кæд ды дæ Коцораты Исахан, уæд дæ махимæ цæуын бахъæудзæн.

— Кæдæм?— рог фарст акодта Исахан.

— Кæцæй нæ рарвыстой, уырдæм, милицæмæ.

— Цæмæ?— уæддæр æм ницыма бахъарыд.

— Цæмæ, уый дын уым зæгъдзысты.

— Кæм, милицæйы?

— Милицæйы, уæдæ Гандзайы. Цыдæр æнахуыр фæрстытæ кæныс.

— Æмæ цы хабар у?— фæстæмæ сæ хæдзармæ ракаст Исахан.

— Æгæр бирæ нæ ма фæрс. Уымæн дæм не 'ссыдыстæм

æмæ нæ рафæрс-бафæрс кæнай.

Исахан та хæдзармæ ракаст.

— Гъа, мауал ракæс-бакæс кæн. Хæдзары сын зæгъ æмæ цом.

— Цы сын зæгъон?

— Уый дæхæдæг зоныс.

— Æппындæр ницы зонын.

— Цом уæдæ, уым дын æй зæгъдзысты.

— Гъемæ, цом.

Машинæ куы фезмæлыд, уæд сæ гогыз каугæрон иунæгæй лæууыд. Йе'мбалы йын аргæвстой, ибон сæм Бигана æмæ Дзылыкъо цæхджын куырыфыд хæрынмæ куы ссыдысты. уæд.

Исахан бахудт.

Сихорафон сын бахостой сæ дуар. Нæ хай, дам, нæ цæхджын куырыфыды хай, дам.

Исахан ныссагъæс кодта — куыд ма сæ аирвæза? Уæддæр сын сæ разы дуар байтыгъта.

— Мидæмæ!

Кæртмæ бахызтысты æмæ уым сæ разы æрлæууыд Исахан, йæ сæр бакъултæ кодта.

— Цы фыдбылыз мыл сæмбæлд, уый куы зониккат — мыст дзы ныххауди.

— Кæм?— йæ цæстытæ йæм схъулæттæ кодта Бигана.

— Цæхгæры, цæхгæры. Цæхджын куырыфыд кæм уыд, уыцы цæхгæры.

— Куыд дзы ныххауди?!— Исаханы раз хылгæнæджы лæуд æркодта Дзылыкъо.

— Ныххауди дзы. Цæхæрадоны уæрм скъахтон æмæ уым афæлдæхтон æнæхъæн цæхгæры дзаг цæхджынфыд.

— Гъей, мыст дарæг дæ куыд нал баззади!— йæ сæр ныттылдта Бигана.

— Гæр æмæ йын йæ сæр кæдæм ныббыдитт кодтай! Мыст цæхджын фыдмæ куыд æмхиц у, уый нæ зоныс?!— йæ къухтæ йæм стылдта Дзылыкъо дæр.— Нæхимæ дæр ницы бахордтон, зæгъын, цæхджын куырыфыд хæрынмæ цæуын æмæ.

— Цы æрцыд, уый æрцыд. Цæхджын куырыфыды бæсты — ногæргæвст гогызы фыд.

— Кæм и?

— Мæнæ!— сæ рæзты æрбацæйцыдысты сæ дыууæ гогызы. Æмæ дзы иу аргæвстой, иннæ баззад иунæгæй. «Искуы йын æмбал ссарын хъæуы, кæннæуæд тæригъæд у иунæгæй»,— ахъуыды кодта Исахан, машинæ сæ тигъыл дæлæмæ куы фæзылди, уæд.

5.

Тæрхон ын кодтой дыууæ къуырийы фæстæ, уыцы амонд-джын æхсæв сын Берд сæхи цы хуыцаубонмæ цæттæ кæнын кодта, уый къуырисæры. Тæрхонгæнæн бынат къуындæг уыд, адæм дзы нæ цыдысты, æмæ сæ чи тыргъы лæууыд, чи — æдде, кæрты.

Тæрхоны хистæр, йæ сæр афонæй раздæр кæмæн фæхалас, ахæм хæрзхуыз сылгоймаг, йæ тæнæг кофтæйы æдде цы зæлдаг уæнтылдарæн уыд, уый кæрæттыл æрбахæстытæ кодта йæ уæхс-чыты сæрты æмæ бадзырдта Исаханмæ:

— Коцорайы-фырт, тæрхон дын дæтты фæстаг ныхас зæгъы-ны бар.

Исахан сыстад.

— Цы зæгъон— нæ зонын.

— Тæрхонæй цы курыс, уый зæгъ.

— Тæрхонæй уый курын, æмæ ницыгæнæг дæн æмæ мæнæ ацы адæмæн зæгъæд, кæй ницыгæнæг дæн, уый. О, дзырдтон-иу мæзджыты фæзы, æппæлыдтæн-иу, гæды ныхæстæ-иу код-тон. Абон ам цы дыууæ дыгæрдыджы давды тыххæй бадын, уыдон ницы сты,— æз мæ гæды ныхæсты цы галтæ æмæ бæхтæ фæдавтон, уыдон иу колхозы скъæты нæ бацæуикком. Æмæ мын уæд уыдоны тыххæй — уыцы галтæ æмæ бæхты тыххæй — цæуылнæ тæрхон кæнут?! Цы уæлдай у?! Цæмæн мæ ба-хъуыд уыйбæрц гæды ныхæстæ кæныны сæр? Уымæн, æмæ æнæнымад уыдтæн, æнæ рæгъыдзыд. Куыройы куыстон, мы-дыбындзытæ дардтон, фосмæ зылдтæн, æмæ мæ ничи ницæ-уыл нымадта. Стæй сæ ныууагътон — куырой ныццауæзтон, мыдыцъæрттæн сæ сæртæ ныхгæдтон, фос мæ зæронд мад æмæ ме 'нахъом хойы æвджид ныууагътон...

— Сбад,— загъта тæрхоны хистæр цыбырæй, стæй аздæхт, хъæстгæнæг кæм бадт, уыцырдæм.— Гуыссайы-фырт, цы агу-рыс тæрхонæй?

Лæг гуыбырæй бадт, йæ цъæх нымæтхуд зонты хуызæн цъупп тыхт бакодта, йæ рахиз къухæй йын йæ кæроныл хæцыд æмæ дзы йæ галиу тъæпæн арм фæлмæн æрцæв-æрцæв кодта. Ныр йæхиуыл схæцыд, йæ астæу æххæст не сраст, афтæмæй ба-дзырдта тæрхонмæ:

— Рæдыд æрцыд, куыд кæсын, афтæмæй, стыр рæдыд. Раст у ацы лæппу, æмæ уæ Хуыцауæй курæгау курын: йæ хæдзармæ йæ ауадзут.

— Сбад,— загъта уымæн дæр цыбырæй сылгоймаг, стæй, йæ фæйнæфарс цы ус æмæ лæг бадт, уыдонæн радыгай сæ хъусты цыдæр бадзырдта æмæ загъта хъæрæй:— Тæрхон йæхи хибар кæны уынаффæ рахæссынмæ.

Сыстадысты æртæйæ дæр æмæ, сæ фæстæ цы нарæг дуар уыди, ууыл ахызтысты кæрæдзийы фæдыл.

* * *

Уыцы бон ын, ахæстонмæ йæ куы нæма акодтой, уæд радтой Марианæ æмæ Таймæты феныны бар. Иу къаннæг хатæнмæ йæм бауагътой дыууæ чызджы. Марианæ йæ риуыл бахауд, куыдта, йæ уæхсчытæ хæрдмæ стъæлфыдысты. Таймæт уыцы гуырвидауцæй сæ фарсмæ лæууыд. Цæстытæ йыл дзæгъæлтæ кодтой. Æмæ йæ Марианæ куы суагъта, уæд æм йæ цæнгтæ бадардта Исахан. Таймæт ын йæ къухтæ æрæвæрдта йæ цæнгтыл æмæ æрлæууыд.

— Æз мæ хъаст ахæсдзынæн, æз сраст уыдзынæн...— тагъдтагъд дзырдта Исахан.— Уымæн æмæ æз раст дæн æмæ раст лæджы, цасфæнды куы фæдарай зылынæй, уæддæр иу бон ма сраст уа, уый гæнæн нæй.

Таймæт йæ къухтæ айста, Исаханы цæнгтæ афтидæй аззадысты.

— Æмæ, куы сраст уа уыцы раст лæг, уæд цы?! Раст куы уа, фæлæ, дæхи загъдау, æнæнымад æмæ æнæрæгъыдзыд куы уа, уæд цы пайда у йæ раст? Раст бирæ вæйййы, фæлæ æндæр ницы вæйййы раст йеддæмæ,— чызгæн йæ цæстытæ базмæлыдысты, цыдæр мынæг мидбылхудт ахъазыд йæ былты кæрæтты.— Мах дæм Марианæимæ æнхъæлмæ кæсдзыстæм. Бафæраз, дыууæ азы бирæ нæу.

— Куыд бафæразон, цæй тыххæй бафæразон?!

— Æнæрæгъыдзыд кæй нæ дæ, уый равдисыны тыххæй.

Исаханæн йæ уæнгтæ æрхаудтой.

*Июль, 2000 аз*

*ХЪОДЗАТЫ Ахсар*

# ÆРЫМЫСЫДТÆН ДÆУ

* * *

*Цæргæсы хъæр æмæ уарийы ахст...*

Нарты кадджытæй

Цæргæстæй, уаритæй фæкуырдтон
æфстау хъæлæс.
Фæкуывтон, удрыстæй фæкуыдтон
æгæр дæр æз.

Мæ хъæр — цæргæсы хъæр, мæ ахстæй
фыдæвдиу тарст.
Æмæ цы рамбылдтон мæ уарзтæй?
Æрмæстдæр маст!

Сымах — æрмыдултæ, æрмахуыр,
æдзыт, æфхæрд.
Бындзарæй бахардз дæн сымахыл,
мæнæйуый — хæрд.

Æдылы, зондцухау-иу ивтон
мæ гæрз мæцъæй.
Ныр «дзаг дæн», алцæмæй дæр «ифтонг» —
тыхæй, ныфсæй...

О уари, де 'рдиаг, дæ ахстæй
дæ амонд ар.
Дæ хъæлæс — арвы нæрдау, айс æй,
о цæргæс, буцæй йæ фæдар...

Цæргæстæй, уаритæй фæкуырдтон
æфстау хъæлæс.
Фæкуывтон, удрыстæй фæкуыдтон
æгæр дæр æз...

*23.03.00*

## МÆ ИРЫСТОН

*Бзарты Русланæн*

Мæ Ирыстон, дæу мысгæйæ куыд риссын,
æмбары уый мæ иунæг уд æрмæст.
О, мысын дæ, мæ мондæгтæ дæ исын.
Дæ фидыцтыл нæ аххæсдзæни цæст!

Куыд кадджын у мæ рагон æвзаг! Ис нын
æвзыгъд кæстæртæ, саг-сырдтау — æлвæст.
Æфсымæртæ! Къостайы дзырдæй — исджын!
Тыхæй, æхсарæй — алцæмæй æххæст!

У арф дæ уидаг. Африкаг ызмис ын
фæадджын и. Сыбырмæ дæр æххæст...
Æз ног дугмæ къæмдзæстыгæй нæ хизын:
дæ нæртон хуынтæй — адæмтæ æфсæст!

Кæрды дæ зонд. Æгас дуне дæ хоны
«куырыхон Ир». Ды йе 'мсæр дæ тæрхоны.
Нæу дзыхъхъылæуд аллонты бындар. Нæу!

... Мæнæй ды дард дæ. У æнæ дæу тынг зын.
... Цæрын дæ дзыхъхъы, Ир, æмæ дæ мысын.
Дæ сау дзыхъхъы æрымысыдтæн дæу!

*06.08.99*

# ТУЛДЗ
# кæнæ
# ЗЫНУДИСÆН[1]

(*Джоан Альковейæ*)

Пæлæхсар, уадæмдых бæргæ уыдтæн кæддæр,
æфснайдтой м' ауyоны фæндаггæттæ сæ сæр.
Ныр арвы сонт цæфæй — мæ къабæзтæ дæрæн,
хырхау мæ афаста, дыууæ дихы фæдæн.

Мæ зæнг ныццæнкуылтæ, мæ хихтыл нæй сыфтæр,
сыгъд у мæ бындзæфхад, æртхутæг фестад мæр.
Мæ уд — мæ фæздæджы, уæлæрвтæ йын — хæтæн.
Нæма дæн мæрдтæй дæр, æгæстæй дæр нæ дæн.

Мæ уидаг — удмидæг: йæ бонæй уа цагъар! —
нæ хаты, не 'мбары — йæ дуне йыл ныттар,
нæ хаты, не 'мбары — æнæбон у, æбар.

Мæ царм — гуыргъахъхъытæ, мæ къалиутæ — лæгуын.
Зындон, зынудисæн... Мæ уæлингæн лæууын,
цæрдудæй ме сæфтыл æгуыппæгæй кæуын.

08.01.00

# ÆРÆГВÆЗЗÆГ. САНИБАЙÆ ЗДÆХГÆЙÆ

О хъæды халон, ратæх уал дæ хъæдæй,
дæ бар — мæ цæрæн, арвит дзы дæ зымæг.
Æз дæр зындзынæн, уалдзыгон тæдзынæг
куы 'рбазара, уæрæйдæ, зæгъгæ, кæртæй.

О, ратæх мæм. Нæ дæ курын хæрзиуæг.
Ды иунæг дæ. Бæгънæг бæлæстæ, къутæр —
дæ бадæнтæ. Дæу халдих у мæ уд дæр:
егъау хъæды, хæдзæртты хъæды — иунæг.

*26. 03. 00*

[1] Португайлаг поэты æмдзæвгæ цыма раст дыууæ Ирыстоны хъысмæт æвдисы.

## ХОХ. ÆРФЫТЫ МУЗЫКÆ

Æгуыппæг Мæйдары æнæбын æрфытæ,
дзæнхъайы цæстытау ыстъалыты зынг...
Мæн ацы Мæрайы æрцардтой хæрзфынтæ,
æрвылæхсæв бафты мæ асыл уылынг.

Мæн боны дзæнгæда æрбасырдта ардæм,
цъæлхъæрæй, фырдзырдæй мæ хъуырмæ дæн æз.
Мæ Мæйдар, мæ Мæра, дæ сæрзилæн тартæн,
дæ тъымы-тъыматæн сæ сусæг хъæлæс,

Æнæсым æрфыты зæлдагзæл кæлæнтæ
мæ удæн æрхастой æхцон æмæ хъыг.
Цом, атæхæм иумæ тæхæнты, хæтæнты,
æнусон Мæрайы цыты паддзах Уыг.

01.04.00

## ХАБÆРТТÆ, УАЦТÆ...

Хабæрттæ, уацтæ... Бонæн диссаг хъусæм.
Хабæрттæ, уацтæ... Сдон сæ и нæ сæр,
нæ фæдылæфтыд баисты æнустæм.
Хабæртты зæй... Нæ дуне фестад хъустæ.
Фæхъусын, о, æппынæдзух æз дæр
мæхимæ.

25.03.00

## ХУЫЦАУ

Хуымæтæджы мæ не скодта Хуыцау,
нымад у Уымæ алцы дæр бæстонæй:
Йæхи мæт Æй уыд. Ахстонау мæ сбыдта
æмæ дзы 'рцард. Йæ комулæфт, Йæ хъарм,
Йæ зонды рухс, Йæ зæрдæйы рæдауæй
мæ дадзинтæ æрæгас ысты — цард дзы
йæ мин-мин билцъæй базмæлыди. Худтæн,
тæмæнтæ калдтон, æрдзы цотæн хастон
æхцон фидыц. Æнæбонтæн лæвæрдтон
æвдадзы хос — Хуыцауы лæвар — Ныфс.

Фæлæ мæ Кæнæг амарди мæ мидæг —
Йæ конд ахстоны: амардта йæ Чидæр,
цыдæр æлгъыстаг. Мардта йæ сындæггай.
Мæ дадзинтæй, мæ чырæгтæй ыскъуыдта
Хуыцауы Рухс æд уидæгтæ, бындзарæй!
Ныр сау мæйдары иунæгæй цæуын
æвæгæсæгæй, ниугæйæ, куырмæджы.
Цы агурын? Кæй агурын? Цы курын?
Мæ Хуыцауы? Æз Уый аккаг нæ дæн!
Йæ марæг дæр мæхæдæг уыдтæн: Иблис
мæн сардыдта, æз та йæ хонын Чидæр...
Мæ цин, мæ бындар! Бахъахъхъæн Хуыцауы,
æмæ Хуыцау дæр хъахъхъæндзæни дæу.

26.09.99

## УДВÆНДАГ

Дзырдта уый эллин Архилох:
«Бæстыл æртæ фæндаджы ис,
æмæ дзы равзар. Иу дзы — Ис.
Уд — иннæ. Аннæ фæндаг — Тох».

Нæ зоны адæймаг æфсис:
мæн Тох дæр, Ис-бис дæр хъуыдис.
Æниу мæ Удвæндаг нæ хъуыд?
Фæлæ æртæрдæм? Уый та куыд?

Уæд систон эллинæн мæ худ:
«Æвзарын цардвæндагæн Уд».

... Мæн арвмæ Удвæндаг хуыдта.
Хуыцау мæ къахдзæфтæ уыдта.

Фæлæ æнæбары æваст
мæ риуæй сирвæзти хъæрахст:
«Ай-гъай, нæу Удвæндаг æвзæр, —
уыдаид Исвæндаг хуыздæр!»
Ыскатай, силлæг и мæ сæр:
Цы зин, цы мон уыди? Кæй хъæр? —
Гуырысхо, джискъустæ кæнын.

Мæ зæрдæ — саджилтæ. Лæууын.
Нæу дарддæр акъахдзæф мæ бон.
Мæн арвмæ Удвæндаг хуыдта,
хуыдта мæ Скæнæгмæ. Ныр та...
Нæдæр — зæххон, нæдæр — æрвон.
Æмæ — Тæрхон.
Æмæ — Фæсмон.

...Хуыцау мæ къахдзæфтæ уыдта...
... Мæ уд хæкъуырцц-куыдæй куыдта...

24.09.00

## ФÆСМОН

Фæсмон мæ æрцахсы. Цы фæуон, куыд уон?
Цæй карз у! Мæ удæн фæхæссы тæрхон.
Æгъатыр! Мæ удæн фæзæгъы: кæрон!
Мæ пырх мын фæкалы. Ныккалæд йæ бон!

Æдых дæн: мæ монцтыл нæ цæуы мæ бон.
Мæ цæрæн, мæ цæуæн, йе ме 'хсæв, мæ бон —
тæригъæдты ахстон, дзахана, зындон.
Тæригъæдты уацар мæн мары бынтон.
Хæрзгæнæг мын басгуых: мæ риуæй сæ стон,
Фæсмон, о Фæсмон.

Цы залиаг калм дæ, цы мамм дæ, кæцон?
Фæсмон, о цы зæд дæ, цы æвдиу, цы мон?
Цæуылнæ дæ РАЗмон, цæмæн дæ ФÆСмон?

28.05.00

* * *

Боны аквариум... Йе 'нцæйттæ — хæхтæ.
Сцъил ысты цъингуыртæ — хуры пырхæнтæ.
Бæрзытæ — донзайтау — тасгæ 'мæ уасгæ,
с' аууæтты сонтытæ — хъазгæ 'мæ уарзгæ.
Туннелæй цадæггай урс «Джипп» ысфардæг.
Хъулон автобустæ — тъепатау къаннæг
уынгты цъыллинджытæ... Куыйтæ 'мæ адæм...

Ирхæфсæн тезгъотæ, зарджытæ алкæм.
Бархи дæ хæтæнтæ. Сихортæ, бартæ.
Цинтæ, гæботæ, гæды митæ, батæ...

Боны аквариум... Рухсдымбыл. Хур дзы
алырдæм ахъардта. Узæлы, судзы.
Уастæн, æрвон бæстæ, уастæн, нæртон зæхх!
Федтай йæ, бавзæрстай йе 'гъдау, йæ хорзæх.
Базыдтай цины ад, базыдтай амонд,
иу дзырдæй сцъингуыр дæ — алцæмæй райгонд.
А бæсты давын, тыхтона нæ фæччы,
о, фæлæ иудадзыг — ивæзт дæ фæдджи.
Хатыс æй: сау цыдæр д' алыварс джиуы.
Цæст æй нæ ахсы, нæ йæ зоныс, чи у.
Сау æндæрг? Сау барæг? Сау халон? Сау зин?
САУ ТАС !.. Мæ иунæг сæр ардыгæй айсин...

Адæргæй бафæрсын: «Ме стыр Хуыцау,
Де 'рвон дзæнæты дæр афтæ у, ау?»

22.03.00

## ЗÆРДÆЙЫ НЫХАС

(Нигерæй)

Уынгæг у мæ зарæг, у йе 'дзаг мæтæй.
Цы бакæнон, оххай?.. Хуыздæр зарæг нæй.
Ингæнæй дæр тардæр — мæ сагъæс, мæ дзырд,
мæ цин мын мæ риуæй фæтарди, фæсырд.
Йæ бæсты мæ риуы æрцарди фыдбон...
Æнкъард у мæ зæрдæ, нæу зарын мæ бон.

Æз хъусын æрдиаг, æз хъусын хъæрзын:
кæмæндæр та баци йæ къона хæрзбын.
Кæмæдæр та райста йæ цæвæг мæлæт.
Æгъатыр, налат у, мæнгард у хъысмæт,
уый алы ран тауы былар æмæ сон.
Æнкъард у мæ зæрдæ, нæу зарын мæ бон.

Мæн масты æфтауы æбæрæг хъæлæс,
фыдæхсæвы тары уый фехъусын æз.
Йæ мырты цы 'мбæхст и, цы тæрхон, цы фæнд?
Цæудзæн та бæллæхтæ, хæрæмттæ, фыдгæнд.
Кæйдæр еусар хъуысы... Фæстаг хъæр, кæрон...
Æнкъард у мæ зæрдæ, нæу зарын мæ бон.

Мæ адæмы мастæй мæ зæрдæ — фыдрыст:
кæддæрты ирон дзырд æгас бæстыл хъуыст.
Нæ тыхыл, нæ кадыл кæм нæ кодтой дис!
Цы ма аззад хохæй? — Хылычъи, ысхъис.
Æнусты гуылфæнты кæндзæни дæлдон...
Æнкъард у мæ зæрдæ, нæу зарын мæ бон.

О, царды хæрæмттæй дæнгæл дæн, æфсæст.
Цæссыг æмæ туг мын æмбæрзтой мæ цæст.
Кæйдæр артмæ арæх æппæрстон цæхæр,
мæ удæн йæ цæхæр — уыдтæн æз цагъар.
Ныр фидын мæ хæстæ: мæ цæрæн — зындон.
Æнкъард у мæ зæрдæ, нæу зарын мæ бон.

1999

## МЕ 'МДЗÆВГÆ «МÆ СУРÆТМÆ» ÆМХАСÆН

О, тугæй дæр, ыстæгæй дæр ирон уыд,
дзырдта, ай-гъай, иронимæ иронау,
фæлæ — бæллæх! — нæ йæ 'мбæрста ирон,
æмæ-иу уæд ныуулæфыд бындзарæй,
ныккæрзыдта-иу адæргæй, дзынæзта,
æмæ-иу уæд дзæгъæлдзу куыйты ссардта,
ныхæстæ кодта куыйтимæ иронау,
æмæ йæм хъуыстой куыйтæ дæр æнцад,
сæ къæдзилтæ-иу батылдтой хæларæй,
нæ рыст æрдхорд, æмбарæм, дам, дæ мах,
дæ зæрдæ дар: дæ фарс ыстæм æдзухдæр,
цæуыл, дам, тыхсыс, мах, дам, дын ирæттæ.

04.08.99

# ДАМГЪÆ

## СОНЕТ УÆЛÆФТУАНИМÆ

Дæ ном дзы арын, Хасанбег

Цы хур, цы къæвда мæ фæхаста
мæ бæстæй? Ассывта мæ цард.
Хъысмæт мын Иры арт куы байста,
æрцыди уыцы бон мæ мард.

Йæ кард та Удисæг ысласта, —
дыккаг хатт ахуысдзæн мæ арт.
Мæ тых мын сау дамгъæ ныссаста,
ныууагъта зæрдæйыл уыгард.

Мæ зæхх мæ къæхты бынæй алыгъд.
Уыдтæн нæртон бындар — ирон,
цы у мæ кæстæр та, кæцон?
Фæци мæ тъымы-тъыма. Асыгъд
уыраугæ арф ызмисы дон.
Зынгæй фыст сау дамгъæ ФÆСМОН

хæссын мæрдтыбæстæм. Хæрзбон.

26.07.99

# УАЛДЗЫГОН СОНЕТ

Æмхуызон у мæ быдыр æмæ галтæн
сæ комулæфт. Æрхъармгæрæттæ зæхх:
кæм — митхъулон, кæм — сатæгсау, кæм — цъæх.
Кæсынц æнкъардæй, галы цæстау, малтæ.

Æнхъизы саумæр. Æйтт уæдæ, мæ галтæ,
нæ хуым та сиды, даргъ æмæ уæрæх.
Фæскуыст уын армæй бадардзынæн цæхх.
Цæттæ у хос дæр. Буц æмæ уæ хъал дæн.

Æнгæстæ стут сымах æмæ нæ зæхх:
æфсондзы уæзæй бæрзæйыл-æнхъырдтæ,
дзывыры фындзæй — ауæдзтæ-рæнхъытæ.

Мæ галтæ, нæй уæ зæрдæйы фыдæх,
æрмæст ыстæм хатт райхъуысынц уæ богътæ,
æрымысут: кæддæр уыдыстут богътæ.

07.10.99

## ЛЕКЪАГ ЧЫЗДЖЫ КАТАЙ

(Лъазайæ)

Топпы хæтæлы нывæрди нæмыг,
зæрдæйы тарфы та бамбæхсти хъыг.
Мæнгвæдæг фелхъив —ныййазæлдзæн æхст,
Риуы та удхар — æнусмæ æмбæхст.

Зæрдæ къуыпайау — ныттыппыр æгæр.
Райхæлы къуыпа, æфтауы сыфтæр.
Зæрдæ та — сау дæнгæл, тайы бынтон.
Охх, æна, охх, æна, нал у мæ бон.

Зæрдæ! Цы ныхъхъус дæ — гобийау раст?
Радзур дæ риссæгтæ, радзур дæ маст.
Райхал дæ судзæгтæ, сау марой кæн,
цалынджы не сси дæ цæрæн ингæн.

Цæстытæ! Уаих уат! Згъалут цæссыг,
рацъирут, сау маргау, зæрдæйæ хъыг,
цалынджы не 'рцыд фæстаг бон, кæрон.
Охх, æна, охх, æна, нал у мæ бон.

06.10.99

## ПОЭТЫ ДЗЫРД

Йæ Пегасыл куы бабады поэт,
уæд нал вæййы китайаг, йе ирон,
йе венгрийаг, йе англисаг, йе хетт.
Поэт вæййы Пегас-бæхыл ÆРВОН.

Мæ блокнотæй

Иронау никуы фыстон æз.
Уæдæ цы мыггаг дæ, цырдыгон? —
Уæлæмæ арвайдæнмæ кæс:
дæхи дзы фен — æрра, æрыгон!

Уæлвонгæй хаудзысты дзырдтæ,
дзырдтæ, æрвыг дзырдтæ, дзындзытæ.
Сæ зæлланг, се 'рттывдмæ цыдтæ,
дæ уд сæм авдæнæй тындзыдта.

Ныр систы базыртæ — дæуæн,
дæ рыстæн — удаист æфсургътæ.
Хуыцауыл, амондыл æууæнд.
Æмæ та — стъалытимæ дугътæ.

Ды нал дæ а бæстаг, ирон,—
зынынц уæлдунетæй дæ фæдтæ.
Дæ цæрæн, де 'взаг дæр — æрвон:
дæ дзырдтæ — дауджыты лæвæрттæ.

17.09.99

## ЛАГЪЗ

> Уый уымæн тыхджын у, æмæ уæлæ хохы хизы саг... Уымæн йæ гуыбыны ис лагъз, лагъзы хуылфы ис æртæ зæрватыччы: уыдонæй иу йæ тых у,иннæ у йæ ныфс, аннæ та йæ уд.
>
> Нарты кадджытæй

Гармони нын нæ бакодта æвгъау
цытджын Хуыцау, æрæвæрдта Æгъдау.
Æнæлаз ысты Йе 'рхъуыды, Йæ фæнд —
уыдзæнис иу лагъз иннæйы æвæрд:
Æгас дуне —
Галактикæ —
нæ Зæхх —
нæ Уæрæсе —
Кавказы бæстæ, цъæх —
мæ Ирыстон —
мæ хъæубæстæ —
мæ уынг —
мæ фыды къæс, мæ арты хай, мæ зынг —
мæ буц авдæн... Мæ фыццаг уæрдон уыд,
мæ уды лагъз, йæ мидæг та — мæ уд.
Ис удыта цыдæр сусæг æвæрд,

æнæзæгъгæ, æнæмæлгæ, æвæд.
Æрвылисдуг æм агурын фæндаг, —
нæ йæм арын, нæ йын хатын йæ уаг,
нæ йыл хæцы, нæ йæ ахсы мæ цæст, —
йæ дæгъæл ис мæ Кæнæгмæ æрмæст.

07.01.00

## НÆМТТÆ, НÆМТТÆ, НÆМТТÆ...

1

Йæ нæмттæ афтæ бирæ систы,
кæсагыл уыйбæрц не ссардзынæ систæ.

2

Йæхи ном дæр тыххæй фæразы лæг,
дæс номы хæссы афтæмæй Куыдзæг.

3

Уæртджын хæфс йе рагъыл куыд фæхæссы йæ уарт,
йæ ном хæссы раст уый хуызæн Болат.
Æвæдза, Тас æрбаввахс ис æгæр,—
йæ номы бын æрæмбæхсы йæ сæр.

1999

## ЗÆРОНД ПОЭТ ФÆЛВАРЫ МОДЕРНИСТЫ ХУЫЗЫ БАЦÆУЫНМÆ

(Улав Х. Хаугемæ гæсгæ)

Кæйфæнды дæр кæддæр æрфæнды исты...
Нæ поэт та фæзмыдта модернисты.
Æмæ дын иу хатт годзыкъæхтæ райста,
кæсагласау сыл сисы цурмæ бараст.
«Æз дарддзæст дæн. — Сæ сисы сæрæй акаст. —
О, царциатæ! — цины хъæр фæласта. —
Мæ сыхагæн йæ фыстæ систы фараст!»

08.10.99

## УРС ГАЛ[1]

Схицау Тархъы бæсты Гал,
урс гал, равзæрстой йæ адæм.
Æмæ уайтæккæ фæхъал,
загъта хинымæр: æлдар дæн.

Гал цы зоны? У æрдызт.
Зоны уасын æмæ богътæ.
Æмæ райдыдта йæ куыст:
уасыд — фервæзтис йæ рохтæй!

Арæх трибунæмæ хызт
урс Гал, йе стыр сæрæй хъазыд,
уасыд; экранæй дæр хъуыст
уасын; радиойæ уасыд.

Уасыд иу мæй, уасыд аз.
Уасы фондз азы æнæнцой.
Нал хауд адæмæй ныхас,—
хъуыстой урс Галмæ, цы кæной?

Галы райдыдтой фæзмын:
уасын цас диссаг у, цас зын!
Дзурын нал зыдтой æппын,
Галыл сахуыр ысты уасын.

Хатгай Стыр Сæрвæтæй Богъ
кодта уайдзæфтæ нæ Галæн.
Гал-иу Богъимæ ыстох:
«Тархъмæ нæй, Богъо, æвналæн!»

Тархъ Республикæ у ныр.
Суверенон!.. Худгæ ма скæ.
У Республикæ, Сы Сы Р.
...Ма дзур... Ысс... Æрмæстдæр — уасгæ!

07.09.93

[1] Ацы æмдзæвгæ куы ныффыстон, уæд æй Булкъаты Михалæн (рухсаг уæд) бакастæн. Уый мын афтæ: «Æмæ йæ газеты цæуылнæ рауадзыс?» Æз ын загътон: нæ йæ рауадздзысты. Æри, дам, ма йæ, æз æй «Рæстдзинады» рауадзын кæндзынæн. Зыдтон æй, нæ йæ рауадздзысты, уый, фæлæ йæм æй уæддæр радтон. Схаста йæ «Рæстдзинадмæ». Уым æй, ай-гъай, нæ рауагътой, хицæуттæй тæрсгæйæ. Цы хуызы, уый нæ зонын, тæригъæд ныхас зæгъын мæ бон нæу, фæлæ æмдзæвгæ хицæуттæм бахæццæ, кæуыл фыст уыд, уымæ дæр. Иу фондз адæймаджы мын загътой, дæ «Урс Гал» дын бакастæн, зæгъгæ.

# ХОДЫ КАМАЛ: 60 АЗЫ



Куы нæ дын уа тыхсты сахат ныфсдæттæг,
Куы суа мæнг ныхас дуджы гакк, йæ фæтк...
Дзырды фарнæн йæ цыфыддæр ызнæгтæ
Куы уой нымад куырыхон лæгтыл, уæд

Зын у цæрын, лæджы намысыл тохы
Куы цæуай разæй, куы архайай рæстыл:
Дæ дуджы цæсгом равдисыны охыл
Дæ уд куы бакæнай уæхстыл!..



*Хæрам тыхтæ мыл макуы суæнт уæлæхох...*



*Уæ цæхæр мæ дардæй фæтавы ныр дæр.*



*Æмбал кæмæн нæй, уыцы стыр Хуыцау,*
*Æмбал кæмæн нæй, ахæм лæг мæ ма скæн!*



*Ныккасти хур Ирыстонмæ фæсуард...*



*Мæ зæрдæйы æртæтигъон цъæх цъитийы*
*Ды ссудзын кодтай пиллон арт.*

*Леонгард ФРАНК*[1]

# ФÆЗИЛÆН

*Æртæархайдон пьесæ*

## АРХАЙДЖЫТÆ:

Л æ г.
У с.
Б у х г а л т е р.
Д и р е к т о р.
Ш о ф ы р.
П ъ æ л и ц æ й ы и н с п е к т о р.
М а д.
С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т.
Æ л х æ н æ г.

## ФЫЦЦАГ АРХАЙД

### Фыццаг сценæ

*Сосавæндаджы был — зыбыты иунæг хæдзар агуыридурæй. Арæзт у дыууæ хайæ: галиу хай — машинæтæмзилæн æрмадз, рахиз та — цæрæн уат.*

Л æ г *(иу-дыууиссæдзаздзыд, йæ сæр фæхалас, бæзджын тар рихитæ. Цалхы камерæ асгары, ноджыдæр ма йæ адымсы, дымсæнæн йæ сыланг разилы, камерæ ма иу хатт басгары æмæ йæ къулы рæбынмæ баппары).* Æгъгъæд уал фæуæд абон! (*Къраны донæй йæ къухтæ ахсы, йæ кусæн дарæс раласы.)*

*У с — иу фондз æмæ ссæдзаздзыд. Йæ уæлæ аив ирд къаба тæнæг хъуымацæй, у хæрзконд æмæ зæрдæмæдзæугæ. Æрмадзы дуарыл æрбахизы, хъавы, лæг æй куыннæ фена, афтæмæй уаты фæмидæг уæвынмæ.*

---

[1] Леонгард ФРАНК (1882 — 1961), немыцаг фыссæг. 1933 — 50-æм азты уыдис антифашистон эмиграцийы.

Л æ г *(нæуæндон хъæлæсæй, бæрæг у, йæ усæй рæвдауæн ныхас арæх кæй нæ хъусы, уый).* Мартæ, кæм уыдтæ?

У с *(кæсгæ дæр æм нæ фæкодта).* Æмæ дæу та цы хъуыддаг ис?

Л æ г*(фæлмæнæй).* Ау, уый та куыд... Зæгъ мын æй — кæм уыдтæ?

У с *(бацæуы уатмæ, стъолмæ бавналы).* Гъа-ма, фæкæс мæм!

*Стъол уатæй рахæссынц, змис зæрст цы фæзыл ис, уый тæккæ былгæронмæ æмæ сбадынц, се 'ргом залырдæм, афтæмæй.*

*( Кæсы æхцафснайæн чиныгмæ).* Æз уыдтæн æфснайæн кассæйы. Æд проценттæ нын баисты цыппарсæдæ маркæйы.

Л æ г. Æцæгæй цыппарсæдæ баисты?

У с. Абон ма сæм дæс æмæ ссæдз бафтыдтон... Кассир мын афтæ: «Ацы аз уæ хъуыддæгтæ хуыздæр цæуынц. Сабыргай, фæлæ цæуынц». Зæгъын æгæр сабыргай!

Л æ г. Мæнæй-ма! Ды ницæмæй æфсæдыс...

У с. Æмæ дæумæ та бирæ кæсынц? *(Амоны æфснайæн чиныгмæ.)* Дæ фаг сты дæлæ уыдон? Афæдзмæ æдæппæт нывæрдтам цыппарсæдæ маркæйы. Æнæхъæн афæдзмæ!.. Кæд нæ хъул сах абада, уæд ссæдз азмæ аст мины бамбырд кæндзыстæм. Нæ зæронды бон нæ цæмæй баныгæной, уый фаг. *(Райдайы хæрын.)*

Л æ г. Ныртæккæ ахæм заман у, æмæ, къæбæры фаг кæй кусын, ууыл дæр цин хъуамæ кæнæм.

У с *(исдуг ницы сдзуры).* Мæнæ ацы ран ныффæтъæн дæ тыгъд быдыры, цы дзы хъуамæ бакусай! Чи та ма уалæ горæты самал кæны иу æрмадзы къуым, æрвылбон дæ капеччы мур уæддæр кусис!

Л æ г. Æз афтæ 'нхъæлдтон, ам, фæндаджы тæккæ былгæрон, фылдæр куыст уыдзæни, нОджы нæ алфамблай иунæг æрмадз дæр нæй.

У с. Бæллæх дæр уый мидæг и, æмæ раст кæй не 'нхъæлдтай. Бон кæд дыууæ цалхы бампъузыс, уæд хорз. Фыццаг аз та нæм иунæг æрбацæуæг дæр нæ уыди.

Л æ г. Омæ, цæуыл тыхсыс, Мартæ? Ацы аз æвзæр куы нæ рауадысты нæ хъуыддæгтæ...

У с. Æз æй хорз зонын, ацы хуынчъы цæй охыл бабырыдтæ, уый. Ам хæснагыл дæр ссарæн нæй иунæг нæлгоймаг! Хæрзаг, дæхинымæры загътай: горæты канд æз нæ уыдзынæн, уым бирæ нæлгоймæгтæ ис. Æрмæстдæр уый тыххæй ныссагъдтæ ам.

Л æ г. Омæ, афтæ дæр фæуæд? Афтæ куы уа, уæддæр цы? Цал азы фенхъæлмæ кастæн, цалынмæ ды байрæзтæ, стæй ма

уый фæстæ дæр цал азы фæкалдтон мæ сур хид, цæмæй исты капеччытæ бамбырд кæнон æмæ иу къуым мæхицæн балхæнон... Куыннæ йæ 'мбарыс, Мартæ, мæнæн а дунейыл дæуæй зынаргъдæр ницы ис! Зæгъгæ, ды нæ дæ мæ фарсмæ, уæд мæм мæ цард мисхалы аргъ дæр нал кæсид!

У с. Уыдæттæ ма фехъуыстон!

Л æ г. Омæ, афтæ у æцæгæй дæр, Мартæ, æцæгæй дæр у афтæ!

У с. О, фæлæ ахæм цард мæ зæрдæмæ цæуы æви нæ цæуы, уымæй мæн та фæрсгæ дæр нæ кæныс.

Л æ г. Нæ мæ уарзыс?

У с. Æдылы фарстатæ ма дæтт! Нæ дæм смой кодтон?

Л æ г. Уый раст у! Фæлæ уæд нырма царды фæзилæнтæ дзæбæх нæма зыдтай.

У с. Æз алцы дæр зонын рагæй дæр, стæй дæуæй бирæ хуыздæр.

Л æ г. Омæ дын, уæдæ, цы нæ фаг кæны?! Уæдæ, Хуыцау æвдисæн, æххормаг дæр никуы баййæфтай мæ хæдзары.

У с. Гъеуый ма мын нæ фаг кæны! Тыхст æмæ уырыд бонтæ 'рвит,— уартæ фыццаг аз куыд уыди, афтæ, — æмæ ма ноджы афтид гуыбынæй дæр бад. Хæсты бын фестæм, нæ хæдзар ауæй кæнынмæ нæ бирæ нал бахъуыди... Æмæ уæд та уынджы къæйыл аззадаиккам — æнæ иу капеккæй, æнæ иу сæрфæцæвæнæй.

Л æ г. Уый фыццаг аз уыди. Фæлæ ацы аз нæхиуыл дзæбæх куы фæхæцыдыстæм. *(Сабыр æмæ бæлвырд хъæлæсæй.)* Ныр та дын хъуамæ зæгъон, мæ къæхтыл цæй руаджы слæууыдтæн, уымæн йе 'цæг æфсон.

У с. Йæ зонын дæр мæ нæ фæнды.

Л æ г *(ныххъуырдæй)*. Гъемæ цы гæнæн ис, хæцдзынæн мæ дзыхыл... Сахуыр афон мын нæма у!

У с. Цæй, цы мæ дæ цæстытæ ныссагътай?.. Дзургæ, о! Царциаты диссæгтæ, мыййаг, куы нæ радзурдзынæ...

Л æ г. Куыдфæнды дæр уæд, фæлæ мæ бон хъизæмар кæнын нал у... Никуы йыл ахъуыды кодтай, ацы аз нæ цард бæлвырд цæмæн фæрогдæр, ууыл?

У с. Уыдæттыл дæр ма æз хъуамæ сæттон мæ сæр? Æви мын æндæр ницы куыст и?

Л æ г. Афæдзы размæ, бæлвырддæр дзургæйæ та, 20 июлæй фæстæмæ — уæд æмхасæнтæ кодтон мæ къухтæм — æваст нæ хъуыддæгтæ нывыл цæуын цæмæн байдыдтой?

У с. Раст 20 июлы горæтмæ кæрдзын æлхæнынмæ ацыдтæн, фæлæ мын дзулгæнæг нал радта æфстау. Мæ къухтæ мæ

дæлæрмтты, афтæмæй фæстæмæ æрыздæхтæн. Уыцы бон уымæй уæддæр бадардтон мæ зæрдыл. Уый дын никуы ныххатыр кæндзынæн.

Л æ г. О, нæ мын æй ныххатыр кодтай. Æниу мын кæд цы ныххатыр кодтай!

У с. Гъы, æмæ цы 'рцыди?

Л æ г. Ссæдзæм июлы, — раст афæдзы размæ, — изæрдалынгты æз фыццаг хатт ацыдтæн æмæ сосайыл зæгæлтæ акалдтон.

У с. Цы, цы? Цавæр зæгæлтæ?

Л æ г. Цæфхады зæгæлтæ, чи сызгæ, ахæмтæ... Æнæхъæн асыччы дзаг мæм дзы уыди. Уартæ нæ рекламæйы фæйнæг кæм сагъд и, фæзилæны, уымæн йæ фале дæр æмæ йæ ацырдыгæй дæр мæхи рацу-бацугæнæг скодтон æмæ зæгæлтæ фæндаджы рыгмæ калдтон.

У с *(хъарын æм райдыдта)*. Æмæ? Æмæ цы дарддæр?

Л æ г. Цæлхытæ дæр уæдæй фæстæмæ райдыдтой хуынчъытæ кæнын. Бон иу-цалдæр! Куыст мын уыдис хъуырмæ! Æмæ дæ нал бахъуыдис мæнæ дæ хæдзар ауæй кæнын, Мартæ?

У с. Æмæ, уæдæ, мæн тыххæй афтæ бакодтай?

Л æ г. Хуыцау — æвдисæн, дæу тыххæй æрмæстдæр!

У с. Æмæ, уæдæ, аххосджын дæр æз дæн?

Л æ г. Нæ, нæ! Аххосджын æз мæхæдæг дæн æрмæстдæр. Дæуæй бавдæлон уыдаин, уый мæ нæ фæндыди. Уæд ма мæ цардæй цы кодтон!

У с. Æмæ мын уæд адæттæ дзургæ та цæй охыл кæныс? Æз дзы цалæм дæн? Ныронг мын æй куы никуы схъæр кодтай. Уæд мын ныр цы рахабар кодтай дæ цæстфæлдахæн митæ?

Л æ г. Уымæн æмæ мæ бон нал у. Æгъгъæд фæуæд. Знон ма фæстаг хатт бакодтон афтæ. Фæлæ дысон ард бахордтон. Хæс никæмæйуал дарæм. Чысыл хиуылхæцгæдæр цард куы кæнæм, уæд истæмæйты ирвæздзыстæм!

У с. Хиуылхæцгæдæр! Æмæ æнæуый дæр хæринаджы фаг тыхамæлттæй куы кусыс. Уæдæ та рæхджы дуканигæсæн табутæ кæндзынæн, цæмæй нын мамæлайы комдзаг æфстау раппара. Фæстæмæ та нæ гаччы абаддзыстæм. Фæлæ дын зæгъын рагацау: мæнæй мацы ныфсытæ æвæр дæхицæн.

Л æ г. Ацы изæр цементгæнæн заводы директормæ бацæуинаг дæн. Комкоммæ — йæ хæдзармæ. Ахæм бардзырд куы раттид, заводы уæзласæн машинæтæ цæмæй мах æрмадзы цалцæг кæной, уæд нæ сæрнизæй мыггагмæ дæр фервæзиккам. Уæд мын фаг куыст уаид, стæй алы бон дæр. Фагæй дæр фылдæр.

У с. Куыннæ стæй! Згъоргæ, йæ цæстытæ дæм ныуурс сты директорæн!.. Æмæ дæм æгæрмæгуыр зырнæйзилæн тæрх дæр куы нæ и, хуымæтæджы лæсгæр цæмæй саразай, ахæм!.. Цал æмæ йæм цал хатты бамидæг дæ! Æмæ дæ, æгæр-мæгуыр, йæ кабинеты къæсæрæй мидæмæ уадзгæ дæр куы никуы бакодта.

Л æ г. Кæд мæм ацы хатт байхъусид, Мартæ. Зæгъдзынæн ын, иннæ мастертæй дæ къаддæр исдзынæн мызд, зæгъгæ. Зырнæйзилæн тæрх та æлхæнгæ бакæндзыстæм. Цыппарсæдæ маркæйы нæм ис æвæрд.

У с. Дæ цæсты кæронæй дæр сæ нæ фендзынæ. Куыд æвæрд сты, афтæ æвæрдæй лæудзысты, бадар æй дæ зæрдыл...

Л æ г. Омæ хорз. Цыдæриддæр у, уæддæр мын ацы изæр нæй директормæ æнæ фæцæугæ.

У с *( ахъуыды кæнгæйæ).* Æмæ ныр ацы зæгæлты хабар куы раргом уа, уæд та?.. Уæд цы уыдзæн, ууыл ахъуыды кодтай?

Л æ г. Ууыл æз хъуыды кодтон æхсæвæй-бонæй. Ахæстонæй уыйбæрц нæ тæрсын. Фæлæ æз æмæ ды кæрæдзийæ куы фæхицæн уæм, Мартæ... *(Йæ къухмæ йын бавналы.)*

*Ус йæ къух скъæфгæ нæ акæны, фæлæ иуварсырдæм,æлгъгæнгæ йæ цæстæнгас аздахы.*

Л æ г *(æфхæрд æмæ æнæбонхуызæй)*. Цæмæн афтæ стæм, Мартæ, æз æмæ ды, цæмæн?

У с *(йæ уæхсчытыл схæцы)*. Не ’мбарæм кæрæдзи. Хæстæг мæм куы ’рбацæуыс, уæд куыддæр мæ буар ныддур вæййы...

Л æ г. Æз та, уæдæ, никæй уынын ацы дун-дунейыл дæу йеддæмæ .

*Кæсгæ йæм нæ кæны, афтæмæй йын ус йæ сæрыхъуынтæ армæй æрсæрфы. Дзæнгæрæг.*

У с. Æвæццæгæн, Эмиль у, цементгæнæн заводы бухгалтер. Ацафон фæцæуы уый.

Л æ г. Бад, бад. Æз ын бакæндзынæн. *(Ацæуы æмæ æрмадзы дуар байгом кæны.)*

*Ус фынг æфснайынмæ бавналы.*

## *Дыккаг сценæ*

*Æрмадзмæ бацæуынц лæг æмæ бухгалтер.*

Л æ г. Иучысыл нæм абад, господин бухгалтер.

Б у х г а л т е р (*иу æртыназдзыд, йæ бакастæн ницы у*). Кæд гæнæн ис,уæд!

Л æ г. Æдзухдæр, господин Эмиль, ахæм хæрзарæзт æмæ

бæрæгбонхуыз вæййыс, раст цыма дæ каистæм сусæгцыд фæкæныс.

Б у х г а л т е р. Уæдæ, уæдæ, сусæгцыд! Уæ алфамбылай рыг æмæ цементæй дарддæр куы ницы ис... Уæдæ дзы чындзæгтыл дæр мæ цæст нæ хæцы.

*Уатæй рацæуы ус.*

Л æ г. Ау, æмæ цементы заводы чысыл ис рæсугъд чызджытæ? Бухгалтеры дзырдыл дзы дыууæ чи хъуамæ зæгъид?..

Б у х г а л т е р.О, фæлæ сын рауай зæгъæг нæй мæнырдыгæй.

У с. Æвæццæгæн, заводы чызджытæ уæздандæр хъуаг сты дæу хуызæн лæгæн.

Б у х г а л т е р. Дзырд ууыл нæ цæуы. Раст зæгъгæйæ, уæздан мæн нæдæр хъæугæ кæны, фæлæ директор кæимæ фæхуыссыди, ахæм дæр мæ ницæмæн хъæуы.

У с. Кæс-ма, дæ хорзæхæй, цы директор уын ис?! Æмæ се 'ппæтимæ куы нæ хуыссы.

Б у х г а л т ер. Равдисынмæ дзы чи бæззы, уыдонæн се 'ппæтимæ дæр! Кæд ма æз нæ зонын уыдæттæ. Æркæсын мыздзы гæххæттытæм, æмæ дзы фылдæр æхца кæмæ цæуы, уый æнæмæнг уыдис директоры хæдзары.

Л æ г. Æмæ, æцæгæй дæр, лæг раст хъуамæ зæгъа —алцы дæр æмæ алчи дæр æхцайы алыварс зилдух кæны.

Б у х г а л т е р. Нæ директоры дзæгъæлы нæ хонынц быраузилæг.

У с. Уый та куыд бамбæрстæуа?

Б у х г а л т е р. Уымæн æмæ дзы иунæг дзæбæх чызг дæр æвыдæй нæ ирвæзы.

Л æ г. Нæ дын æмбæлы мæ бинойнаджы цур ахæм ныхæстæ кæнын.

У с. Уадз æмæ дзура! Æвзæрæй куы ницы зæгъы.

Л æ г *(усæн)*. Цæй, уæдæ, æз цæуын директормæ. Мæ амонд бавзарон. *(Сысты.)* Уæд та велосипедæй ацæуин? Æртæ минутмæ уым уыдзынæн. Дзæбæхæй уал баззай, господин Эмиль! *(Ацæуы.)*

### ***Æртыккаг сценæ***

*Бухгалтер йæ къухтæ бадаргъ кæны усмæ.*

У с. Куы нæма ацыди.

Б у х г а л т е р. Рауай-ма, рауай-ма мæхимæ!

*Ус бухгалтеры уæрджытыл сбады, æваст йæ уæнгтæ æрызгъæлынц, скоммæгæс вæййы. Батæ кæнынц.*

У с. Уæдæ мæн дæр нæ ракурис?

Б у х г а л т е р *(иудадзыг дæр кæны хъазгæмхасæн ныхас).* Иу къæмы хуызæн. Дæу æз ракурин, мæ сæр дæр нæ аныхин, афтæмæй.

У с. Æз та дын уæдæ нæ бакомин.

Б у х г а л т е р. Гъер уый æцæг куы уаид. *(Тынг æй æрбахъæбыс кæны. Ус йæ хъæбысы æрлæмæгъ вæййы.)*

Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ мын уæд комгæ та цæй дымæгмæ нæ бакæнис? Ничи йæм кæсы!

У с. Уымæн æмæ дæ директор иу хуы у, дæхæдæг та — дыууæ хуыйы.

Б у х г а л т е р (*худгæйæ*). О, фæлæ цыма дæ зæрдæмæ дæр уый тыххæй цæуын? (*Йæ сæрæй амонгæйæ.)* Кæдæм сарæзта йæ гуырыконд, кæдæм?

У с. Дæ директормæ, æндæр кæдæм.

Б у х г а л т е р. Директор йæ машинæйыл кæдæмдæр ацыд. Афонмæ нæма æрбаздæхтаид.

У с. Куыд дæм кæсы, заводы уæзласæн машинætæ дæтдзæн махмæ — цалцæг кæнынмæ?

Б у х г а л т ер. Уый кой кæнгæ дæр ма кæнут. Ныр къорд азы дæргъы заводы машинæтæ цалцæг кæнынц горæты, сæрмагонд æрмадзы.

У с. Æмæ йын сæ мах асламдæрыл куы цалцæг кæнæм, уæд та?

Б у х г а л т е р. Сымахæн бæргæ хорз уаид. Цалцæггæнæггаг рæстæмбис нымадæй къуыри фидынц æппынкъаддæр фæндзай маркæйы. Уый æрмæстдæр куысты аргъ. Уæдæ ма арæзтадон æрмæгæй дæр истытæ фæфæсвæдгæнæн уаид.

У с. Æнæхъæн мулк! *(Фæхъус уæвгæйæ.)* Ныр кæм зæххыскъуыды ныххаудтай æнæхъæн дыууæ къуырийы бæрц? Хорз æй куы зоныс, цы уавæры мæ ныууагътай, уый.

Б у х г а л т е р. Бирæ куыст мын уыдис, квартæлы кæрон... Æмæ цы бадæ?

У с. Фервæзтæн дзы. Дæс боны размæ! Фæлæ фыртæссæй мæ уд мæ къæхты бынæй куыннæ атахт... Æмæ куы райгуырдаид, уæд та?

Б у х г а л т е р. Мур дæр ын нæ уыдаид. Уæддæр дæ лæг цæрæнбонты сывæллонмæ куы бæллы. Йæхицæй ныббуц уыдаид, ныр æз дæр фыд дæн, зæгъгæ.

У с. Зынтæй. Банымадтаид бонтæ.

Б у х г а л т ер. Фæстаг хатт ма мын кæд ныссагъта сыкъатæ дæ лæг?

У с. Уый дзы мур дæр ницы мары. Мæ фарсмæ нæлгоймаг вæййы, уый æнкъаргæ дæр нæ фæкæнын. *(Аджих уæвгæйæ.)* Афтæмæй та йæ зонын: дæу дæр æмæ мæн дæр нырма бирæ цыдæртæ хъæуы мæ лæджы баййафынмæ... Куыд адæймаг, афтæ... Хатгай ахъуыды кæнын: тынг дзæбæх саразин мæ цард йемæ. Фæлæ мыл куыддæр аныдзæвы, афтæ мæ буар къодахы хуызæн авæййы... Раст нын цыма хинтæ счынди.

Б у х г а л т е р. О, фæлæ уый хыгъд мемæ!.. *(Æрбахъæбыс æй кæны. Ус бынтондæр æрлæмæгъ, бухгалтеры былтæ цъирынмæ фæвæййы.)*

*Дзæнгæрæг.*

У с. Ау, афтæ тагъд фездæхтаид?

Б у х г а л т е р. Диссагæй дзы ницы ис. Велосипедæй ацыди! Директор сæхимæ кæцæй уыдаид... Цæй, æз ацыдтæн. (*Хъæлдзæгхуызæй йæ къух батилы.*) Фенынмæ уал! (*Уатыл ахизы æмæ рахиз дуарыл рацæуы.*)

*Ус байгом кæны æрмадзы дуар.*

### *Цыппæрæм сценæ*

У с. Æгас нæм цу, господин директор.

Д и р е к т о р *(нарст адæймаг, ныллæггомау. Усимæ авансценæмæ цæугæйæ)*. Хæдзары ис мастер?

У с. Нæй, господин директор.

Д и р е к т о р. Бавдæл æмæ, куыддæр фæзына, афтæ-иу ын зæгъ: уартæ æрбазилæны уæ рекламæйы фæйнæг кæм и, уым мæ цалх фæхуынкъ ис... Æмæ мын æй æвæстиатæй баивæд... Ды, æвæццæгæн, йæ ус дæ?

У с. О, господин директор. Куыддæр мæ лæг фæзына, афтæ сараздзæн æппæт дæр.

Д и р е к т о р. Дыууæ боны размæ дæр фæхуынкъ и мæ цалх. Уый дæр уыцы тæккæ ран. Стæй уæд дæр цæфхады зæгæлæй!

У с. Цы нæ вæййы, господин директор.

Д и р е к т о р. Мæнæн фылдæр-фылдæр мæ цалх фæхуынкъ вæййы дыууæ азы иу хатт.

У с. Дæ амонд хæрæгыл бады, господин директор.

Д и р е к т о р. Мæнæ цы дзæбæх дæ!

У с. Уанцон нæу, цытæ дзурыс, господин директор!

Д и р е к т о р. Уый хæйрæг та чи уыдис, æмæ ацы арсы лæгæты ахæм сылгоймæгтæ разындзæн. Кæд дæм мæхи тыххæй нæ уромын!

У с. Æцæг зæгъыс? Хъазгæ кæныс æвæццæгæн.

Д и р е к т о р. Мæ хæдзар мын куы абæрæг кæнис иуахæмы, уæд куыд уаид?

У с. О, фæлæ æз моймæдзыд сылгоймаг дæн, господин директор.

Д и р е к т о р. Уый æфсонæн нæ бæззы. Суанг ма хуыздæр дæр у.

У с. Нæ мæ уырны.

Д и р е к т о р. Дæу дæр, уæдæ, ницы бахъыгдардзæн.

У с. Афтæ дæм кæсы?.. Æз нырма мæ лæджы никуыма фæсайдтон... Æцæг дын зæгъын, æцæг, господин директор.

Д и р е к т о р. Уæдæ дæ хъуамæ лæмбынæг æруындтытæ кæнон. Фыццаг хатт фембæлдтæн ахæм сылгоймагыл.

У с. Уый курæг дæ дæн, господин директор...

Д и р е к т о р. Хæстæгдæр-ма мæм рацу! *(Æрбахъæбыс кæнынмæ йæ хъавы.)*

У с. Афтæ, цыма, æгæр хæстæг уыдзæни. *(Йæхи фæиуварс кæны.)*

Д и р е к т о р. Æмæ, уæдæ, куыд? И?

У с *(йæ мидбылты худы, стæй йæ сæр банкъусы)*. Господин директор!..

Д и р е к т о р. И?

У с. Ныр дæ заводы уæзласæн машинætæ мах æрмадзы цалцæг кæныныл цæуыннæ разы кæныс?

Д и р е к т о р. Цæмæй йæ зыдтон, ацы æрмадзы хицауæн ахæм зæрдæскъæф бинойнаг и, уый.

У с. Ныр æй зоныс. Алцыппæт кусæнгарз дæр нæм ис. Тагъд райсдзыстæм ног зырнæйзилæн станок. Мæ лæг цыфæнды куыстмæ дæр арæхсы. Машинæтæ хорз зоны.

Д и р е к т о р. Цыдæриддæр у, уæддæр ын рæсугъд бинойнаг ис. *(Хъуыддагхуызæй.)* Цæй, хорз, баныхас кæнæм: æз дæттын куыст дæ лæгæн, ды та-иу мæм алы къуыри дæр æрбахæсдзынæ йæ куысты бæрæггæнæнтæ. Хыгъд кæнынæн.

У с. Цинæй мæлгæ, господин директор. Æниу дæм сæ хæсгæ дæр цæй тыххæй хъуамæ ма кæнон?

Д и р е к т о р. Дæхицæй æдылы ма араз! Тынг хорз æй зоныс, æз цæй кой кæнын, уый. Алы хуыцаубоны дæр мæм хæсдзынæ гæххæттытæ, дæ лæг къуырийы дæргъы цы бакуыста, уый тыххæй. Æхсæвæры фæстæ!.. Цы зæгъинаг дæ уый тыххæй?

У с *(исдуг ницы сдзуры)*. Хорз, бахæсдзынæн-иу дæм гæххæттытæ... Æмæ мæ исчи куы фена, уæд та?

Д и р е к т о р. Хæдзармæ-иу мæм æрбацæудзынæ.

У с. Уый та ноджы хуыздæр!

Д и р е к т о р. Мах хæдзары ничи вæййы æфснайæгæй дарддæр. Йæ дзыхыл хæцын зоны... Афтæ, уæдæ: мастер куыддæр фæзына, афтæ-иу камерæ баивæд æмæ-иу мын мæ машинæ æрбатæрæд нæхимæ.

У с. Зæгъдзынæн ын.

Д и р е к т о р. Æмæ йæ куысты тыххæй дæр баныхас кæндзыстæм æххæст.

У с. Куыд тынг бацин кæндзæн, уый куы зонис, господин директор!

Д и р е к т о р. Хуыцаубонмæ, уæдæ! Фенынмæ уал! Нæ мæ ' вдæлы.

(*Йæ фæстаг ын армытъæпæнæй ракъæрцц кæны æмæ ацæуы.*)

*Ус æй дуаргæронмæ ахæццæ кæны.*

### *Фæндзæм сценæ*

*Рахиз дуарæй ногæй æрбацæуы* б у х г а л т е р *æмæ æрмадзмæ усмæ бараст вæййы.*

Б у х г а л т е р. Кæртæй куыд фæцæйхызтæн, афтæ дын кæсын æмæ — мæ хицау. Нæ мæ бафæндыди салам раттын уыцы хъамылы хуыйæн... Цы йæ хъуыдис ам, цы?

У с. Йæ машинæ фехæлди. Зæгæл бауади йæ цалхы.

Б у х г а л т е р. Фæлтау уыцы зæгæл йæ фæстаджы куы ныссагъдаид.

У с. Мæнæн дзы мæхион мæхи фæци. Ныр заводы уæзласæн транспорт цалцæг кæндзæни мæ лæг.

Б у х г а л т е р *(йæ дзых гомæй баззад, афтæмæй йæм кæсы; кæны маргæйдзаг худт).* Уый дзæгъæл хуымæтæджы ницы сараздзæн.

У с. Сабыр. Уæлдæйттæ ма дзур.

Б у х г а л т е р *(мидбылхудгæ).* Æз æрмæстдæр уый зæгъинаг дæн, æмæ йæ зæрды цыдæр æрæфтыди. Æз æй хорз зонын уыцы адæймаджы.

У с. О, фæлæ мæн нæ зоныс.

Б у х г а л т е р (*мидбылхудгæ*). Раст зæгъгæйæ дæ цыдæртæ зонын, Мартæ. Ам мемæ хъуамæ сразы уай.

*Æппын ницы сдзургæйæ ус бухгалтеры русæн ахъаззаг гæрах ныллæсы. Бухгалтер йæ дзыхыдзаг хъæрæй ныххуды.*

Кæдæй нырмæ мын байдыдтай ахæм митæ кæнын? Гъеуый дын, гъе!

У с. Гъеныр ма мæ ноджыдæр цыдæртæ базыдтай.

### *Æхсæзæм сценæ*

*Æрбацæуы* *Л æ г. Тагъд-тагъд авансценæмæ рацæуы.*

Л æ г *(йæ цæсгом хурау райы).* Директорыл амбæлдтæн уынджы. Хабæрттæ ивуыылдæр зонын. Мæнæ цы амондджын стæм, Мартæ, мæнæ куыд ацыдис нæ хъуыддаг!

Б у х г а л т е р *(æлхыскъгæнæгау).* Арфæ дын кæнын, мастер.

Л æ г. Стыр бузныг, господин Эмиль, стыр бузныг. Мартæ, ныр нæ фыдæбæттæ фæсте аззадысты. Ныр мын куыст уыдзæни æнæхъæн цалдæр азæн. Мæнæ дæм раст æввонгæй æхца куыд ивыла, уыйау... Дæу руаджы æрмæстдæр, Мартæ, дæу фæрцы! Куыдæй бафтыдис уый дæ къухы, уагæры?

У с *(йе уæхсчытæ базмæлын кæнгæйæ).* Хæрз æнцонæй. Балæгъстæ йын кодтон, æндæр ницы.

Б у х г а л т е р. Дæ ус мын ныртæккæ мæ уадулæн иу ныуудæста. Ныр дæр ма мæ цæстытæ тартæ кæнынц. Цы зæгъинаг дæ уый тыххæй, мастер?

У с. Уымæн æмæ æдзæлгъæд ныхæстæ кодта. Дарддæр дæр ма куы кæна æдзæлгъæд ныхæстæ, уæд ма йæ дзы ноджыдæр иу фæуыдзæн.

Л æ г. Ахæм риссаг цæф нæ уыдаид, господин Эмиль... Мæ усы цур де 'взагæн уаг зон. Иу æмæ дын дыуусæ хатты нæ загътон.

Б у х г а л т е р. Уæдæ-уæдæ, ныр мæ дзыхыл хæцдзынæн. Хорзæй баззай, мастер!

Л æ г. Директоры машинæмæ базилын хъæуы тагъддæр. (*Паузæ.*) Уæддæр цæй хорз бакаст дæ коммæ директор?!. (*Æрмадзмæ бацæуы æмæ йæ кусæндарæс скæны.*)

*Б у х г а л т е р хъæлдзæгæй йæ сæрæй акувы усæн æмæ лæджы фæстæ рацæуы.*

Л æ г *(уатмæ бахизы æмæ йæ усырдæм бацæуы, уый та уыцы рæстæг хуыссæн кæны кушеткæйыл).* Гъер мын æй радзур, радзур мын æй бæлвырддæр.

У с. Æмæ дзы уыйбæрц дзуринагæй дæр ницы ис. Бафарстон æй: зæгъын, уæ машинæтæ цалцæг кæныны хъуыддæгтæ бынæттон адæмæй искæмæн цæуынмæ бахæс кæнут. Æмæ йæ уадидæгæн бамбæрста, дæу кой кæнын, уый. Цы уæлдай йын у, æхца кæмæн фиддзæн, уый.

Л æ г. Уæдæ, махæн та уый мæнæ раст удхосау у... О, Хуыцау, афæдзы размæ цæуыннæ бафтыди нæ къухы ацы хъуыддаг! Афæдзы размæ, уæд та! Уæд абон тæригъæдджын нæ уаин не Скæнæджы раз, уыцы æнæхайыры зæгæлтыл не сбæндæн уыдаин.

Ус. Директорæн дæр дæ зæгæлтæй иу бауад йæ цалхы.

Л æ г. Йæ цæстытæм ын комкоммæ бакæсын дæр нæ уæндыдтæн, ахæм æфсæрмы дзы кодтон. Æмæ афтæ алкæмæй дæр... Æгæр хъизæмар уыди уый, æвæдза... Фырадæргæй ма-иу цы акодтаин...

У с. Ныр дæ бахъæудзæн иу дзæбæх лæппуйы ссарын, æнæ æххуысгæнæгæй дын зын уыдзæни.

Л æ г. Нæ, Мартæ, нæ хæдзары æцæгæлон нæлгоймаг уа, уый сæр нæ ницæмæн хъæуы.

У с. Рагацау мын куы старстæ, уагæры ма йæ куы райсæм...

Л æ г. Мæхи фаг йеддæмæ дзы нæ уыдзæн куыст, Мартæ, суткæ æстдæс сахаты куы хъæуа кусын, уæддæр нæ бафæллайдзынæн. Хъарутæ мæм ис нырма... Мæнæ мын цы 'хсызгон у! Мæнæ мын цы 'хсызгон у!..

*Д з æ н г æ р æ г.*

Æвæццæгæн та чидæр фыдбылызы смидæг. Тæккæ райсом цæуын æмæ дзы иунæг зæгæл дæр нал ныууадздзынæн. *(Дуар байгом кæны.)*

### *Æвдæм сценæ*

*Цудтытæгæнгæ æрбацæуы ш о ф ы р. Йæ уæлæдарæс йæ сæрæй йæ къæхтыбынмæ у чъизи, раст цыма цъыфы бæгъдулæг кодта. Йæ цæсгом — фæлурс, йæ ныхы скъуыдæй туг хъары.*

Л æ г (*тарстæй*). Цы 'рцыди?

*Шофыр рахау-бахаугæнгæ бацæуы хъæсдарæгмæ, æрбады йыл.*

Ш о ф ы р. Дамкърат! Тагъддæр дамкърат! (*Фæцæйхауы.*)

Л æ г (*схæцы йыл*). Тугæй куы нæуал зыныс! О Хуыцау! Цы 'рцыди? Цы 'рцыди? (*Кърантмæ базгъоры, къухмæрзæн ахуылыдз кæны.*)

У с (*уатæй æрмадзмæ 'рбахизы*). Цы 'рцыди?

Ш о ф ы р. Машинæ сфæлдæхти æмæ асхъиудта былæй.

У с (*лæгæй къухмæрзæн байсы). Æ*ри-ма йæ ардæм! (*Тугтæ сæрфы.)* Цæй-ма, тæссагæй дзы ницы ис.

Ш о ф ы р. О, фæлæ машинæйы бын сывæллон и. Сывæллон!

Л æ г. О, не скæнæг Хуыцау!

Ш о ф ы р. Мæнæ ам хæстæг, уæ тæккæ хæдзары раз, рекламæйы цур. (*Хъавы сыстынмæ, фæлæ ныхъхъæрзы æмæ фæстæмæ æрбады.)* Дамкърат!

У с. Кæм ма дын риссы 'ндæр?

Ш о ф ы р *(сгары йæ фæрсчытæ).* Мæ фæрск, цыма, саст у.

У с *(йæ дæларм бацæуы).* Цом-ма, сынтæгыл æруадз дæхи. *(Шофыры уатмæ кæны; усы руаджы шофыр сынтæгыл æрхуыссы.)* Æнцад хуысс афтæ. (*Æрмадзмæ йæ лæгмæ атындзы; мæстыйæ.*) Мæнæ дын дамкърат! *(Æрдæгхъæлæсæй.)* Кæд цалх хуынкъ у, уæд æй æвæстиатæй раив. Хъусыс, исты йæ фæкæ æвæстиатæй. Æз та уал шофыры ныхæстыл дардзынæн, куыд ницы бафиппайа, афтæ.

Л æ г. Цæмæй тарстæн, уый мæ сæр баййæфта!

У с. Сæхгæн дæ дзых! Райс дамкърат æмæ феддæдуар у!

Л æ г. Нæ раны стæм ныр.

У с. Æз дын цы зæгъын, уый кæн. Хъусыс? Цалхы резинæ раив æвæстиатæй!

Л æ г. О, Мартæ, о.

У с. Арахъхъ ма нæм баззад?

Л æ г. Скъаппы. (*Дамкърат кæртыдуарырдæм йæ фæдыл аласы. Ацæуы.*)

У с (*уатмæ бацæуы*). Æмæ уæддæр куыд рауади?

Ш о ф ы р (*усы æхсхуысæй йæ пинджак раласы*). Мæхæдæг дæр ын ницы бамбæрстон. Кæд мæ цалхы резинæ исты кодта. Фыр адæргæй йæм кæсгæ дæр нал æркодтон дзæбæх. Ардæм мæхи раппæрстон, уымæн æмæ машинæйы бын сывæллон и... Æвæццæгæн, мæ цалх фæхуынкъ и...

У с. Чи зоны. Фæлæ уый æнæмæнг хабар нæу. Цы нæ ’рбамбæлы машинæйыл.

Ш о ф ы р. Мæн уырдæм цæуын хъæуы... Сывæллон! Сывæллон!.. *(Архайы рабадыныл, хъæрзы.*)

У с. Дæ бон не суыдзæн нырма. Ахуысс уал. Мæ лæг ацыди машинæмæ. Уый æппæт дæр сараздзæн. Ралас-ма дæ хæдон, æз дæ фенон, кæддæра куыд у дæ уавæр. (*Йæ хæдон ласынæн ын æхсхуыс кæнгæйæ.*) Цы риуы æвæрд дын и, нæ фæлæ! Бæгъатыр риу... *(Скъаппæй райсы арахъхъы авг æмæ чысыл агуывзæтæ).* Афтæ, уæдæ. Ныр та буануаздзынæ арахъхъ.

Ш о ф ы р. Уæнгæлæй мын æнаддæр у арахъхъ. *(Нуазы.)*

У с *(æркæны та ноджыдæр).* Иу ма. Æвастæй чи фæтæрсы, уымæн йæ хос у!

Ш о ф ы р(*нуазы*). Æрбарасыг дзы вæййын æвиппайды.

У с. Æз дæр æй куы фенин. *(Дыууæ агуывзæйы дæр сæ тæккæ былтæм бакæны.)* Фыртæссæй мæ уд ауадис мæнæн дæр. *(Бакъуырцц кæнынц. Нуазынц.)*

Ш о ф ы р. Тынг æнад мын у арахъхъ. Ницы нуазын æппындæр. Фæлæ мын фенцондæр и æцæгæй дæр.

У с *(рауадзы та, бакъуырцц æм кæны).* Æмæ дын уæдæ æз цы загътон! Уæдæ-ма уæд фæйнæ!

Ш о ф ы р. Æрмæстдæр де 'фсæрмæй! (*Нуазы.)* Хорз нæу хабар. Дачæйæ ластон сывæллоны... *(Йе 'взаг йæ коммæ нал кæсы.)* Æмæ йæ хъуамæ сæмбæлын кодтаин йæ хæдзарыл, горæты. Амæй ма бæллæхдæр цы уа. Ныр мæ мæ хицау дæр разыввытт ласдзæн мæ куыстæй.

У с. Уыйонгты нæ ахæццæ уыдзæн хъуыддаг. *(Æркæны та йын, шофыр нуазы.)* Лæппу у?

Ш о ф ы р. Чызг. Авдаздзыд... Ныр ма цы уæлдай у. (*Йæхæдæг йæхицæн æркæны, нуазы.*)

У с. Машинæтæ цалцæггæнæгæй кусыс?

Ш о ф ы р. О, стæй мæ куыст иттæг хорз зонын.

У с. Гъемæ дæ кæд дæ куыстæй ратæрой, уæд-иу комкоммæ махмæ рацу кусынмæ.

Ш о ф ы р (*йе 'взаг йæ дзыхы нал тасы).* Бæргæ хорз уаид уый. Уый, æвæдза, тынг хорз уаид. *(Хъæрзы.)*

У с *(сгæрстытæ йæ кæны).* Ам риссы?

Ш о ф ы р. Куыддæр мыл андзæвыс, афтæ фырадæргæй фæцæй æрра кæнын. *(Кофтæйы бын йæ къух ауадзы, расыг дыгъал-дыгъул кæны.)* Дæ буар тынг фæлмæн у. Фæлмæн-фæлмæн...

У с. Адде ма кæн дæ дзæмбы. *(Йæ къух ын асхойы.)*

Ш о ф ы р *(сылгоймаджы æрбахъæбыс кæны, уый дзы йæхи иуварс ласы).* Рацу-ма ардæм! *(Сылгоймаджы уæхскыл йæ сæр æрхауы. Æрдæгфынæйæ.)* Алыг ис ууыл. Цæттæ дæн æз.

У с. Афынæй кæн, афынæй. Уымæн дзы æмбал нæй.

Ш о ф ы р *(æрдæгфынæй æмæ расыгæй).* Фæлæ-иу райсом... райсом... æрбацу-иу мæм...

У с. О, райсом. *(Уаты рухс ахуыссын кæны, цадæггай бахгæны дуар, æрмадзмæ хъуызгæ бацæуы, сагъæсхуызæй сагъдауæй лæууы. Кæртыдуарырдæм йæ къахфындзтыл азгъоры, ахизы æддæмæ, цæстæнгасæй кæйдæр агуры. Йæ лæг æрбацæуы, уый фены æмæ йæм йæ тых, йæ бонæй йæ къух тилы; хæдзармæ фæстæмæ базгъоры, уаты дуары цур æрыхъусы.)* Хуыр-хуыр кæны.

*Æрбацæуы л æ г, цадæггай тыхамæлттæй цæуы размæ, æдзынæг кæсы йæ усмæ, йæ фырлæмæгъæй цалцæггæнæн дæгъæл йæ къухтæй аирвæзы.*

У с *(мæстыйæ).* С-с-с... *(Амоны уатмæ.)* Бафынæй. (*Амæй фæстæмæ сæ дыууæ дæр дзурынц æрдæгхъæлæсæй.)*

Л æ г. Сывæллон...
У с. Хуынкъ у цалх?
Л æ г. Мартæ, сывæллон...
У с. Дæу куы фæрсын: хуынкъ у цалх?
Л æ г. О, раззаг рахиз цалх. Мæ зæгæлтæй иу.
У с. Баив æй. Хъусыс, æвæстиатæй.
Л æ г. Байхъус-ма мæм, Мартæ!
У с (*знæтæй*). Омæ дзур, дзур. Цы хабар у?
Л æ г. Сывæллон амард.
У с. Уанцон нæу?!
Л æ г (*адæргæй цы акæна, уый нæ зоны).* Йæ сæр ныппырх и!..
*Æрвдзæфтау кæсынц кæрæдзимæ.*

Æ м б æ р з æ н

## ДЫККАГ АРХАЙД

### *Фыццаг сценæ*

*Къуырийы фæстæ. Фыццаг архайд кæм цыдис, уым. Ræбинаг къулы рудзгуытæй уатмæ æмæ æрмадзмæ хуры тынтæ кæсынц. Шофырæн йæ ныхыл бинты гæппæл ныхæст (бинты бынæй зыны бæмбæг), цалцæггæнæн тæрхы уæлхъус цыдæртæ кусы. Йæ цæнгтæ йæ фæрстæм æлхъывд, афтæмæй рацу-бацу кæны. Куыд акъахдзæф кæны, афтæ та, каркау, йæ сæр размæ аивазы. Цæугæ йæ зæвæттыл кæны, фæлæ æнæсыбырттæй. Кæд йæ цуры ничи ис, уæддæр хаттай йæ мидбылты хинхудт бакæны, йæ рихи ахсыны.*

У с (*дзаг хызынимæ æрмадзмæ бацæуы, аракæс-бакæс кæны*). Кæм и? Мæ лæг кæм и?

Ш о ф ы р (*мидбылхудгæ амоны кæртыдуармæ).*Мæнæ ныртæккæ ахызти.

У с (*фæцæуы уатмæ, шофыр дæр йæ фæстæ араст вæййы æмæ сынтæгыл æрбады).* Абон дын дæ уат æфснайдтон æмæ дын дæ къултæй уыцы бæгънæг сылгоймæгты нывтæ рафтыдтон... Мæ лæг сæ куы фена, уæд смæсты уыдзæн.

Ш о ф ы р. Æндæртæ дæр ма мæм ис. Равдисон дæм сæ?

У с. Тынг мæ æрхъуыдысты!

Ш о ф ы р (*йæ къух размæ раппары, фæлæ йын фæриссы æмæ йæ йæ фæсчъылдым амбæхсы*). Уæдæ дысон дæ зæрдæмæ тынг куы фæцыдысты... (*Æрбахъæбыс æй кæны.*)

*Сылгоймаг шофыры æфцæгыл атыхсы æмæ йын батæ кæны. Къахдзæфты уынæр куы ’рбайхъуысы, уæд фæйнæрдæм агæппытæ кæнынц.*

## *Дыккаг сценæ*

*Лæг æрбацæуы, цалцæггæнæн тæрхыл сбады æмæ джихæй кæсы уыцы иу ранмæ.*

Ш о ф ы р. Фæзынди. *(Рахиз дуарыл сабыргай рацæуы.)*

У с *(бацæуы æрмадзмæ æмæ æрлæууы йæ лæджы цур)*. Уый та дын цавæр бадт у, Мартин? Иудадзыг дæ зæрдæмæ куы хъусай, уæддæр дзы ницыуал раздахдзынæ... Байхъус-ма мæм. Хъуыддаг у афтæ: цалх кæй фæхуынкъ, уый азарæй æрцыди ацы бæллæх. Фæлæ йæ куы базоной, уæддæр цæмæй хæйрæг сты, æмæ ды ныккалдтай фæндагыл зæгæлтæ. Сæ фæды-фæдмæ дæр æй нæ базондзысты! Иу æмæ дыууæ цалхы фæхуынкъ вæййы! Фæлæ йæ уæддæр хъуамæ мацы хуызы базоной, цалх кæй фæхуынкъ и, уый. Кæннод дарддæр дæр райдайдзысты къахын æмæ æппæт дæр сбæрæг кæндзысты. Дæуæн хъуамæ фынæйæ дæр æмæ хъалæй дæр дæ сæрымагъзы уа иунæг хъуыды: иу хуынкъ дæр нæ æмæ иннæ хуынкъ дæр... Гъемæ-иу фидар лæуу, пъæлицæ куы 'рбацæуой æмæ дæ фæрсынтæ куы райдайой, уæд. Ныртæккæ уый у сæйрагдæр. Ды хъуамæ кæнай уыцы иу ныхас. Æмæ уæд фыдбылызæй аирвæздзыстæм.

Л æ г *(йæхицæн дзурæгау)*. Уæдæй ардæм — æгас къуыри ныр — хуыссæджы цъынд нæма федтон. Мæ цæстытæ æрæхгæдтон, зæгъгæ, афтæ мæм уыцы сывæллон комкоммæ ныккæсы. Мард у, афтæмæй мæм уæддæр ныккæсы.

У с *(рæвдауæгау)*. Сывæллоны баныгæдтой, Мартин, никæмæуал кæсы ныр.

Л æ г. Бабын стæм уыцы зæгæлты азарæй. Ахæстонмæ мæ батæрдзысты ацы зæгæлтæ.

У с. Æз дын хорз зонд бацамыдтон. Уыцы изæр цалх нæ раивтай, зæгъгæ, уæд афонмæ бадис ахæстоны.

Л æ г. Уæд мæ удæн æнцондæр уыдаид.

У с. Æмæ уæд æз та куыд кодтаин, ууыл нæ хъуыды кæныс?

Л æ г. Æз æдзухдæр æрмæст дæуыл хъуыды кодтон. Суанг мæнæ ныртæккæ дæр: стыр бæллæх мæ сæр баййæфта, уæддæр дæуыл хъуыды кæнын æрмæстдæр — æппæт дæр арвау куы сбæрæг уа, уæд ды та цы фæуыдзынæ?..

У с. Ницы сбæрæг уыдзæн мур дæр, дæхиуыл фидар куы фæхæцай, уæд. Ды ахæстонмæ нæ бахаудзынæ. Æмæ уæд куыдфæстæмæ дæ чемы 'рцæудзынæ.

Л æ г. Нæ, Мартæ, нæ. (*Йæ риу бахойы.)* Мæнæ ам бады, мæнæ. Мæнæй тыхджындæр у уый.

У с (*загъдгæнæгау)*. Дæхи фидарæй дæ къухтæм куы нæ

райсай, уæд фесæфтыстæм дыууæйæ дæр... Пъæлицæйæ куы ’рбацæуой, уæд-иу, цæйбæрц гæнæн и, уыйбæрц къаддæр дзур. Франц æрбацæудзæн. Аивæй йæ сбæрæг кодтон æз. Франц та рагæй мæ фæстæ зилы... Акъахдзæф кæнын мæ нæ уадзы раст... Æмæ Францы мæхи бар уадз... Цыбыр дзырдæй, ды ницы зоныс æппындæр! Ды зоныс æрмæстдæр иу хъуыддаг: цыппар цалхы дæр уыдысты æнæхъæн... Хъусыс?

Л æ г *(куыдфæндыйæ).* О-о. Фæлæ ныр мæ царды хорзæй никуыуал ницы уыдзæни. Никуыуал æппындæр. Уый бæлвырд у. Мæ зæрдæ йæ зоны.

У с. Ныр та цæугæ — дæ куысты уæлхъус балæуу æмæ дын фенцондæр уыдзæни.

Л æ г. Мæнæн ныр никуыуал фенцондæр уыдзæн. *(Тыхамæлттæй сысты, кæртыдуарыл ахизы, йæ ус сагъæсхуызæй кæсы йæ фæстæ.)*

*Рахиз дуарыл уатмæ æрбацæуы б у х г а л т е р.*

### Æртыккаг сценæ

У с *(уатмæ бацæуы; бухгалтерæн, уазал хъæлæсæй).* Цымæ нæм цæй охыл саккаг кодтай?

Б у х г а л т е р. Мартæ, кæдæй нырмæ райдыдтай мемæ ахæм уазал хъæлæсæй дзурын? Цы ’рцыди?

У с *(дæрзæгæй).* Афтæ мæм хуыздæр кæсы! *(Æрмадзмæ ацæуы, бухгалтер дæр йæ фæстæ.)*

Б у х г а л т е р *(мидбылхудгæ).* Уæдæ, зæгъыс, мæ бынат дæ зæрдæйы чидæр йæхирдыгæй фæкодта... Тынг цæрдæг архайыс, æвæдза... Уæдæ æз кой дæр мацыуал скæнон?

У с. Æз дæу куы фæрсын: цæй охыл нæм саккаг кодтай?

Б у х г а л т е р. Æз æрмæстдæр уый зæгъынмæ хъавыдтæн,æмæ уæм пъæлицæйы кусæг Франц кæй æрбацæуы. Ацы минут æй ардæм хъæуы. Гъеуый дын зæгъынмæ хъавыдтæн рагацау, цæмæй хиуылхæцгæдæр уа æмæ уæлдай ныхæстæ ма фæкæна. Пъæлицæйæгтæ уарзынц хынцфарст кæнын. Дзурæд хъуыдыгæнгæ, адæймаг кæй фæмард, уый дзы рох ма уæд.

У с *(йæ тарст æмбæхсгæйæ, къахæгау).* Чи дзура хъуыдыгæнгæ, чи ма фæкæна уæлдай ныхæстæ?

Б у х г а л т е р. Чи? Чи? Мæнæ, дæ зæрдæйы мæ бынат чи рацахста, уыцы шофыр! *(Амоны дуармæ).* Уæртæ Франц æрбацæуы. Æз ам нал дæн. *(Мидбылхудгæ.)* Фæлæ мæм диссаг кæсы... Мæ уромæнтæ нал скуыстой, зæгъгæ, куы загътаид шофыр, уæд ууыл хъуыддаг ахицæн уыдаид. Уымæн æмæ йæ ничи баггæды кодтаид — машинæ сау бынындæрæн у.

У с. Уый та шофыры хъуыддаг у, цы зæгъинаг у, уый.

Б у х г а л т е р. Уый дæр раст у. *(Æрмадзы дуарыл ацыди.)*

*Ус исдуг сагъæсхуызæй алæууы, стæй уатмæ бахизы æмæ рахиз дуарыл ацæуы.*

### *Цыппæрæм сценæ*

*Æрмадзы дуарыл æрбацæуынц* *ш о ф ы р, п ъ æ л и ц æ й ы и н с п е к т о р* *формæйы æмæ* *б у х г а л т е р.*

И н с п е к т о р *(гæххæтт хъæсдарæгыл райтындзы, ныггуыбыр æм кæны, кæсы йæм, йæ сæр нынкъусы, йæхи сæмраст кæны; шофырæн).* Фæлæ уæддæр мæ бон нæу хъуыддаг рæстмæ бамбарын. Нывыл куы цыдаис, уæд дзы æнамонд хабарæн бынат нæ уыдаид.

Ш о ф ы р (*нымады дæр æм ницы у, мидбылхудгæ*). Мæхæдæг дæр ын ницы 'мбарын. (*Йæ къух размæ раппары, фæлæ йын фæриссы æмæ йæ фæстæмæ йæ чъылдымыл авæры.*) Ныр æнæхъæн аст азы скъæрын машинæ. Æмæ мыл никуы 'рцыди ай хуызæн хабар.

*Æрмадзмæ æрбацæуы ус æмæ йæ хъус аивæй дары ныхасгæнджытæм.*

И н с п е к т о р. Гъеныр кæд рулыл нæ афынæй дæ, уæд...

Ш о ф ы р. Цытæ дзурыс!

И н с п е к т о р. Уымæн æмæ лæгъз фæндаг у. Раст зæгъын хъæуы, фæзилæны машинæ кюветырдæм ауæз кæны. Фæлæ дæ уый адыл фæстæмæ ахастаид, уымæн уæвæн нæй, мæнмæ гæсгæ. Гъер кæд раззаг рахиз цалхы камерæ атыдта! Уæд гæнæн ис æмæ машинæ æваст рахизырдæм ныззылди æмæ фæзилæны фæфæлдæхти.

Ш о ф ы р (*йæ къух размæ раппары, фæлæ та йæ фæстæмæ йæ фæсчъылдым амбæхсы*). Уæвгæ дæр раст афтæ уыди! Машинæ æваст рахизырдæм ныззылдис, раст цыма йæ цалх фæхуынкъ и. Стæй уæд афæлдæхт æмæ кюветы ныххаудта.

И н с п е к т о р. Омæ дæхæдæг афтæ нæ загътай, камерæтæ иууылдæр æнæхъæн уыдысты?

У с. Æз дæр уымæн æвдисæн.

Ш о ф ы р. Изæры мæ бон нал сси мæ машинæ бабæрæг кæнын. (*Йæ ныхмæ амоны.*) Фæцæф дæн! Фæлæ мын дыккаг райсом мастер загъта, цæлхытæ, дам, æнæхъæн сты. Уый фæстæ сæ мæхæдæг дæр федтон.

И н с п е к т о р. Кæд, мыййаг, дæ уромæнтæ нал скуыстой?

Ш о ф ы р. Нæ, нæ! Уæд æй фæхатыдаин. Уромæнтæ ницы хъуаг уыдысты.

У с. Омæ, цымæ, уыцы тæссар фæзилæны иучысыл змис акалын не 'мбæлди? Боны фæстагмæ, хъыгдаргæ уæддæр ницы бакодтаид.

И н с п е к т о р. Фæндæгты хицауадæн фехъусын кæндзынæн уыцы уайдзæф, кæд дзы фæндаджы уавæр æппындæр ницы аххос у, уæддæр... Хæдзары хицау ам и?

У с. Æз æм фæдзурдзынæн ныртæккæ. (*Цырд змæлы.*) Æз фæдзурдзынæн ныртæккæ мæ лæгмæ. (*Кæртыдуарыл рацæуы.*)

И н с п е к т о р. Ныртæккæ ам кусыс, æрмадзы?

Ш о ф ы р. О, хæдзары хицау мæ райста йæхимæ. Хорз, æмæ ма гъеуымæй уæддæр ацыди мæ хъуыддаг. Кæннод ныртæккæ куыст ссарын ахæм уæззау хабар у, æмæ, чи зоны, цалдæр азы фæбадтаин æгуыстæй. Мæ раздæры хицау мæ уайтагъд федде кодта. Ацы бæллæх куы 'рцыди, уæдæй нырмæ цæугæ дæр никæдæмуал кæны. Машинæ дæр æм нал и.

И н с п е к т о р. Цы бамбарын æй хъæуы. Мæгуыр, цыма, йæ сæрызонд дæр фæцудыдта уæдæй ардæм.

Б у х г а л т е р. Ныр уалæ уæлейы цæры, хъæды цур. Уат дзы бахуырста афæдзы æмгъуыдмæ. Алы бон дæр, дам, йæ машинæйæ æрхизы, йæ сывæллон кæм бабын, уыцы бынаты. Лæууы æмæ джихæй кæсы. Исчи куы фæзыны фæндагыл, уæд æм хæстæг бацæуы æмæ йын йæ цæсгоммæ бакæсы. Хæрзæрыгон сылгоймаг нырма!

Ш о ф ы р. Æз дæр ыл фембæлдтæн знон. Нæдæр мын салам радта, нæдæр мын фæндараст загъта. Æрмæстдæр мæм комкоммæ 'рбакасти. Ме уæнгтæ бауазал сты. Зонгæ дæр мæ нæ бакодта. Афтæмæй йæм æртæ азы фæкуыстон.

Б у х г а л т е р. О,о. Уыцы æнамонд хабары фæстæ йæ сæрызонд фæцудыдта.Æррадоны йæ сæвæрын хъæуы.

И н с п е к т о р *(шофырæн).* Ды уал сæрибар дæ.

Б у х г а л т е р (*шофыримæ иуварс ацæугæйæ*). Æнхъæлдæн та дæ хъуыддаг ацыдис, мæ лымæн... Дæуæн æнæуый дæр дæ амонд хæрæгыл бады. Куыстыл дæр фæхæст дæ æвиппайды! Стæй цавæр куыстыл! (*Дæлгоммæ ныхас кæны.*) Амæй ма дæ хуыздæр куыст цы хъæуы. Цыдæриддæр дæ зæрдæ зæгъы, уыдон — дæ къухты!

*Ацæуынц. Л æ г æмæ у с рахиз дуарыл æрбахизынц æмæ уатæй æрмадзмæ бацæуынц.*

И н с п е к т о р (*лæгæн*). Уæдæ, зæгъыс, æнамонд хабар куы фехъуыстай, уæд æвæстиатæй ацыдтæ машинæ уынæг?

Л æ г. О, господин Франц.

И н с п е к т о р. Æмæ машинæ иунæгæй рафæлдæхтай, стæй йæ фæстæмæ йæ цæлхытыл дæр иунæгæй слæууын кодтай?

Л æ г. Дамкъратимæ уый ахæм зын хъуыддаг нæу. Стæй уырдыджы лæууыди машинæ.

И н с п е к т о р. Уæдæ дын æххуыс дæр ничи бакодта, нæ?

У с. Шофырæн йæ бон цæуын нæ уыди. Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууыди... Арахъхъы фæрцы йæ æрцæуын кодтон йæ чемы.

И н с п е к т о р. Æмæ цæлхытæй уагъд никæцы уыди?

Л æ г (*йæ сæр æруадзы*). Машинæ дамкъратæй хæрдмæ куы систон, уæд федтон сывæллоны... Йæ сæр пырх уыди...

У с. Мартин, господин Франц дæ уыдæттæй нæма фæрсы.

Л æ г (*йæхиимæ дзурæгау*). Цæлхытæ уагъд нæ уыдысты.

И н с п е к т о р. Раззаг рахиз цалх дæр?

*Лæг йæ сæр æруадзы, «о», зæгъгæ.*

У с (*хатыр курæгау*). Господин Франц, ацы бæллæхы фæстæ мæ лæг æппындæр йæхи хуызæн нал у. Уыцы сывæллоны гыццыл сæр пырхæй куы федта...

И н с п е к т о р. Кæй зæгъын æй хъæуы. Фæлæ иу хъуыддаг нæу мæ бон бамбарын: цæлхытæй иу дæр куыннæ суагъта, машинæйæ æппындæр æнæхъæнæй куы ницыуал баззади, уæд? Никуыма уыди ахæм хабар.

У с. Фæлæ уæддæр рауайы. Нæхæдæг удæгас æвдисæнтæ... дарддæр цы уыди, уымæ та мах æппындæр ницы бар дарæм. Æгæрмæгуыр нын машинæ срæвдз кæныны хæрдзтæ дæр нæ бафыстой.

И н с п е к т о р. Стæй ма мæм ноджыдæр иу хъуыддаг кæсы диссаг: уыцы фæзилæны æдзух исты фыдбылыз æрцæуы. Уæлдайдæр та ацы фæстаг аз. Раст зæгъын хъæуы, ныры хуызæн бæллæх дзы никуыма ’рцыди. Цæлхытæ дзы фæхуынкъ вæййынц фылдæр хатт. Мæнæ дзы цементы заводы директорæн дæр йæ цалх фæхуынкъ и, уымæн дæр уыцы бон.

У с. Рауайы!

И н с п е к т о р. Кæй зæгъын æй хъæуы.

У с. Йæ цалх кæмæн нæ фæхуынкъ вæййы, ахæм шофыр та кæм и!

И н с п е к т о р. Уый раст у. Кæд ма исты зонын, уæд цæфхады зæгæлæй фæхуынкъ ис директоры цалх? Афтæ нæу?

Л æ г. О, цæфхады зæгæлæй.

И н с п е к т о р (*йæ чертеж тухы, хъавы ацæуынмæ*). Уый, ома, уый тыххæй зæгъын, æмæ, дзырдæн, цæлхытæй искæцы уагъд

куы уыдаид, уæд дзы уæлдай ракæ-бакæ нал хъуыдаид, бæрæг уыдаид, машинæ цæмæй афæлдæхт, уый. Фæлæ кæд афтæ зæгъут, цæлхытæ æнæхъæн уыдысты... Цæй,мах æй сбæрæг кæндзыстæм.

У с (*инспекторы фæстæ цæугæйæ*). Æрбауайут нæм-иу, господин Франц, нæ цæхх, нæ кæрдзынæй нын саходут. Не 'ртæ дæр хорз куы зонæм, машинæ цы у, уый. Чи зоны, æмæ йæ фæстагмæ равзарæм, цæй аххосæй афæлдæхт, уый.

И н с п е к т о р. Аххос кæй ссардзынæн, ууыл æз æппындæр гуырысхо нæ кæнын. Уый мæнæн мæ куыст у. Ноджыдæр ма иу хатт машинæмæ хъуамæ лæмбынæг æркæсон. (*Разилы.*) Дзæбæхæй баззай, хорз лæг.

Л æ г (*йæ чемы нæй*). Фæндараст.

И н с п е к т о р. Бузныг, цæхх-кæрдзынæй мын уæздан кæй загътай, уый тыххæй. Æрбауайдзынæн æнæмæнг. Сымахмæ æз кæддæриддæр уæлдай æхсызгонæй æрбауайын. Мæнмæ гæсгæ, ды уый иттæг хорз зоныс, Мартæ.

У с. Афтæ у? Æцæг зæгъыс? Уæдæ-иу уæд æрбауай æнæмæнг. Кæд дæ фæнды, уæд мæнæ ацы хуыцаубоны. Уый фæстæ та горæтмæ ацæуиккам, кафæн фæзмæ.

И н с п е к т о р. Бæргæ хорз уаид.

*Сæ дыууæ дæр ацæуынц. Л æ г æрбады æмæ æрхæндæгæй иу ранмæ ныдждджих вæййы.*

### *Фæндзæм сценæ*

*Æрмадзмæ бацæуы м а д, иу фынддæс æмæ ссæдзаздзыд, сау къаба йыл, сау дзабыртæ, сау цъындатæ, сау шляпæ, сау цæсгомæмбæрзæн. Цæуы хъавгæ, æвиппайды фæкæлын æмæ* ахауынæй цыма тæрсы, уыйау.

М а д (*фæрсгæ-дзурæгау*). Мæ гыццыл чызг цæлхыты бын куыд хуыссыди, уый федтай?

Л æ г (*сыстгæйæ*). О, мадам.

М а д. Улæфгæ ма кодта?

Л æ г (*хорзау нал у*). Мард уыди дæ сывæллон.

У с. О, фæлæ йæ цæстытæ? Йæ цæстытæ гом уыдысты? Кæсгæ дæм кодта мæ сывæллон? Хъуамæ йæ бадардтаис дæ зæрдыл. Зæххæй йæ систай, хæцыдтæ йыл дæ къухтæй... Æви йын æрæхгæдтай йæ цæстытæ?

Л æ г (*адæргæй цы акæна, уый нæ зоны*). Гом уыдысты йæ цæстытæ.

М а д. Æмæ йын сæ ды сæхгæдтай?

Л æ г. Нæ, мадам.

У с. Йæ цæстытыл ын ничи æрхæцыд? Ничи? (*Зондцухау.*) Ленк кæнын куы сахуыр и æрæджы! Йæ гуыбыныл. Йæ гуыбыныл хуыссыди?

Л æ г (*фæсонтау, равдисынмæ хъавы, сывæллон куыд хуыссыди, уый, фæлæ йæхиуыл йæ хъару нæ цæуы*). О, йæ гуыбыныл! Йæ къухтæ та мæнæ афтæ æвæрд уыдысты. Йæ сæр... йæ гыццыл сæр... (*Йæ æрмттæй йæ къæмисæнтæ æууæрды.*) Мæнæ ацы ран... йæ сæр...

М а д. Цы?

Л æ г. Пырх уыдис ацы ран.

М а д. Туг?

Л æ г (*йæхиимæ дзурæгау*). Йæ буар та ма хъарм уыди.

М а д (*йæ хызыны цыдæр агуры*). Уый хæдразмæ бон мæнæ ацы фыстæг райстон мæ чызгæй. (*Ссары фыстæг.*) Уый хæдразмæ бон æй райстон. (*Кæсы.*) «Мæ дзæбæх гыцци, æз базыдтон ленк кæнын. Абон уыдыстæм куыройы, банызтам дзы æхсыр. Йæ цæст нæм цы сылгоймаг дары, уый афтæ зæгъы, Англисы сабитæ, дам, ивуылдæр ахуыр кæнынц ленк кæнын...» (*Скæуы.*) «Къуырисæры райдайдзыстæм ахуыр кæнын, афтæмæй ме 'рвхуыз къаба скъуыд у. Дæ русæн дын ба кæнын. Бахуыдтой къаба...» (*Йæ цæссыгтæ згъалгæйæ.*) «Æз иудадзыг дæр кæсын бæлæстæм. Цæй рæсугъд сты. Ам тынг бирæ бæлæстæ ис, къæвда дзы куы нæ вæййы, уæд. Куыдтæ цæрыс дæхæдæг? Æз дзæбæх дæн. Чи нæм зилы, уыцы ус афтæ зæгъы, тынг, дам, басыгътæ хурмæ. Стæй ленк кæнын дæр базыдтон. Къуырисæры фендзыстæм кæрæдзийы...» (*Æваст, зондцухау, йæ мидбылты бахуды.*) Къуырисæры йæ фендзынæн. (*Уыцы мидбылтыхудгæ ацæуы.*)

*Лæг сагъдауæй баззайы. Зæхмæ джихæй кæсы.*

### *Æхсæзæм сценæ*

У с (*рахиз дуарыл уатмæ æрбацæуы, æрмадзмæ бахизы: фæдзæхсæгау*). Господин Францæн йæ зæрдæ цæмæдæр фехсайдта. Кæд, зонгæ бæлвырдæй ницы кæны, уæддæр. Фæлæ тæрсын, истытæ куы ракъаха, уымæй. Дæхи, куыд æмбæлы, афтæ дар, мацы æдылы ныхæстæ ралæхур...

Л æ г (*æнцад-æнцой хъæлæсæй, йæ мид-зæрдæйы фидар хатдзæгмæ кæй æрцыдис, уый бæрæг у*). Йæ мад ам уыди, сывæллоны мад... Æз хъуамæ бацæуон пъæлицæмæ æмæ æппæт дæр радзурон — куыд уыди, афтæ.

У с (*фæсонтау*). Цы загътай?

Л æ г (*йæхиимæ дзурæгау*). Æз амардтон сывæллон. Куыддæр йæ царды къæсæрыл æрлæууыди, афтæ. Æмæ хъуамæ мæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæнон. (*Йæ сæрыл схæцы.*) Æппæтæй хуыздæр та уыдзæни, абон-райсом куы нæ кæнон, фæлæ мæнæ ныртæккæ пъæлицæмæ куы бацæуон, уæд.

У с (*хорзау нал фæци*). Æз та дын уæдæ афтæ зæгъын, æмæ дзы хорзæй ницы рамбулдзынæ. Мæ удæгасæй уый нæ уыдзæни, хъусыс, нæ уыдзæни!

Л æ г (*кæдæй-уæдæй йæхинымæры скарста йæ цæсгом ссыгъдæг кæнын, æмæ ницæмæйуал тæрсы, уыцы нымæцы йæ усæй дæр, сабыр хъæлæсæй*). Ды мæ нæ бауромдзынæ. Ам мыл дæ бон нал цæуы. Нырæй фæстæмæ дæ бон нал цæуы мæныл.

У с (*дисгæнгæ*). Цы дыл æрцыди, цы? Ахæмæй дæ никуы зыдтон. (*Паузæ.*) Кæмæн дзы цы пайда ис, ды дæхæдæг дæхи къæхтæй пъæлицæмæ куы бацæуай, уæд? Сывæллон нал райгас уыдзæни. Цы пайда ма дзы ис?

Л æ г. Пайдайыл нæ цæуы ныхас. *(Йæ риу хойы.)* Мæнæ ауыл цæуы ныхас. Мæ зæрдæ мæм цы дзуры, ууыл. Зонын æй, мæн аххос уыди, уый! Нырæй фæстæмæ мæ цард цард нал у. *(Йæ сæр æруадзы.)* Нæ чындзæхсæвы фæстæ фыццаг аз мæ хъуыддæгтæ рæстмæ нæ цыдысты, æмæ мæ ды дæр бынтон райгонд нæ уыдтæ, суанг нын дуканигæс хæринæгтæ æфстау дæр нал лæвæрдта. Æмæ уæд æз дæр фæтарстæн, куы мæ ныууадзай, уымæй, æмæ зæгæлтæ акалдтон фæндагыл. *(Паузæ.)* Нæ фæрæстмæ ис нæ цард... Чызгæй тынг дзæбæх уыдтæ, сыгъдæг æмæ зæрдæмæдзæугæ, раст мæнæ ног сыфтæрау. Фæлæ нæ чындзæхсæвы фæстæ æваст фендæрхуызон дæ, раст дæ цыма хъæдæй сарæзтæуыд.

У с. Зонын æй, зонын æй! (*Паузæ.*) Мæ мид-зæрдæйы дæ уарзтон æдзух дæр. Мæ мид-зæрдæйы! Фæлæ иннæ хъуыддæгты — æмбарыс æй, цæй кой кæнын, уый — иннæ хъуыддæгты амонддзын нæ фестæм. Цыдæр нæ хъыгдардта. Раст нын цыма кæлæнтæ счынди... Æмæ дæм мæ зæрдæ æруазал ис... Æз аххосджын дæн дæ разы.

Л æ г. Аххосджын дæ? Дæу та чи хъуамæ азымы бадара ацы æлхынцъытæ хъуыддаджы?

У с. Æмæ дын зæгæлты хабар та чи бацагъта дæ хъусы, чи уыди, зæгъ-ма йæ? Мæн азарæй бахаудтай ацы бæллæхы. Æмæ ма ныр куыд акæнон? Тæхуды, истæмæй дын мæ бон куы уаид баххуыс кæнын!

Л æ г. Ницы у дæ бон. (*Паузæ.*) Раззаг къуыри горæты куы

уыдтæн, уæд нæ хæдзар дæр, æрмадз дæр, нæ зæххыхай дæр дæ номыл скодтон. Гæххæттытæ æрбарвыстой посты. (*Къухæй амоны.*) Уæртæ уыцы скъаппы сты. Æрмæстдæр ма дзы хъæуы мæ къухæвæрд. Æмæ цы зиантæ ’рхастон адæмæн, уыдон нын закъон, мыййаг, фидинаг куы фæкæна, уæд дæуæн никæй бар цæудзæн дæ исбоныл. Зæгæлтæ-иу ды нæ ныккалдтай фæндагыл, стæй йын зонгæ дæр ницы кодтай... Цыбыр дзырдæй, дæхицæн иу сыгъдæгзæрдæ æххуысгæнæг ссардзынæ æмæ дæ хъуыддæгтæ æвзæр нæ цæудзысты. Цæхх, кæрдзын хъуаг не ’ййафдзынæ.

У с (*адæргæй ма цы зæгъа, уый нæ зоны*). Омæ ды та?.. Ды та?..

Шофыр (*йæ сæр æрбадары*). Мæнæ ам æрбацыдысты... Хуынкъ уыди. Тæккæ фæзилæны цалхы смидæг цæфхады зæгæл.

Л æ г. Гъемæ, Мартæ, дæхæдæг ацу машинæмæ. Ныръæй фæстæмæ сæ ныхасаг демæ уыдзæн. Æмæ райдай рагацау.

*У с йæ лæгмæ тæрсæгау бакæсы æмæ æддæмæ ацæуы. Л æ г тæрхæгæй райсы дзыппыдаргæ электрон цырагъ; кæддæра кусы, зæгъгæ, йæ цалдæр хатты ссудзы æмæ ахуыссын кæны, стъолыл æй æрæвæры; йæ дзабыртæ æмæ йæ цъындатæ раласы.*

У с (*æрбаздæхы*). Шофыр мæ рарвыста, мæхи бар, дам, сæ уадз. Цы кусыс цы, Мартин? Цафоны фынæй у?

Л æ г. Æз ацы хæдзары никуыуал бафынæй кæндзынæн... Цæуын фæндагмæ æмæ æрæмбырд кæнон уыцы зæгæлтæ, цалынмæ та дзы ницы бæллæх æрцыди, уæдмæ. Бæгъæввадæй сæ хуыздæр ссардзынæн рыджы бын. (*Æнæуынæрæй æрмадзыл ацæуы, йæ ус сагъдауæй йæ фæдыл кæсы. Шофыримæ хæрхæмбæлд фæвæййынц.*)

*Шофыр лæджы бæгъæввад къæхтæм дисгæнгæ ныккæсы, стæй усмæ бацæуы, уый бады сынтæгыл. Цы кусы, уый нæ хатгæйæ, цалдæр хатты ссудзы æмæ ахуыссын кæны, йæ лæгæй цы электрон цырагъ ферох, уый, ныр афтæмæй кæсгæ та бынтон æндæрырыдæм кæны джихæй.*

Ш о ф ы р. Кæдæм фæцæуы, кæдæм, дæ лæгæй зæгъын? Меккæмæ хадзыйы ном райсынмæ ма цæуæд? (*Æрбады, иннæ бандоныл та йæ къæхтæ сæвæры, ома, ацы хæдзары мæнмæ чысыл бартæ нæй.*)

У с (*сысты, йæхицæн дзурæгау*). Ахæм адæймаг! Ахæм адæймаг!..

Ш о ф ы р (*къæйных мидбылхудтимæ*). Кæмæй зæгъыс? Уæртæ, чи ацыди, уымæй?

У с. Йæ цард ын фехæлдтон. Æмæ ма йæ ноджы цъыфы дæр сæвдылдтон. Кæйдæр лæгтимæ.

Ш о ф ы р. Йæ сыкъатæ дымгæмæ дарынмæ ацыд?

У с *(æваст æм фæзилгæйæ, æррайау фырмæстæй)*. Æз та дын афтæ зæгъын, æмæ йе 'взæры кой ма кæн.

Ш о ф ы р. Ничи йæм хъусы амæ? Цавæр бындз дыл фæхæцыд? (*Йæ къухтæ йæм бадары.*) Рауай-ма ардæм!

У с (*уынгæ дæр æй нæ кæны*). Йæ сæрвæлтау мæгуыры хызын æрæфтауин ме 'фцæгыл.

Ш о ф ы р. Рацу-ма мæм хæстæгдæр, ам куы нал и дæ уæдæгонд лæг.

У с *(карзæй)*. Амбырд-ма кæн дæ муртæ æмæ адде у ардыгæй! Ахъуытты у, зæгъын, ныртæккæ!

Ш о ф ы р. О-гъо! Ничи йæм хъусы! Цы дыл æрбамбæлди?

У с. Бамбардзынæ йæ, ардыгæй куы адде уай, уæд.

Ш о ф ы р. О, фæлæ уал уымæй размæ иуцалдæр ныхасы хъуамæ зæгъон дæ сыкъаджын лæгæн, нæ дыууæйы тыххæй... Уæд та куыд кæндзынæ?

У с (*йæхицæн дзурæгау*). Æз ын мæхæдæг зæгъдзынæн, адæмы лæгтимæ кæй цардтæн, уый.

Ш о ф ы р. Уæдæ уæд дæхицæн сты æмбырдгæнгæ дæ муртæ.

У с. Алцы дæр ын радзурдзынæн æз. Æнцондæр ын уæддæр уыдзæни мæнæй ахицæн. Алцы дæр! Уымæй дарддæр ын мæ бон ницæмæйуал у баххуыс кæнын. *(Æваст, цыма дзы мидæгæй исты аскъуыди, уыйау, дзыназгæ, ныххауы сынтæгыл.)*

Ш о ф ы р (*стъолæй райсы дзыппыдаргæ цырагъ, йæ цæсгоммæ йын æй саразы æмæ йæ ссудз-ссудз кæны.*) Æппæт дæр ын радзурдзынæ? Æмæ дын уæд цементгæнæн заводы директор та цы зæгъдзæн? Кæнæ бухгалтер? (*Йæ фарсмæ сбады æмæ йæ æрбахъæбыс кæны.*)

У с (*мæстыйæ*). Ныууадз мæ!

*Цырагъ йæ дзыппыты агургæйæ, Л æ г æнæуынæрæй æрбацæуы уаты дуары цурмæ. Шофыр хъæбысæй хæцы сылгоймагимæ, афæлдахы йæ сынтæгыл æмæ йыл ныддæлгом вæййы. Ус йæ тых-йæ бонæй йæхи атоныныл архайы. (Хъарутæ йæм нал вæййы.)*

Ныууадз мæ! Ныууадз мæ!

*Шофыр йæ былтæй сылгоймаджы дзых ахгæны. Сылгоймагæн йæ хъару асæтты, йæ лæмæгъ цæнгтæй шофыры бæрзæйыл æртыхсы, цыма сразы, уыйау. Æрбацæуы лæг æмæ йæ мидбынаты сагъдауæй баззайы. Шофыр фæгæпп ласы. Ус дæр сысты. Исдуг æртæйæ дæр ницы дзурынц.*

Л æ г (*фæсус хъæлæсæй*). Афтæ у уæдæ хъуыддаг?! Уæдæ

афтæ у?! (*Дзагъырдзастæй кæсы шофырмæ, стæй та усмæ. Усæн, йæ маст тыххæй уромгæйæ.*) Йемæ цардтæ?

У с (*цы акæна, уый нæ зоны*). Мартин!

Л æ г. Стæй фыццаг бонæй фæстæмæ? Стæй ам, мæ хæдзары мидæг?

Ш о ф ы р (*къæйных мидбылхудтимæ*). Дæ усы бафæрс. Кæд дын æй зæгъид йæхæдæг.

Л æ г. Æз дзы дæу фæрсын!

Ш о ф ы р (*уæддæр æдзæсгом худт кæны*). Æз ницы зæгъдзынæн.

Л æ г (*йæ къухтæ стымбыл кодта, афтæмæй йæм фæцæуы*). Ницы зæгъдзынæ, куыдзы хъæвдын? Ницы зæгъдзынæ? Джыртмæдзæуæг куыдз! (*Ныццæвы йын тымбыл къухæй йæ цæсгом.*) Цъаммар! (*Дуарæй йæ рассоны æмæ йæ усмæ фездæхы. Йæ дзыхыдзаг.*) Адде у ардыгæй! Кæннод æрхæццæ дæ фæстаг бон! Адде у, зæгъын, уадзаг!

У с (*мынæг хъæлæсæй*). Хуыссыдтæн йемæ.

Л æ г (*дæндæгты 'хсæнты*). Хуыссыдтæ йемæ... Æндæр ма кæимæ?

У с. Се 'ппæтимæ дæр!

Л æ г. Афтæ у уæдæ... Афтæ у уæдæ... Æмæ гъе ахæм гаццайы тыххæй æз амардтон сывæллон æмæ ма ноджы мæхи къахæй дæн ахæстонмæ цæуинаг. Фæлæ ма мæ ныр цы хъуыддаг и ахæстоны? Ныр мын уæлдай нал у! (*Разгъоры уатæй.*)

У с (*мынæг хъæлæсæй*). Ныр æз мæхи амардзынæн.

Æ м б æ р з æ н

## ÆРТЫККАГ АРХАЙД

### *Фыццаг сценæ*

*Сæрдыгон бон. Лæг фæлладуадзæн боны уæлæдарæсы лæууы йæ кусæн тæрхæджы цур, йæ кусæнгæрзтæ радыгай тæрхæгæй исы æмæ сæ ауындзы сæ бынæтты, йæ цуры цы гæххæтт ис, ууыл цыдæр фæнысан кæны; æвæццæгæн, бæрæг кæны, цы кусæнгæрзтæ ма йæм баззад, уыдон.*

Б у х г а л т е р (*тагъд нæ кæнгæйæ бахизы æрмадзмæ; у хæрзарæзт, йæ уæлæ хъæмпын худ, ног костюм, йæ къухы даргъ зонтик*). Куыд кæсын, афтæмæй мастер йæ фæллад уадзы. (*Акæстытæ кæны.*) Æмæ Мартæ кæм и?

Л æ г (*æппæт сценæйы дæргъы дæр бæрæг у, стыр зæрдæни-

*зимæ кæй дзуры, афтæмæй та йæхи æвдисы, цыма йæм ныма-ды дæр ницы у*). Дæ директормæ ацыди.

Б у х г а л т е р. Абон, хуыцаубоны?

Л æ г. Сæхимæ йæм ацыди.

Б у х г а л т е р. А-а, уый зæгъ! Кæсут-ма, уæ хорзæхæй, нæ директор æппындæр йæхиуыл куыннæ ауæрды — хуыцаубон-ты дæр кусгæ кæны!

Л æ г. Дыууæ сахатыл æм ацыди, фæссихор, ныр та фондз у. Цæйбæрц рæстæг хъæуы, цæмæй нын нæ æрмадзы куысты бæрæггæнæнтæм æркæса, уымæн?

Б у х г а л т е р (*хорзау нæ фæци*). Æмæ кæд уырдыгæй раджы раздæхти, уæд та?.. Чи зоны, искуы тезгъо кæны — дзæбæх бон скодта абон.

Л æ г. Кæннод та йын директор йæ фатер уынын кæны.

Б у х г а л т е р. Уый дæр уыдзæн.

Л æ г. Уымæн æнæмæнг тынг хорз фатер уыдзæн, фынæйгæ-нæн уат хибар ран.

Б у х г а л т е р. Цыдæр æнахуыр хъæлæсыуагæй дзурыс. Цыма раст истæуыл гуырысхо кæныс.

Л æ г. Уæдæ мæ куыд дзурын кæныс? Дæхæдæг æй хуыздæр куы зоныс, цы у дæ директор, уый.

Б у х г а л т е р. Директорæй зæгъыс? Уый, æвæдза, нæл сæгъæй дарддæр ницы у. Фæлæ Мартæимæ... ахæмыл дзы нæ амбæлди... Æмæ гæххæттытæ де 'ххуысгæнæгæн цæуыннæ ар-выстай, кæд дæ зæрдæ истæуыл къæпп кæны, уæд?

Л æ г. Æмæ сæ мæ ус куы ахæсса, уæд та дзы цы ис ахæмæй? Ме 'ххуысгæнæг куы ацыдаид, уæд уый дæр æртæ сахатæй къаддæр нæ ныффæстиат кодтаид. Гæнæн нæй! Æвæццæгæн, фыццаг бонæй фæстæмæ ныхасгонд уыдысты, цæмæй йæм алы хуыцаубон дæр мæ ус гæххæттытæ хæсса йæ хæдзармæ. Æмæ, афтæ кæм баныхас кодтой, уым та дзы гæнæн нал и.

Б у х г а л т е р. Хынджылæг мæ кæныс, æви? Никуыма дæ федтон ахæмæй. Цы дыл æрцыдис абон? Фæлæ уæддæр де 'ххуыс-гæнæджы арвитын хъуыди, кæд истæуыл гуырысхо кодтай, уæд.

Л æ г. Цæмæн уый зæгъыс! Ныхас ныхас у. Дзырд радтай — сæххæст æй кæн! Гæнæн дзы нал ис. Ме 'ххуысгæнæг та... Ме 'ххуысгæнæг та нырæй фæстæмæ æхца нал исдзæн мæнмæ, атард-тон æй, æмæ бар нал дары мæ гæххæттытæм дæр. Уый дæр бирæ фæралæс-балæс кодта мæ усы фæстæ... Æви мæ ус уый фæстæ!

Б у х г а л т е р. Цытæ дзурыс! Мартæ ахæм сылгоймаг нæу. Уымæн уæвæн нæй æппындæр. Уыцы хуызы Мартæйы хорз зонын æз.

Л æ г. Уырны мæ. Ды дæр ма йæ куы нæ зонис! Стæй, æвæццæгæн, рагæй. Иунæг хатт уæддæр нæ загътай мæнг ныхас... Фæлæ мæн нæ фæнды æппындæр зонын, уыцы хуызы мæ усы кæдæй нырмæ зоныс, стæй йемæ цал нæлгоймаджы — демæ æртæ — фæхуыссыди, уый. Иу къаддæр, иу фылдæр — уый ныртæккæ мур дæр уæлдай нал у.

Б у х г а л т е р. Цытæ дзурыс, цытæ! Мæхицæй куы зæгъон, уæд æз йемæ... моймæдзыд сылгоймагимæ!.. Хуыцау бахизæд уымæй! Уымæн æмæ ахæм хъуыддæгтæ сæ фæстæ хорзæй ницы сайынц.

Л æ г (*йæ цæстытæ ферттивынц*). Ахæм митæ сæ фæстæ хорзæй кæй ницы сайынц, ууыл раздæр ахъуыды кæнын хъуыди, господин Эмиль..

*Æрмадзмæ æрбацæуы у с, йæ уæлæ сæрдыгон сырх къаба.*

Б у х г а л т е р. Мæнæ фæзындис хæдзары 'фсин фрау Мартæ дæр. (*Хъавы ацæуынмæ.*)

Л æ г. Æваст лидзæг цæмæн фæдæ?

Б у х г а л т е р (*æфсæрмыгæнгæ*). Мæнæн, æвæццæгæн, мæ ацыд хуыздæр уыдзæн... Хорзæй баззай, фрау Мартæ.

*Ус уыйырдæм нæдæр кæсгæ кæны, нæдæр ын дзуапп дæтты. Кæсы æрмæстдæр йæ лæджырдæм; тæрсгæ дæр кæны, цы акæна, уый дæр нæ зоны. Бухгалтер ацæуы.*

## *Дыккаг сценæ*

**У** с (*æхцатæ æвæры тæрхæгыл*). Фæндзай маркæйы, Мартин!

Л æ г (*бакæсгæйæ бынтон сабыр*). Уадз сæ дæхицæн, уыцы æхцатыл ды, æвæццæгæн, дæ сурхид фæкалдтай.

У с (*лæгъстæйаг хъæлæсæй*). Æхца кæддæриддæр æхца у. (*Йæ къухтæ стымбыл кæны, архайы, цæмæй йыл бауæнда.*) Мæ зонгуытыл æрлæууыдтæн директоры цур. Не 'хсæн ахæмæй ницы уыдис, Мартин. Ныр дын цыфæнды куыст дæр ратдзæни æнæ ракæ-бакæйæ.

Л æ г (*йæ ныхæстæ йын ницæмæ даргæйæ, йæ пинджакы мидæггаг дзыппæй сисы гæххæттытæ, æвæры сæ стъолыл æмæ сæм амоны*). Нæ исбон дæу номыл скæныны тыххæй документты мæ къух сæвæрдтон.

У с (*артау судзы*). Ницæмæн мæ хъæуы де 'рмадз. (*Гæххæттытæ апырх кæны.*) Мæн ницы хъæуы æппындæр! (*Йæ хъæлæс фæлæмæгъ вæййы.*) Æнæ дæу...

Л æ г (*æнцад-æнцойæ*). Байрæджы кодтай. Къофе æрæвæрын

афон у. Дон æз рафыхтон. Господин Францы ныртæккæ ардæм хъæуы.

У с *(катайгæнгæйæ йын лæгъстæ кæны)*. Ды мæ цы домыс, уый æз нæ бакæндзынæн, нæ йæ бакæндзынæн!

Л æ г. Кæд дæм ницыма бахъардта, уæд мæ бамбар боны фæстагмæ. Æз дæу тыххæй амардтон сывæллон, æмæ ныр равдис дæ бархъомыс нæлгоймæгты раз, иунæг хатт ма дзы спайда кæн мæн тыххæй, цæмæй дын господин Франц дæ лæджы ахæстоны ма бамидæг кæна. Уымæн, æмæ-ма, цæй охыл сбадон ныр ахæстоны? Цыбыр дзырдæй, зон: ды хъуамæ саразай афтæ, цæмæй мын мæ хъуыддаг судмæ ма бавдиса. Мæн ныртæккæ æндæр ницы æндавы.

У с (*уынгæг хъæлæсæй*). Йемæ кæй хуысдзынæн, уый дæр дæм нæу нымады?

*Æрмадзы дуарыл æрбацæуы спортсмен-автомобилист*

Л æ г. Куыд дæ фæнды, афтæ йæ æмбар...Æз та къофе ацæттæ кæнон. *(Ацæуы уатмæ æмæ сæхгæны дуар.)*

## *Æртыккаг сценæ*

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т. Салам, Мартæ... Раст мæ, цыма, зонгæ дæр нал бакодтай?

У с. Чердыгæй йæ хъуамæ зонон, ды чи дæ, уый.

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т. Чысыл багъæц, æз дын æй дæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн. Берлинæй Венæмæ цæугæйæ мæ цалхы бауад цæфхады зæгæл. Гъемæ уыцы бон уыдис нæ хабар дæр. Цалынмæ дæ лæг сосавæндагыл мæнæн мæ цалх ивта, уæдмæ æз æмæ ды (*мидбылхудгæ амоны.*) уæртæ уым уыдыстæм, уаты... Уый фæстæ æз æрцардтæн, мæнæ ам хъæдмæ æввахс цы уазæгуат ис, уым. Æртæ æмбисонды боны! Нæма йæ æрхъуыды кодтай?

У с. Лæууы ма мæ зæрдыл.

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т. Гъер федтай!.. Ныр та-ма мæм æрбайхъус! Мæ машинæйы моторы телтæй иу мæхи къухтæй стыдтон, барæй... Æмбарыс мæ?.. Цалынмæ уым ракъах-бакъах кæна... *(Сынтæджырдæм сæрæй ацамоны.)*

*Æрбацæуы лæг, къофе æрбахæссы.*

Дæ бон хорз, Мартин!

Л æ г. Æгас цу.

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т. Цы, уый зоныс, Мартин, мæ машинæ цыдæр кодта, мæнæ ам, хæстæг, иу фондз

минуты цыд ардыгæй. Фæзилæны! Дæ хорзæхæй, ацу-ма æмæ йæ фен, цы йыл æрбамбæлди. Æз та дæм ам банхъæлмæ кæсдзынæн.

У с (*цыма дзуары бын дзуры*). Ацы дзæбæх лæгæн йæ машинæ æппындæр ницы хъуаг у. Барæй йæ фехæлдта йæхæдæг. Фæнды йæ, цалынмæ ды машинæимæ архайай, уæдмæ уартæ уым, уаты, мемæ... йæ рæстæг арвитын.

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т (*фæтæрсы*). О, фæлæ... Цытæ дзурыс, цытæ?

У с (*уыцы ныхасыуагæй*). Ацы дзæбæх лæг ма иу хатт уыдис ам, афæдзырдæджы размæ. Цалынмæ ды фæндагыл цалх ивтай, уæдмæ æз ам фæдæн йемæ. Стæй ма уый фæстæ дæр æртæ боны иумæ фестæм.

Л æ г (*ныхъхъус, адæргæй цы зæгъа, уый нæ зоны*). Уæдæ та ацархайон дæ машинæимæ? (*Уазæгмæ кæсы, стæй йæ усмæ, ногæй та уазæгмæ.*)

С п о р т с м е н-а в т о м о б и л и с т (*фæсæлхæрау*). Нæнæ! Æз... Мæхæдæг. Хорзæй баззайут. (*Атындзы æддæмæ.*)

Л æ г (*цыма ницы ’рцыди, уыйау*). Раздæр бæгъдулæг кодтай, чидæриддæр-иу дæ къухтæм æрбахаудта, уыдонимæ. Цалынмæ-иу æз фæндаджы фæзилæны цæлхытæ ивтон, уæдмæ ды ам цалимæ фæдæ, уый мæн нæ хъæуы. Чи зоны, кæй фæндыди, уыдонæн се 'ппæтимæ дæр! Фæлæ мæ ныр де ’ххуысы сæр бахъуыди, дæ бон мæ у ахæстонæй фервæзын кæнын, æмæ дæ нал фæнды!.. Æрмæст дæ инспекторимæ нæ фæнды? Цы хуызы дæ бамбæрстæуа? Ныронг алкæимæ дæр цы кодтай, ууыл ныр дæ къух цы хуызы систай? Мур дæр дын дзы зынæй куы ницы ис, æхсызгондзинад дæр ма райсдзынæ, æз та ахæстонæй фервæздзынæн.

У с (*лæгъстæгæнгæ*). Æмæ кæд ныхас ме ’ппæт цардыл цæуы, Мартин, уæд та? Уымæн, æмæ дæу йеддæмæ ничи хъæуы мæн!

Л æ г. Ома, куыд мæн йеддæмæ?

У с. Ау, Мартин, куыннæ йæ уыныс, куыд фендæрхуызон дæн, уый? Ау, нæ йæ ’нкъарыс?

Л æ г (*фæсусæй*). Раздæр хъуамæ фендæрхуызон уыдаис.

У с (*фæстаг ныфсы мур сгарæгау*). Зæгъдзынæн, зæгæлтæ мæхæдæг акалдтон фæндагыл. Ды йын æппындæр ницы зыдтай, сусæгæй сарæзтон æппæт дæр.

Л æ г. Цы пайда ма у уый? Кæд искæй хъæуы йæ тæригъæдтæ ссыгъдæг кæнын, уæд уый æз дæн!

У с. О, фæлæ уый ды бакодтай æрмæстдæр мæн сæраппонд! Мæн аххос сты æппæт фыдбылызтæ дæр, мæн аххос æрмæстдæр!

Л æ г. Уæдæ æз та æндæр хатдзæгмæ æрцыдтæн, æппæт адæттыл хъуыды кæнгæйæ. Дæу тыххæй фыдракæнд цæмæй саразон, уыйбæрц арф бынат дын скæнын нæ хъуыди мæ зæрдæйы... Цыбыр дзырдæй, ды иунæг зæгæл дæр никуы аппæрстай фæндагыл. Æндæр дзы ныхасагæй ницы ис.

*Дзæнгæрæг.*

Л æ г. Господин Франц у уый... Ныр дæуæй аразгæ у æппæт дæр. Кæд йæ коммæ кæсай, уæд ын цыдæриддæр зæгъай, уый æнæмæнг сараздзæн. Рагæй йæ уд хъары демæ хибар ран фембæлынмæ. Уый æгас горæт дæр зоны. Уæдæ уæлдай дзæнгæда дæр нæ цæгъддзæн, йæхи номыл уæддæр хъуыды кæны, цæмæн æй хъæуы уæлдай сæрнизтæ.

*Ногæй та дзæнгæрæг.*

У с. Омæ æз та куыд кæндзынæн?

Л æ г (*тынг æнкъардæй*). Нæ зонын, Мартæ. (*Æрмадзы дуар байгом кæны.*)

*У с, цыма йын марыны тæрхон рахастæуыд, ахæм уавæры рахиз дуарыл уатмæ бацæуы.*

**Цыппæрæм сценæ**

*Æрбацæуы æ л х æ н æ г*

Л æ г. А, уый ды куы дæ! Мидæмæ, мидæмæ! (*Разæй цæуы.*) Мæнæ-ма ам æрбадæм.

*Æ л х æ н æ г цымыдисæй фæлгæсы æрмадзы къуымты, стъолы уæлхъус æрбады. Л æ г дæр сбады.*

Æ л х æ н æ г. Райсомы поезды абадтæн, зæгъын, фæстæмæ дæр уыцы поезды фездæхон.

Л æ г. Къофе нæ бацымдзынæ?

Æ л х æ н æ г. Нæ-нæ! Тагъд кæнын!

Л æ г. Уæдæ уæд нæ хъуыддаджы куыст кæнæм. Бадзырд у цæттæ, мæ къух дæр дзы сæвæрдтон. (*Мидæггаг дзыппæй гæххæттытæ сисы æмæ сæ дæтты æлхæнæгмæ.*) Мæнæ ам ранымадтон ацы æрмадзы кусæнгæрзтæ иууылдæр. Дæхи цæстæй федтай æппæт дæр: хæдзар дæр, уат дæр, æрмадз дæр, алцы дæр. Мемæ дзы ницы хæссын æппындæр.

Æ л х æ н æ г. Ныхас дæр афтæ бакодтам... Ныр та сæйраг хъуыддаг.

Л æ г. Ома?

Æ л х æ н æ г. Кæд æмæ ды аргъæй мин маркæйы аппарай, уæд дын де 'хца кæнын уыцы иу лæвæрд, мæнæ ныртæккæ.

Л æ г. Уый лæджы ныхас у.

Æ л х æ н æ г. Ныртæккæ дæр мæ дзыппы сты æхца.

Л æ г. Гъемæ хорз, баныхас кодтам.

*Кæрæдзимæ сæ къухтæ раттынц.*

Кæдæй-уæдæй мæ царды иунæг хъуыддаг фæрæстмæ.

Æ л х æ н æ г. Мæнæ дын уый та де'хца. (*Сæдæгай маркæты гуцъула æрæвæры стъолыл.*) Иуæндæс мины!

Л æ г. Иуæндæс мины. (*Æхца йæ дзыппы æвæры.*)

Æ л х æ н æ г (*бадзырд йæ дзыппы æвæры*). Уæдæ кæд æрбалидзон?

Л æ г (*хъуыды кæны*). Зæгъæм... Афтæ иу мæйы фæстæ. Цалынмæ мæ бинойнаг йæхицæн æндæр цæрæнуат агура, уæдмæ.

Æ л х æ н æ г. Афтæ у? Гъемæ хорз — мæйы фæстæ! (*Йæ сахат ифтындзы.*) Баййафдзынæн ма поездмæ. (*Йæ къух дæтты.*) Уæдæ, зæгъыс, Хуссар Америкæмæ? Дардгомау у...

Л æ г. О, дардгомау.

Æ л х æ н æ г. Гъемæ, уæдæ, дзæбæхæй баззай.

Л æ г. Фæндараст!

### Фæндзæм сценæ

*Æ л х æ н æ г ацæуы. Исдуг л æ г æнæзмæлгæйæ лæууы йæ мидбынат, стæй йæ пъалто æрбакæны, йæ цæттæ хызын йæ фæсонтыл æрцауындзы, шляпæ æмæ пъалтойы мидæг æрбады тæрхæджы цур, фыссы хæрзбоны фыстæг. Сласы йе 'хцадон, æнæгуырысхойæ фондз тыхтоны сæдæгай маркæтæ æрнымайы, тæрхæгыл сæ æрæвæры, сæ уæлæ та — фыстæг; ахъуыды кæны, ноджыдæр ма сæм иу тыхтон бафтауы. Сысты, ноджыдæр ма иу хатт æрхæндæгæй йæ цæст ахæссы æрмадзыл, бацæуы уатмæ, бандоны фæсонтыл фены Мартæйы сæрбæттæн, райсы йæ, йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ тыххæй уромгæйæ, кæсы йæм; дывæнд кæнгæйæ йæ фæстæмæ йæ бынаты æрцауындзы æмæ рахиз дуарыл ацæуы.*

### Æхсæзæм сценæ

*Исдуг сценæ у афтид.*

У с (*æрмадзы дуарыл æрбазгъоры; тæригъæддаг хъæлæсæй*). Æз нæ бакæндзынæн афтæ, Мартин, нæ бакæндзынæн! Нæу мæ бон! (*Йæхи æруадзы тæрхы раз бандоныл, лæджы хæрзбоны фыстæг фены, кæсы. Ныхъхъæрзы, йæ дзуарæвæрд цæнгтыл йæ сæр æрхауы.*)

И н с п е к т о р (*ӕрмадзы дуарӕй*). Мӕлӕты цӕрдӕг ус дын нӕй... Цыма скъоладзау у!.. Ӕййафгӕ дӕр ӕй нӕ кӕнын. (*Ӕрбацӕуы, тӕрхы цур ӕрбады.*) Ам нӕй?

У с (*йӕ сӕрыл схӕцы*). Нӕ дыууӕ йеддӕмӕ дзы ничи ис.

И н с п е к т о р (*бандоныл фӕстӕмӕ йӕхи ауадзы*). Знон та ногӕй бабӕрӕг кодтон, бӕллӕх кӕм ӕрцыди, уыцы бынат, фӕзилӕны кой кӕнын. Тӕрхӕттӕ кодтон, уӕдӕ, зӕгъын, цӕй аххосӕй афӕлдӕхтаид машинӕ? Уалынмӕ дын кӕсын, ӕмӕ дӕ лӕг ӕрбацӕуы, бӕгъӕввадӕй. Рыджы мидӕг-иу цыдӕртӕ бирӕ фӕцагуырдта йӕ бӕгъӕввад къӕхтӕй, стӕй та-иу ныггуыбыр ласта... Цытӕ дзы ссары, цытӕ, зӕгъгӕ, хъуыды кодтон мӕхинымӕры... Уалынмӕ та ногӕй ныггуыбыр кодта. Стӕй йӕ бамбӕрстон, рыджы бын цытӕ агуырдта, уый. (*Мидбылхудгӕ.*) Машинӕ чи цалцӕг кӕны, уый бавдӕлдис, ӕмӕ фӕндагыл ӕмбырд кӕны зӕгӕлтӕ, цӕмӕй макӕй машинӕйыл мацы ӕрцӕуа; афтӕмӕй та йӕ къӕбӕр кусы хӕлд машинӕтӕ цалцӕг кӕнынӕй. Ахӕм ӕмбисонд нырма дун-дунейыл нӕма фендӕуыди. Гъеныр иннӕрдӕм куы архаид — зӕгӕлтӕ йӕхӕдӕг куы калид, — уӕд ӕнцондӕр бамбарӕн уаид. Фӕлӕ куыдфӕнды куы уа, уӕддӕр хорзмӕ не 'ркӕндзӕн ацы хъуыддаг. Гыццыл зӕгӕлӕн йӕ бон у егъау бӕллӕх расайын. Сымахмӕ та куыд кӕсы?.. Куыд кӕсы дӕумӕ та?..

У с (*цы архайы, уый не'мбаргӕйӕ, лӕджы фыстӕг йӕ къухты райс-байс кӕны, кӕсы инспектормӕ*). О, бӕгуыдӕр-иу дзы ныккалдта зӕгӕлтӕ. Мӕн тыххӕй афтӕ кодта. Йӕ мӕгуыры тыххӕй йӕ куы фӕуадзон, уымӕй тарсти. Сывӕллон дӕр уый азарӕй фӕмард. (*Фыстӕг ӕм дӕтты.*) Ныр та йӕ сӕр бафснайдта.

И н с п е к т о р (*кӕсы*). «Зӕххыхай ауӕй кодтон. Хӕрзбон». (*Усмӕ кӕсы.*) Дард ацӕуын йӕ къухы нӕма бафтыдаид... Куыддӕр бадзурон телефонӕй пъӕлицӕмӕ, афтӕ йӕ сахаты ӕмгъуыдмӕ рацъипп ласдзысты.

У с (*ӕмыр хъӕлӕсӕй*). Цыдӕриддӕр дӕ фӕнды, уый мын бакӕн. (*Сысты, цудтытӕгӕнгӕ бацӕуы уатмӕ ӕмӕ сынтӕгыл ӕрбады.*)

*Инспектор, мидбылхудгӕ, йӕ фӕдыл кӕсы, стӕй йӕ фӕстӕ бацӕуы, рудзгуыты ставнӕтӕ сӕхгӕны. Йӕ пинджак раласы. Ус йӕ кофтӕйы ӕгънӕджытӕ ӕфтауы. Цалдӕр цъусдуджы фӕстӕ ӕрмадзы дуары фӕзыны* л ӕ г. *Хъусы Мартӕйы хъӕр.*

Л ӕ г (*ӕрмадзыл базгъоры, уаты дуар фегом кӕны, сынтӕджы уӕлхъус фегуыры*). Мартӕ!

*И н с п е к т о р фӕгӕпп кӕны ӕмӕ тарстхуызӕй йӕхи иуварс аласы. (Ус йӕ къӕхтыл тыххӕй лӕууы, афтӕмӕй йӕ лӕг ракӕны уатӕй.)*

Цом, Мартæ! Ныууадз дæ бызгъуыртæ ам иууылдæр. Алцы дæр дын балхæндзынæн Гамбурджы. Гамбургмæ!

У с (*цыма ногæй раздæхти цардмæ*). Демæ мæ кæныс? Кæныс мæ демæ?

Л æ г. Цом, Мартæ! *(Тæрхæгæй æхцатæ райсы æмæ йæ усы æрмадзы дуарыл æддæмæ акæны.)*

*Æрмадзы дуæрттæ сæхгæнынц.*

И н с п е к т о р (*йæ пинджак йæ уæлæ кæнгæ, уатæй рахизы æрмадзмæ, акæстытæ кæны*). Ацыдысты. (*Исдуг ахъуыды кæнгæйæ, телефонмæ бацæуы, хæтæл сисы, номыр æрыздухы.*) Пъæлицæйы хайад? (*Хæтæлæй хъæлæс куы райхъуысы, уæд хæтæл фæстæмæ йæ бынаты æрæвæры, «нæ», зæгъгæ, йæ къух атилы.*) Æгæр арф дзы аныгъуылдтæн ацы хъуыддаджы. Тæрсын, исты фыдбылызы куы ныссæдзон... Фæлтау мæхи афтæ равдисон, цыма æппындæр ницы зонын, уадз æмæ алидза. (*Уатмæ бацæуы, йæ худ райсы æмæ рахиз дуарыл ахизы.*)

## Æвдæм сценæ

*Иуцасдæры фæстæ æрмадзы дуарыл æрбацæуынц ус æмæ лæг. Лæг йæ хызын æрæвæры, æрбады æмæ уыцы иу ранмæ ныджджих вæййы.*

Л æ г. Мæнæн нæй ардыгæй лидзæн, нæй, Мартæ.

У с. Омæ Хуссар Америкæйы уæздан, æгъдауджын адæймæгтау куы цæрæм, уæд афтæмæй не ссыгъдæг кæндзынæ дæ цæсгом уыцы æнамонд сывæллоны раз? Нæ дæ уырны, фæстæмæ та дæ цард йæ гаччы кæй сбаддзæн, уый? Нæ дæ уырны?

Л æ г. Хъуамæ дын æй бамбарын кæнон, кæд мæхицæн дæр фенцондæр уаид. Мæ зонды уырны, æниу мæ зонд дæр æддæгмидæг ауади. (*Йæ риу бахойы.*) Фæлæ уый та мæнæ ардыгæй æнкъарын. Мæ уæззау тæригъæд! (*Паузæ.*) Хъуыддаг закъоны мидæг нæй, фæлæ мæхи мидæг, мæ зæрдæйы. Мидæгæй ис. Æлвасы, æлвасы... (*Паузæ.*) Зæгъæн ис, æмæ уыцы мард сывæллон æппындæр мæ цæстытæй нæ хицæн кæны, æз æй амардтон. Уæдæ куыд хъуамæ ацæуон демæ Хуссар Америкæмæ, куыд цæрон уым мæ зæрдæйы дзæбæхæн? Мæ цæсгом нæ хъæцы, Мартæ! Стæй йæ хаты мæ зæрдæ: никуы бахъæцдзæн. Ахæм уæззау азымæн дзуапп раттын хъæуы!

У с (*фидарæй*). Мæн азарæй сарæзтай фыдракæнд. Мæгуыр кæй уыдтæ, уый тыххæй дæ ныууадзынмæ хъавыдтæн æз, уый тыххæй райдыдтай зæгæлтæ калын фæндагыл. Мæн амарын

хъæуы. Мæн! Æз дæн аххосджын. Уæдæ ныр ахæстонмæ цæуынвæнд скодтай? Нал дзы раздæхдзынæ удæгасæй. Æмæ уæд æз дæр амæлдзынæн.

И н с п е к т о р (*æрмадзы дуарыл æрбацæуы, мидбылхудгæ*). А-гъа, æрбахæццæ стут фæстæмæ Гамбургæй? Рагацау уæ ахъуыды кæнын хъуыдис дзæбæх. Кæннод уæхицæн дæр хуыздæр нæ уыдзæни. (*Паузæ.*) Цæуынмæ хъавыдтæн, фæлæ кæсын, æмæ фæстæмæ 'рбахæццæ стут.

Л æ г. Дæуæн дæр хуыздæр нæ уыдзæни.

И н с п е к т о р. Мæнæн? Телефоны хæтæл сисын æмæ пъæлицæмæ бадзурын мæ зын, æндæра ахæстоны смидæг уыдзыстут.

Л æ г. Æмæ-ма, уæдæ, каст цæмæ у? Куыннæ бадзырдтай ныронг дæр?.. Æз æй зонын, цæмæн, уый. Стæй йæ ды дæр зоныс.

И н с п е к т о р. Нæ фæлæ дын цы зæгъон, уый зоныс? Дæ усы та ма цæмæн тъыссыс фыдбылызы. Уый у бынтон æнæсæрфат ми.

У с. Æз ныртæккæ дæр уыцы фыдбылызы мидæг дæн.

И н с п е к т о р. Фæтæригъæд дын кодтон дæ усæн æмæ дæ уый тыххæй ауагътон. Фыртæригъæдæй æрмæстдæр.

Л æ г. Уый-иу тæрхондоны зæгъ. Æрмæст дыл нæ бауæнддзæн тæрхонылæг. Фæлæ мæныл дæр æмæ мæ усыл дæр бауæнддзæни, алидзыны фадæттæ мын цæй тыххæй арæзтай, уыдæттæ йын куы радзурæм, уæд.

И н с п е к т о р. Æмæ, уæдæ, ам цæмæн дæ, кæд дын алидзыны фадæттæ сарæзтон, уæд? Кæй бауырндзæни, адæймаг барвæндонæй йæхи къахæй ахæстонмæ бацæуудзæн, уый? Афтæ никуыма уыди. Чи дæ бамбардзæн?

Л æ г (*йæ риу ын бахоста*). Дæу хуызæттæ йæ никуы бамбардзысты, уый бæрæг у.

И н с п е к т о р (*ахъуыды кæнгæйæ*). Дæуæн дæр æмæ дæ усæн дæр мæ бон ссарын у паспорттæ æндæр мыггæгтимæ, æмæ уæд æнцонæй ахизиккат арæны сæрты; зæгæлтæ-иу сымах акалдтат фæндагыл, уый уæдмæ нæма сбæрæг уыдзæн.

Л æ г. Мæнг гæххæттытæ нын самал кæнынмæ кæй хъавыдтæ, уый дæр тæрхондоны раз куы зæгъис?

И н с п е к т о р (*мæстæй ссудзгæйæ*). Мæн уæ чъизи цæстфæлдахæн миты нæ нытътъысдзыстут. Æз афтæ бакæндзынæн, æмæ мыл къæм дæр нæ абаддзæни, къæм. Куыдæй — уый та мæхи хъуыддаг у! *(Тагъд-тагъд рауайы уатмæ æмæ рахиз дуарыл ацæуы æддæмæ.)*

У с (*кæугæйæ*). Ау, ферох афон ын нæма у уыцы æнамонд сабийы фесæфтæн? Нæма йын у ферох афон?

Л æ г (*нæ йæм хъусы, афтæмæй*). Ис дæм иуæндæс мин маркæйы. Уыцы æхцайæ дæ бон у горæты дукани байгом кæнын.

У с (*кæугæйæ*). Æмæ ды та? Ды та?.. Нæ мæ хъæуы дукани... Мæн ды хъæуыс æрмæстдæр.

*Æрмадзы дуарыл æрбахизы м а д сау дарæсы, йæ къухы дидинджытæ. Л æ г сысты.*

М а д (*дидинджытæ лæгмæ дæтгæйæ*). Ацы дидинджытæ мæ сывæллоны ингæныл æрзадысты. Йæ тæссонд хъæлæс мæм хъуысыди зæххы бынæй. Мæ гыццыл чызг афтæ загъта: «Хорз дзы у ингæны. Мæ цæстытæ та дыууæ æрвхуыз дидинæджы фестадысты». (*Цадæггай æрмадзы дуарыл ацæуы.*)

Л æ г(*кæсы йæ фæстæ, дидинджытæ йæ лæмæгъ къухтæй æрхауынц, сабыргай бацæуы телефонмæ, сисы хæтæл, равзары номыр.*) Пъæлицæ?

*Телефоны хæтæлæй хъæлæс райхъуысы.*

У с(*йæ къухтæй йæ цæсгом амбæрзгæйæ; æррайау*). Мартин!

Л æ г. Æз дæн Мартин, машинæ цалцæггæнæг...

*Х ъ æ л æ с телефоны хæтæлы.*

Л æ г. Сывæллоны æз амардтон. Макæйуал агурут.

*Æмбæрзæн сабыргай æхгæны.*

Фæлæудзынæн уæм, цалынмæ цæуат, уæдмæ.

Æ м б æ р з æ н.

***Ходы Камалы тæлмац***

*БИАЗЫРТЫ Кромвел*

# ХÆРИС ДОНГÆРОН ФЫСТА АКВАРЕЛТÆ...

* * *

Уалдзæг
развæлгъауы
ирд æртахæй
зæронд тæдзæн
сгары.

Сабийы фæдæй митыл
зæххы тæгæл разынд.

* * *

Уалдзæг
ирдæй-ирдмæ,
ивазн-ивазн,
йе уæнгтæ ивазы
æмæ мит-
биби
дыгъал-мыгъулæн схорз и.

Хуссарварс,
сисрæбынмæ, гæды
хуры йæ аргъауæй æндавы.

* Авторы растфыссынад ивд нæу.

* * *

Уарындзæстæй йæ былтæм,
мæйы сыкъайыл ауыгъд
тулдз къæрта
дысоны уадымсæй
фæкъул и.

Нæргæйæ,
къæвда ныр кæндзæни
уалдзæгæн къаппа-къуппатæ къæбæлдзыг.

* * *

Хæрис
сæрæй —
рæбынмæ
йæ уалдзыгон
пух цыллæ дарæсы,
дзуарæфтауæгау,
сыгъдæг Леуахимæ кæсы.

Тæхудиаг,
кæмæн бантысы афоныл
аивæй исты хорзы бацæуын йæ бæстæн.

* * *

Цард —
хъуыды —
хъуыддаг,
фæзмæгау,
зæронд бæласвæндагыл балцы
цæрдæгæй мæлдзгуытæ тындзынц.

Æндавы хур æмдзуты,
ныннымæр и мæр.

* * *

Балцы,
урс балы зæнгыл
хурмæ,
мæлдзгуытæ
тындзыдтой.
Гагаты амыдта сæ рæстæг,—
хур йæ рындзæй
цупæлттыл ныдзæвди.

* * *

Удæнцойæн
над фæндагыл
уайгæйæ,
мæлдзгуытæ
нысанмæ
уайынц æмæ уайынц
сæ уагыл.

Цæхгæрæй иу къуылых мæлдзыг,
ласгæ-ласын, саста
хоры нæмыгæн йæ быцæу.

## ХÆРИС ДОНГÆРОН ФЫСТА АКВАРЕЛТÆ...

Тедтойты Таймуразæн,
Джимион Изæдæйæн

1

Хæрис
Леуахийы улæнрагъæй
фелвæста урс.

Хæрис
уагъылыйы гагайæ
ракуырдта сырх.

Хæрис
чындзхасты мыдыкъусæй
ракъахта бур.

2

Архайды фадат
иртасæг —
смудæгау,
дымгæ 'рфысым и
хæрисмæ:
бæласы мидис,
мидуагыл
исдугмæ скодта
дзуарса
æмæ сыфтæры
рафт-бафт
стынг и.

Арвыл хæрис уырзæй
змæнты ахорæн — æрвгъуыз.

3

Иу сыф
иннæ сыфæй
конддæр,

иу сыф
иннæ сыфæй
æххæстдæр,

иу сыф
иннæ сыфæй
акварелдæр —

фæлдисы
Леуахийы адæй
хæрис сыфтæ.

4

Хæрис
былгæрон,
Леуахийы
æрвгъуыз арфы,
донбеттыртæм
кæмдæр,
бæгъдулæгау кæны.

5

Хæрис
Леуахийы
улæны
фæрдыгпырхæн
умæлы
дон кæны
арвырон фазгай.

6

Дымгæ
хæрисæй, —
дзывылдары
къудийы
уæлæмæтæй-
дæлæмæтæй сайд, —
Леуахийы смидæг.

Дзывылдар
донгæрон йæ къуди,
дымгæйы дуртыл, дзæбæхтæ кæны.

7

Рагфæззыгон Леуахи
æрвгъуыз комæй
æрвгъуыз коммæ,
хæрисæй хæрисмæ
ног мыдадзхуыз
мелодийыл
фæхæст и.

Рæстæгæй-рæстæгмæ
иу былæй иннæмæ бур сыф
дымгæйы гакъон-макъоныл ахизы.

8

Хæрис
хуримæ
йæ сыфтæй
Леуахийæн
бур фæлмас
фæндырвæд
улæнтыл фыссы.

* * *

Хæрис,
бур
пæлæзы
бызгъуыртимæ
балцæввонг,
йæ хихтыл
уæлæмæйау схæцыд.

Фæззыгон Леуахийы улæнтæн
мæн зырнæджытæ фæдзæхстой.

* * *

Æрлæууыди
мæ зæрдыл:
кæддæр,
мæ удау,
нæхи къæвдайы æртах
узæлыди
дæ русыл.

Фæззыгон уарыны мæ фысым —
тæгæр, стæм æртахæй ме уæхск
мæнæн зæронд æмбалау хойы.

* * *

Моны
комулæфтæй
арвы ирдыл
гуппæрттæй фыст
дамгъæты дæгъæлау,
аргъуан
аныгъуылди кадæг —
таурæгъон тыгъдады.

Ахæм æхсæв
зæрдæ бахаты удмæ
æмæ иумæ уасаив уындæй
ивуыл райхалынц сæхи.

ХЪАНЫХЪУАТЫ Инал

# ÆМДЗÆВГÆТÆ

## ÆРХÆНДÆГ

Дуне та абон — æнтъыснæг.
Дардыл, пъæззыйау, нæ зæхх
Асæст æмбæрзы... Сæлфынæг —
Зæрдæ дзы, охxай, фæцъæх.

Зæрдæйы — маст æмæ катай,
Цард ын — фыдæвзарæн, тох.
Цух ыстæм амондæй, кадæй.
Зæдтæй, Хуыцауæй дæр — рох.

Сидзæрты дудгæ дзынæзтæй
Басаст æвзонгæй мæ тых.
Худы фæлитой æфсæстæй,
Калы ныл тугцъир йæ пырх.

Чи нын у хицау? Гæртамхор,
Чи у йæ хъузон? Хуыснæг.
Ахæмты амондджын ма хон,
Ахæмтæм ма кæ хæлæг.

Дзаг у фыдæхæй сæ зæрдæ,
Сау у, æхсæвау, сæ бон.
Цъиусурау зилы сæ сæрты
Сусæг тас — сусæг тæрхон.

1894

# ФАНТАЗИ

Мæ зæрдæ мын æнкъард хъуыды куы сæтты,
Куы мын æрбырсы сау катай мæ ныфс,
Уæд атæхын дæ дунемæ мæ сæнтты,
Æрвон дунемæ — удхос мын дæттыс.

Фæуынын дæ зæрин тынты нывæстæй,
Дзæнæтон фынты зилдухтæ кæнын.
Дæ Фидыц-Зарæг, кувыны ныхæстау,
Мæ удæн базыр, урс базыр — тæхын:

« Фæраз, мæ хур! Дæ бæллицты æвзæнæй
Нæй ирвæзæн, йæ уацайраг дæ, ахст.
Æвзондзæни дæ. Маргхъæстæ сырх сæнæй
Фæлвардзæн дæу хъысмæт-æхсин, хæстмаст.

Æндонриу басгуых, бабыхс-иу бæллæхæн,
Фыдлæджы цур-иу ма 'ркъул кæ дæ сæр,
Гуырысхотæ, хæлæг æмæ фыдæхæй
Дæ рыст уд хиз... Æрымыс-иу мæн дæр...»

Дæ зарæгæй, дæ рухс армы ныдзæвдæй
Æхсиды уæнгты туджы бæсты арт.
Æз нал тæрсын ызнæт дуджы фыдцæфтæй,
Дæ хъомысæй та сфидыдта мæ цард.

Дæ хъуымбыл дзыкку сау уылæнау сонтæй
Дæ риуыл рахауд. Фестъæлфыдтæн æз.
Тæхын, кæсын ныллæг зæхмæ бæрзондæй,
Мæ уæхсчытыл — сæнтурс мигъæй пæлæз.

*1892*

*ХЪОДЗАТЫ Æхсары бархи тæлмацтæ*





*Барон йæ бинойнаг  Ольгæимæ Кисловодскы. 1940 аз.*

*БОЦИТЫ Барон*

# РОХ МÆ НÆУ

## НÆ АМАРД УЫЙ!

(М.Горькийæн)

Нæ мæ уырны, фæлæуу, нæ амард,
Æцæг фыссæгæн нæй мæлæн.
Йæ мæсыг нæу чысдурæй амад,
Æнусмæ дæр ын нæй кæлæн.

Уый ахæм нæу, ыстæй нæ уыди,
Æрфæны фæдау у йæ фæд.
Лæджы сæр тохы бон кæм хъуыди,
Уым тохæй не 'здæхти фæсвæд.

Дæрзæг фæндæгтыл рахызт комæй,
Кæд урæдтой тымыгътæ уый?
Лæппуйæ базæрондмæ гомæй
Æрхаста дзыллæтыл йæхи.

Уæззау зæйты фæстæ тымыгътæ
Куы зылдысты, куы баргъæвст хъæд, —
Уæддæр дзырдта, — къуыбыр сæ хихтæ
Æфтаудзысты, ныннæрдзæн уад.

Бæлвырдæй уад ныннæрыд мигътыл,
Æрдуйæ снарæгдæр сæ фæд.
Цы зæхх, цы ком, цы хохы тигътыл
Сырх уалдзæджы нæ бахудт хъæд?!

Кæмæн нæ уыд ныхыйас хосгæрст,
Йæ гуыры фаг æрбадæн — зæхх,
Æлдарæн чи цыди-иу хъомгæс, —
Кæй кой не 'ркодта, уый мын зæгъ?

Кæд денджызтæ ныххус уой сурыл,
Кæд зæрдæтæн фæуа сæ цин,
Кæд нал хæца лæджы цæст хурыл, —
Æрмæст уæд амæлдзæн Максим!

## ÆРБАЙХЪУС–МА

Мæйрухс æхсæв уæларвон мæй
Рæсугъд цадæй ыскаст.
Нæзы бæлæсты ауонæй
Чызг бахудти æваст.
Куыд рæсугъд у цырагъ рухсмæ
Æхсæвыгон цъæх цад.
Чызг, рацу-ма йæ уæлхъусмæ,
Ныккæс-ма йæм æнцад.
Сæумæрайсом æрлæудзæнис
Дæ зæрдыл ног мæнау.
Дымгæ цыма фæйлаудзæнис
Цъæх æвзарты зæу-зæу...
Цыма хæххон хъуыдалытæ
Сæууон уддзæф уынынц,
Ам уый хуызæн ыстъалытæ
Цæст ныкъулгæ тæлфынц.
Ныккæс-ма, чызг, цæстыхаутæ
Цæппузырты зынынц.
Фæйлауæнтыл бæлæгъ наутæ
Раст донцъиуау тæхынц.
Æнтæф боны куыд дзæбæх у
Цъæх цады был изæр!
Лæджы зæрдæ куыд уæрæх у,
Хъус бæлæсты сæр-сæр,
Æрбайхъус-ма, рæсугъд чызгай,
Цæмæй тæрсыс мæнæй?
Уæларвæй нæм, мæ хуры хай —
Ныххудти цадæй мæй.

*г.Орджоникидзейы парк.*
*10. 07. 35 аз*

## ДУШЕТЫ

Мыдычыргъæд — дæ бæстæ,
Мыдгæнджытæ — дæ адæм!
Сæнæй хъæздыг — дæ фæзтæ, —
Рæсугъд — дæ цард, дæ бадæн!

Цъæх ысгæллад — дæ къултæ,
Хæмпус сыджыт — дæ хуымтæ!
Бæмбæгау пух дæ дзултæ, —
О, бирæ ой дæ хуынтæ!

Ды, мадау, мæн рæвдауыс,
Æз зардзынæн дæ хæрзтæ, —
Дæ цыт, дæ кад, дæ намыс
Фылдæр кæнæд мæ фæстæ!..

1934 аз

## РОХ МÆ НÆУ

Дыууиссæдз азы стыр къæсæртыл
Æз комæй рухс фæзмæ фæцыдтæн!
Уæддæр нырма лæууы мæ зæрдыл,
Куыд-иу дзырдта мæ фыд йæ фырттæн:

Тæхудиаг, кæрдзынæфсæстæй
Куы фенин искæд бон мæ фыртты!..
Куы фенин ахæм дуг мæ цæстæй,
Кæм зæгъа лæг йæ уарзон дзырдтæ...

Цы йын мæ бон у, ныр цы зæгъон, —
Мæрдтæм ма чи кæны æххуыстæ?!
Фыддзард ын рахаста йæ тæрхон,
Мæнæн та цард кæны хъæбыстæ, —

Æмæ йын кæд мæ бон нæ баци
Йæ фæллой бафидын зæрондæй,
Уæддæр мыл ма бахудæд — мачи! —
Йæ ном нæ цух кæны мæ зондæй!

Æмæ йæ хуыз лæудзæн мæ зæрдыл, —
Мæ ныййарæг мадау, æдзухдæр!..
Нæ барын æз мæхи æндæртыл, —
Кæмæй у рох йæ фыды урс сæр!..

12. 07. 39 аз

## АВДÆНЫ ЗАРÆГ

Ало-ло кæн, цæй, мæ лæппу,
Ацæгъдон дын æз фæндыр.
Цалынмæ дын цард рæуæг у,
Цалынмæ нæма дæ стыр.

Ало-ло кæн, тагъддæр, цæй,
Уæ, мæ хъæбул, кæн фынæй.
Айрæз, айрæз, о, мæ зæрдæ,
Ахъомыл у, о, мæ цæст!

Цалынмæ дæ фыды зæрдæ
Царды цинæй у æфсæст.
Ало-ло кæн хъæлдзæг, цæй, —
Мад дæр акæна фынæй.

О, мæ хъайтар, о, мæ ивæг,
Айрæз тагъддæр, айс мæ уаргъ.
Царды гуылфмæ тохы зивæг
Ма кæн, — бæхыл авæр саргъ.

Абай-бай кæн, абай-бай,
Тохы къуымы ма баззай.
Базон, базон, чи дæ узы,
Уый цы агуры дæуæй?

Уæ, мæ хъæбул, æз мæ цардæн
Арвыстон куыддæртæй бон,
Ницы дæ курын мæ мардæн, —
У-иу тохы 'рмæст хæстон.

Адæмæн уыдзæн сæ дзырд:
«У, мæ хур, йæ фыды фырт!»

## УИДÆГТÆ

*ДЗИЦЦОЙТЫ Юри*

# ДЫУУÆ НАРТЫ

Нарты кадджыты арæх вæййы æртæ нарты кой. Бæрæг куыд у, афтæмæй нæртон æхсæнад конд уыд æртæ мыггагæй — Алæгатæ, Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæй — æмæ «æртæ нарты», зæгъгæ, уыдон иумæйаг ном у. Фæлæ ма кадджыты æмбæлы авд нарты æмæ дыууæ нарты кой дæр. Авд нарты чи сты, уый кæронмæ бæрæг нæма у, фæлæ контекстæй куыд зыны, афтæмæй «æртæ нарты» дæр хауынц «авд нартæм» (кæс: «Фидиуæг», 1996, № 4, ф. 120). Фæлæ чи сты цымæ «дыууæ нарты» та?

Зæгъын хъæуы уый, æмæ иумæйаг ном «дыууæ нарты» (Хуссар Ирыстоны фольклор. Сталинир, 1936, ф. 154, 155), кæнæ «дыууæ нарты» (Нартæ. Цхинвал, 1975, ф. 273) æрмæстдæр æртæ тексты мидæг кæй æмбæлы. Уыдонæй иуы «дыууæ нарты» æндæр номæй хонынц «дæллаг нартæ» æмæ «уæллаг нартæ». (Уый дæр уым, ф.. 272). Иннæ кадджытæй куыд зыны, афтæмæй «уæллаг нарты» номæй æппæты арæхдæр фæхонынц Æхсæртæггаты, «дæллаг нарты» номæй та — Борæты. Ардыгæй ис скæнын ахæм хатдзæг: «дыууæ нарты» у Æхсæртæггатæ æмæ Борæты иумæйаг ном. Раст у, цымæ, ацы хатдзæг, æмæ цавæр æууæлтæм гæсгæ

рахицæн кодтой кадæггæнджытæ иннæ мыггæгты æхсæнæй Æхсæртæггатæ æмæ Борæты æмæ сыл цæмæн сæвæрдтой иумæйаг ном «дыуææ нарты»?

Цы æртæ тексты кой скодтон, уыдонæй фыццаджы Батрадз дыууæ нарты æмæ æртæ чынтæм барвыста, мæ фыды туг мын бафидут, зæгъгæ (ХИФ, 1936, ф. 154). Бæрæг куыд у, афтæмæй Хæмыцы марджытæ уыдысты Борæтæ, фæлæ сын Æхсæртæггатæй дæр уыд æххуысгæнджытæ. Алæгатæ Хæмыцы марыны хъуыддаджы нæ архайдтой æмæ уымæ гæсгæ, Батрадз йæ туг æртæ нартæй нæ, фæлæ дыууæ нартæй æрцагуырдта. Сæ фарсмæ æртæ чынты кой дæр чындæуы, æмæ уымæн йæхи аххосæгтæ ис, фæлæ уый тыххæй æндæр ран уыдзæни ныхас.

Иу кадæджы ма фæрсæй-фæрстæм æрлæууыдысты нартæ, чынтæ æмæ Борæтæ. (Хуссар Ирыстоны фольклор. Ст., 1940, ф. 67). Бæрæг куыд у, афтæмæй кадæггæнджытæй бирæтæ мыггагон ном «Æхсæртæггаты» бæсты пайда кæнынц термин «нартæй». Æмæ уæдæ ацы тексты дæр дзырд цæуы дыууæ нартыл (Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæ) æмæ чынтыл.

Фæлæ дыууæ нарты кой кæм ис, уыцы текстытæй æртыккагмæ куы æркæсæм, уæд фендзыстæм, нæ хатдзæг бынтон раст кæй нæ рауад, уый. Кадæггæнæг афтæ зæгъы: «Нарт Лахъæндонмæ æрæмбырд сты æмæ сфæнд кодтой балцы фæцæуын. Дыууæ Нарты стырæй-чысылмæ уым уыдысты, фæлæ дзы Борæты сыхæй цъиуызмæлæг дæр нæ уыди». (Нарты. Осетинский героический эпос. Кн. 1. М., 1990, ф. 412). Тексты иу ран та кадæггæнæг нарты се'ппæты дæр иумæйаг номæй хоны «æртæ нарты» (ф. 413). Ома «дыууæ нарты» уыдысты «æртæ нарты» иу хай. Бæрæг у уый дæр, æмæ ацы кадæг радзурæг Борæты «дыууæ нартыл» кæй нæ нымайы. Текстæй куыд зыны, афтæмæй дыууæ нартæн сæ раздзог уыди нарты Уырызмæг (ф. 412), Уырызмæг та уыд Æхсæртæггатæй, æмæ уæдæ Æхсæртæггатæ æнæмæнгæй уыдысты «дыууæ нарты» иу хай.

Цымæ кадæггæнджытæй кæй информаци у растдæр æмæ, Æхсæртæггаты æмрæнхъ, нæртон мыггæгтæй кæцыйы хъæуы нымайын «дыууæ нартыл» — Алæгаты æви Борæты? Уæлдæр куыд федтам, афтæмæй «дыууæ нарты» номæй Æхсæртæггатæ æмæ Борæты кæм хонынц, уыцы тексттæ фылдæр сты. Уыдонмæ ма бафтауын хъæуы, «дыууæ нарты» нæ, фæлæ сæ «дыууæ мыггаджы» кæм хонынц, уыцы кадджытæ дæр: «Устур Нартмæ бæрæгдæр адтæй дууæ муггаги: Бориатæ æма Æхсæртæггатæ». (Памятники народного творчества осетин. Владик., 1927,

ф. 5); «Бориатæ ’ма Æхсæртæггатæ адтæнцæ Нарти æхсæн дууæ мыггаги». (Ирон адæмы сфæлдыстад. Т.1. Дзæуджыхъæу, 1961, ф. 307); «Бориатæ æма Æхсæртæггатæ дууæ мыггаги адтæнцæ...» (Нарты. ОГЭ, т. 1, ф. 346) æ.а.д. Иу кадæджы та сæ хонынц «дыууæ синхон гъæуи». (Уый дæр уым, ф. 350). Иннæ кадджыты дæр Æхсæртæггатæ æмæ Борæтæ фæрсæй-фæрстæм архайынц, æмæ сæ кæд кадæггæнджытæ нæ фæхонынц, нымæцон «дыууæйæ» арæзт чи у, ахæм иумæйаг номæй, уæддæр бæрæг у, «дыууæ нарты» ном æрмæстдæр ацы дыууæ мыггагыл кæй фидауы, уый. Алæгатæ æмæ Æхсæртæггатæ æнæ Борæтæй кæрæдзи фарсмæ афтæ стæм хатт фæзынынц, æмæ, æвæдза, диссаг дæр уаид, дыууæ нарты номæй ацы дыууæ мыггаджы куы хониккой, уæд.

Уыимæ зæрдылдаринаг у ахæм хъуыддаг дæр. Ж.Дюмезиль раджы бафиппайдта, иннæ дыууæ мыггагимæ абаргæйæ, Алæгаты мыггаджы социалон функцитæ кадджыты лæмæгъдæр æвдыст кæй сты, уый, æмæ йын йæ аххосаг афтæ бамбарын кодта: Алæгатæ дины куыст кодтой, Æхсæртæггатæ хæстон адæм уыдысты, Борæтæ та — хæдзарадон кусджытæ æмæ сæ сæйрагдæр мæт материалон хъæздыгдзинадыл уыд. Æмæ, дам, «понятия «богатство» и «воинственность» представляются при определенных военных и экономических условиях более простыми и неизменными, чем религия, глубоко нарушенная обращением в ислам или в христианство». (Дюмезиль Ж.Осетинский эпос и мифология. М., 1976, ф. 173). Ома ирон адæммæ сæ индоирайнаг фыдæлтæй æрбафтыд æхсæнады æртæфункцион структурæ, фæлæ фæстæдæр, чырыстон æмæ пысылмон дины æндæвдадæй, уыцы структурæйы дины куыст чи кодта, уыдонæн (ома Алæгатæн) сæ функцитæ бамынæг сты.

Ж. Дюмезилы хъуыдыйыл сразы сты Гаглойты Юри (Гаглойти Ю. С. Трехфункциональное деление в этнической культуре осетин // Проблемы этнографии осетин. Владикавказ, 1989, ф. 15) æмæ ацы рæнхъыты автор (Дзиццойты Ю.А. Нарты и их соседи. Владикавказ, 1992, ф. 14). Фæлæ, хъуыддæгтæ лыстæгдæр равзаргæйæ, æз ныртæккæ æрцыдтæн æндæр хъуыдымæ. Цæвиттон, æхсæнады дыууæхайон структурæ канд нарты кадджыты не ’мбæлы, фæлæ ма ирон адæмы фыдæлтæн сæ цардыуаджы дæр, стæй иннæ индоирайнаг адæммæ дæр.

Рагон индиæгтæм æртæфункцион дихдзинад æмбæлы кастæты (варнæты) хуызы: брахмантæ æххæст кодтой фыццаг (зонды) функци, кшатритæ — дыккаг (тыхы) функци, вайшьятæ та — æртыккаг (хæдзарадон) функци. Фæлæ сæм æмбæлы дыууæ-

хайон дихдзинад дæр: «Некоторые источники, отражающие индийскую традицию, также фиксируют деление общества именно на эти две варны (ома кшатритæ æмæ вайшьятыл — Дз.Ю.) без упоминания брахманов... Аналогичную ситуацию мы находим в авестийской традиции, знающей наряду с трехчленной сословно-кастовой структурой деление лишь на два социальных слоя: воинов и земледельцев, возводимое к двум братьям — Хушенгу и Вегерду». (Раевский Д.С. Очерки идеологии скифо-сакских племен. М., 1977, ф. 77).

Д.С.Раевскийы куысты сæйрагдæр æнтыстытæй иу уый у, æмæ ахæм дихдзинад уый кæй ссардта Астæуккаг Азийы цæрæг скифтæм дæр. Антикон автор Сицилиаг Диодор куыд фыссы, афтæмæй уыцы скифтæ дыууæ хайыл дих уыдысты: палтæ æмæ наптыл. Ацы этнонимтæй фыццаг, Абайты Васойы хъуыдымæ гæсгæ, баст у ирон дзырд «балимæ», дыккаг та, Д.С.Раевскийы хъуыдымæ гæсгæ, йæ равзæрдæй баст у авестаг нафа, астæуккаг персаг нав «хæстæджытæ, æхсæнадимæ». Ардыгæй Раевский скодта бауырнинаг хатдзæг: «Таким образом, деление скифов на палов и напов являет полное типологическое тождество с членением древнеиндийского общества на кшатриев и вайшьев, так как название последних также возводится к вис — «община». (Раевский Д.С. Амынд куыст. ф. 76 — 77).

Д.С.Раевский ноджы зæгъы, зæгъгæ, Сицилиаг Диодоры информацимæ гæсгæ, скифты æхсæнад дыууæ хайæ конд кæй уыд, уый «не может рассматриваться как свидетельство архаичности этой версии в целом. Речь идет скорее о ломке традиционной трехчленной структуры общества, о замалчивании или даже о попытке отрицания самостоятельной социальной роли жречества и, следовательно, о перегруппировке социальных сил в скифском обществе, идущей вразрез с традицией». (Уый дæр уым, ф. 79).

Æнгæс уавæр уыд европæйаг скифтæм дæр. Уыдонæн сæ кадджытæй куыд зыны, афтæмæй сæм идеалон æхсæнад конд уыд æртæфункцион хайæ, фæлæ сын сæ реалон цардыуагмæ куы ’ркæсæм, уæд фендзыстæм, дзуарылæг сæм кæнæ дæлдзиныг ран кæй уыди, кæнæ та æппындæр кæй никуыцæй зынд, уый. Уыйадыл ахуыргæндты ’хсæн быцæутæ дæр рауад: европæйаг скифтæм дзуарылæгтæ хицæн æхсæнадон къорд уыдысты, æви нæ? Ныртæккæ ахуыргæндты фылдæр хай зæгъы: уыдысты. Фæлæ, дам, сæ функцитæ ирдæй нал зынынц. Д.С.Раевскийы хъуыдымæ гæсгæ, дзуарылæгтæ ахæм уавæрмæ æрхаудысты, æхсæнады разамонæджы бынатыл карз тох кæй рай-

тынг, æмæ дзы хæстон фæтæгтæ кæй фæуæлахиз сты, уымæ гæсгæ. Фæлæ, дам, «победа воинского сословия в указанном конфликте вовсе не означала полного исчезновения скифского жречества, ...она вела лишь к утрате жрецами той высокой роли в социально-политической жизни Скифии, на которую, они, опираясь на свои традиционные позиции, претендовали». (Уый дæр уым, ф. 160).

Ахæм уавæр канд скифтæм нæ уыди: скæсæйнаг ирайнæгты иу хаймæ дæр æфсæддон къорды минæвæрттæ, æхсæнады раздзæуджытæ суæвгæйæ, дзуарылæгты функцитæ сæхи бакодтой, æмæ уыйадыл сæхи кави -тæ дæр схуыдтой, ома «зарæггæнджытæ», «запевающий при совершении жертвоприношений» — ацы номæй раздæр хуыдтой дзуарылæгты. (Кузьмина Е.Е.Семантика изображения на серебряном диске и некоторые вопросы интерпретации амударьинского клада. М., 1977, ф. 22).

Ацы æхсæнадон антагонизмтæ ирдæй зынынц Авестæйы историйæ дæр. Бæрæг куыд у, афтæмæй, Заратуштрæ ирайнаг адæмы иу хайы 'хсæн дины реформæ куы скодта, уæд хуыцæутты пантеонæй фесхуыста хæстон бардуæгтæ Индрæ, Митрæ æмæ Вэрэтрагнæйы æмæ сæ дæлимонтыл банымадта. Ж.Дюмезиль афтæ райхæлдта ацы реформæйы мидис: «свободная, героическая, неистовая мораль отрядов молодых воинов не была моралью жрецов и мудрецов, авторов реформы». (Дюмезиль Ж. Верховные боги индоевропейцев. М., 1986, ф.87). Абайты Васо куыд равдыста, афтæмæй Заратуштрæйæн йæ социалон программæ дæр арæзт уыди хæстон къордты балцытæ æмæ стæрты ныхмæ, сабырцæрæг зæхкусджытæ æмæ фосдарджыты амонды сæраппонд. (Абаев В.И. Избранные труды. Т.1. Владик., 1990, ф. 9 — 51).

Нарты кадджытæ дзуарылæгты сфæлдыстад куы уаиккой, уæд уым дæр æвдыст уаид раст ахæм идеологи. Æцæгæй та кадæггæнджытæ сты хæстон къорды (Æхсæртæггаты) фарс. Ацы къорды минæвæрттæ сты æхсæнады разамонджытæ; дины хъуыддаг, кæнæ хуыцæуттæм кувыны хъуыддаг, кæд фылдæр хатт Алæгаты хæдзары арæзт æрцæуы, уæддæр сæйраг кувæг æмæ куывды разамонæг кæддæриддæр вæййы Æхсæртæггаты хистæр — Уырызмæг. Ома, цæмæй æхсæнадæн разамынд лæвæрдтаид, уый тыххæй æфсæддон разамонæг йæхи бакодта дзуарылæджы функцитæ. Иутæр Алæгатæн сæ сæйрагдæр функци сæ къухæй куы ахауди, уæд сæ кой дæр цадæггай бамынæг ис. Ацы хабар æрцыд иттæг раджы, чи зоны, иумæйаг ирайнаг дуджы, æмæ чырыстон, науæд пысылмон дин ардæм ницы бар дарынц.

Хицаудзинады сæрыл фыццаг æмæ дыккаг функциты 'хсæн карз тох куы ахицæн, уæд ныггуыпп ласта ног конфликт — ныр та дыккаг æмæ æртыккаг функциты минæвæртты 'хсæн. Ацы тохæн дæр йæ нысан уыди хицауады бынат. Уый хорз зыны астæуккагазиаг скифты царды. Уæлдæр цы палтæ æмæ напты кой уыд, уыдон тыххæй æндæр антикон автор Плиний афтæ фыссы: «Там напеи, как говорят, были уничтожены паллеями». (Плиний, V1, 50.) Уый фæдыл Д.С.Раевский фыссы: «Этот пассаж, как представляется, в несколько искаженном виде отражает отношения господства-подчинения между палами и напами, их взаимную иерархию, и находит многочисленные аналогии в мифопоэтической традиции разных индоевропейских народов, также повествующей о сложении сословно-кастовой иерархии и связывающей этот процесс с военным поражением представителей подчиненных групп». (Раевский Д.С. Амынд куыст. ф., 77, 159 — 161). Уымæй дарддæр ма Раевский бацамыдта, зæгъгæ, палтæ æмæ напты 'хсæн цы тох цыд, уый зæрдыл æрлæууын кæны Æхсæртæггатæ æмæ Борæты 'хсæн тох: дыууæ раны дæр æфсæддон къорд (Æхсæртæггатæ //палтæ) фæуæлахиз ис хуымæтæг адæмыл (Борæтыл // наптыл). (Раевский Д.С. Модель мира скифской культуры. М., 1985, ф. 232).

Ацы параллелæй куыд зыны, афтæмæй дыууæ нæртон мыггаджы 'хсæн тохы сюжет цæуы рагон скифаг эпикон традицийæ. Фæлæ кæд, дыккаг æмæ æртыккаг функциты 'хсæн цы конфликт уыд, уый нарты кадджыты хицæн сюжеты хуызы баззад, уæд дзы, цымæ, фыццаг æмæ дыккаг функциты 'хсæн цы тох уыд, уый та цæуылнæ ныууагъта йæ фæд? Æвæццæгæн, хъуыддаг афтæ у, æмæ, нарты кадджытæ эпикон жанры хуызы рæзын куы райдыдтой, уæд фыццаг æмæ дыккаг функциты 'хсæн конфликт актуалон нал уыди. Афтæмæй нæ эпосы сæйрагдæр конфликт сси, дыккаг æмæ æртыккаг функциты минæвæрттæ хицаудзинады сæраппонд цы карз тох расидтысты, уый.

ÆЛДАТТАТЫ Виктор

# ЧЕРДÆМ У НÆ ФÆНДАГ, ИРОН АДÆМ?

Рæстæг куыд цæуы, афтæ ацы фарст йæхи мæ размæ æвæры стырдæргæнгæ æмæ зæрдиагдæрæй. Ома нæ зонд, нæ хъавд, нæ ахаст кæцырдæм у? Ирон адæм уæвын ма нæ фæнды, æви нын хъауджыдæр нал у цавæрфæнды уæвынæй? Мæхи дæр фæрсын.

Уынын нæ адæмы хъæуты æмæ горæтты. Арæх вæййын зианты æмæ цины хабæртты. Кæд нæхи нæ сайæм, кæд куырм æмæ æдылы не стæм, уæд уынæм, æмбарæм: сæфы нæ мадæлон æвзаг, сæфынц нæ фыдæлты хорз æгъдæуттæ æмæ фæрнæйдзаг æфсарм. Нал стæм иронæнгæс не 'взаг, не 'гъдæуттæй, нæ æдде бакастæй æмæ цардыуагæй.

Алкæмæ дæр йæхи хъуыдытæ, йæхи царды фæндтæ вæййы.

Цардмæ кæсы йæхирдыгонау. Фæлæ чи цы адæмыхаттæй у, уыдон æвзагыл фæдзуры, уыдон æфсарм æмæ æгъдæуттæ йын вæййынц фæтк. Адæм куы цæрынц, уæд фæлтæрæй-фæлтæрмæ се 'хсæн, сæ зонд, сæ туджы сфидар вæййы сæ фыдæлты цардыуаг. Æвзаджы фæрцы! Æвзаг у адæмæн сæ кæрæдзийы зонд æмæ зæрдæтæ æмбарыны хуыздæр мадзал.

Æнæ æвзагæй нæй аивадон литера-

турæ дæр. Уый уал абон хорз бамбæрстам, уынæм æй. Сцыбыр чингуыты нымæц, журналты, газетты тираж, сæ кæсджытæ къаддæргæнгæ цæуынц. «Æз иронау кæсын нæ зонын», — æппæлæгау срæцугъынц бирæтæ. Гъемæ æриут уæ къухтæ! Афтæмæй уырыссагау дæр рæстмæ нæ арæхсынц. Æрыгонæй латинаг алфавитыл чи ахуыр кодта, уыцы ацæргæтæ та, ирон литературæ кæй нæ кæсынц, уый фæкæнынц уырыссаг алфавиты аххос.

Уыцы æфсæнттæ иууылдæр сты уый æвдисæг, æмæ чиныгæй нæхи исæм дардæй-дарддæр. Аивады æвзаг не 'мбарæм, нæ нæм хъары. Уый уымæн афтæ у, æмæ нæ мадæлон æвзаг фæкъуымых. Растдæр зæгъгæйæ, нæхæдæг ыл фæкъуымых стæм. Цард нæ ахæм уылæнты айста йæ разæй, ахæм ссырдтыты фестæм, æмæ нæ ферох сты ирон æгъдæуттæ æмæ, æвзаг нæ, фæлæ ма нæхи нæмттæ дæр. Арæх нал и фехъусæн æцæг ирон нæмттæ. Уый хыгъд фехъусæм мæнæ ахæм нæмттæ — Кæмбинат, Епо, Рыцарь, Мугден...

Сывæллон йæхæдæг йæхиуыл ном нæ сæвæры, хистæртæ йыл сæвæрынц, æмæ кæд хистæр сывæллоныл хъæугæ ном сæвæрын нæ зоны, цы дзырд не 'мбары, ахæм дзырд ыл баппары номæн, уæд ахæм хистæр кæстæры раст схъомыл кæнын дæр нæ базондзæни.

Цымæ тынг дæсны стæм нæ кæстæрты раст зонд, раст фæндагыл аразынмæ? Ирон адæм стæм æмæ нæ сабитæн амонæм нæ фыдæлты хорз æгъдæуттæ, кæнæ нæ культурæйы дзæбæхдæр æрттивæнтæ? Цыбырдæр зæгъгæйæ, мах, хистæртæ, зонæм нæхи дарын нæ кæстæрты цур? Стæм сын аккаг хистæртæ? Ацы фарстытæн «о» зæгъæн дæр ис æмæ «нагъ» зæгъæн дæр. Ис нæм бирæ хорз фыдæлтæ, мадæлтæ, хистæртæ. Æхсæнады æмæ кæстæртæн дæр фæзминæгтæ, йе 'гъдау, æфсарм æмæ ирон æвзаджы хаттæй хайджын. Фæлæ ахæм хорз лæгтыл арæх нал æмбæлæм. Сывæллон йæ ныййарджытæй, йæ хистæртæй кæрты дæр, уынджы дæр куы нæ хъуса ирон аив ныхас, хистæры куы нæ уына зæрдæмæдзæугæйæ, уæд хъуамæ кæй фæзма? Скъола, дам, уымæн у, æмæ мын мæ сывæллоны ахуыр, хъомыл кæна. Афтæ фæзæгъынц бирæ хистæртæ. Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ уый тыххæй сты зын уавæрты. Нæ сывæллæттæ фаг нæ хъусынц ирон аив ныхас. Не 'взаг æгæр сæмхæццæ уырыссаг æвзагимæ. Тæссаг у, ирон лексикæ уæлхъæдæй куы бахус уа, уымæй. Иронау цы лæг нæ дзура, уый ирон нал у. Ног рæстæг нæ æхцайы цагъайрæгтæ сарæзта. Нæ уынгты, кусæндæтты фæсарæйнаг дзырдтæ ставд дамгъæтæй фыстæй —

дуканиты дуæртты сæрмæ ауыгъд, уæлдайдæр та кæйдæрты чысыл дуканитыл. Кинотæ, телеуынæн, радио нæ фæуæзхъус кодтой не 'взаджы зæлтæм. Ууыл бирæ дзурын нал хъæуы, фæлæ дарддæр куыд?

Ныртæккæ бирæ ирæттæ здæхынц алы бæстæтæй Ирыстонмæ. Чи сæ иронау æппындæр нал зоны фыдæй, фыртæй, кæмæн та йæ бинонтæ. Ахæм ирæттæ ирон æвзаг хуыздæр базонынæн хъæуынц ирон — уырыссаг æмæ уырыссаг — ирон дзырдуæттæ, фæлæ не сты бинонтыггонд. Æндæр бæстæтæй цы скъоладзаутæ æрбафтыдысты ирон скъолатæм, уыдонимæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн æнцон кусæн нæу. Уыцы дзырдуæттæ ныртæккæ тынг хъæуынц скъолаты æмæ бинонты æхсæн дæр.

Дзырдуæтты дзырдтæ орфографийы æгъдæуттæм гæсгæ раст фыст нæ вæййынц, кæнæ сæ æртæ дзырдуаты æртæ хуызы фыст фенæм. Зæгъæм: Дзырд «йеддæмæ» къорд авторы арæзт «Ирон — уырыссаг дзырдуаты» (чиныгуадзæн «Ир», 1970) фыст у «йедтæмæ» (ф. 244) «Ирон орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæутты» — «йеддæмæ», Багаты Никъалайы «Орфографион дзырдуаты» та — «йеттæмæ». Хъуылаты Галайы арæзт «Орфографион дзырдуаты» ацы дзырд нæй æппындæр. Орфографион æгъдæутты дæр амынд нæ цæуы, дзырд «йеддæмæ» «дд»-имæ фыссын цæмæн хъæуы, уый. Скъоладзау куы бафæрса ацы дзырды растфыссынадæй, ахуыргæнæг ын дзуапп куы радта, дыууæ кæнæ æртæ хуызы дæр ын ис фыссæн, зæгъгæ, уæд уый куыд у? Дзырд иу хуызы фыст хъуамæ цæуа алы ран дæр.

Къорд авторы арæзт дзырдуаты 243-æм фарсыл ис дыууæ дзырды «ииуыл» æмæ «иуыл». Дыууæ дзырдæн дæр сæ акомкоммæ уырыссагау амынд ис «совсем». Уыдон сты бынтон хицæн дзырдтæ. «Ииуылдæр» у номивæг, «иуыл» та нымæцон, æмæ сын не 'взаджы ис дыууæ нысаны. Ацы дзырдуаты «псыра» фыст у 337 фарсыл, 338 фарсыл та — «пысыра». Галайы дзырдуаты дæр фыст у «пысыра». Ирон — уырыссаг дзырдуаты «фыййаг», «фиййаг» (462 ф.), Багаты Н. орф. дзырдуаты — «фыййаг», «фыййау» (ф. 363). Хъуылаты Галайы арæзт дзырдуаты — «фиййау» «фиййаг. (ф.223).

«Ирон орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæутты» «Вазыгджын дзырдты растфыссынад» (ф. 20) амоны: «Гуырынон хауæны æвæрд номдар — бæрæггæнæнтæ бæрæггæнинаг дзырдтæй фыссын хъæуы хицæнæй: «Æрфæны фæд, Уæлладжыры ком, Куырттаты ком»... Бындæр та зæгъы: «Æмхæстæй фыссын хъæуы æрмæст ахæм сæрмагонд нæмттæ, кæцыты фыццаг хай нæ вæййы райсæн хицæнæй æнæхъæн дзырды бæсты: «Дзæу-

джыхъæу, Арвыком, Дзуарыхъæу, Ставддуртæ»... Æмæ уæд æмхæстæй цæуылнæ ис фыссæн «Даргъ-къох»?

Ирыстоны топонимты æмæ гидронимты растфыссынад у фæбæлвырд кæнынхъуаг. Нæ мыхуыры хъуамæ иу дзырд дæр дыууæ хуызы фыст ма цæуа, скъоладзауты сæртæ сыл разилынц. Ирон æвзаг аслам кæны сабиты цæсты. Халы ахуыргæнæджы кад, цыма уый у аххосджын. Ахуыргæнджытæ сæ уроктæ аразынц программæты домæнтæм гæсгæ. Æххуысгæнджытæ йын сты чингуытæ, орфографи æмæ пунктуацийы амындтытæ, дзырдуæттæ. Уыцы амонæг æрмæджытæй цæттæ кæнынц скъоладзаутæ дæр уроктæм. Æмæ ма уыдоны дæр куы уа рæдыдтæ æмæ гуырысхойаг бынæттæ, уæд ахуыргæнæг дæр æмæ скъоладзаутæ дæр бæлвырд хатдзæгтæм не 'рцæуынц, хорз нæ базонынц æрмæг.

Уæлдæр дæнцæгтæ цы дзырдуæттæй æрхастам, уыдоны ис бирæ аиппытæ. Дзæвгар азты уыцы аиппытæм кæсæг нæй. «Орфографи æмæ пунктуацийы æгъдæутты» (ф. 11, § 28) фыст ис: нымæцон «иу», йæ фæстæ цы дзырдтæ вæййы, уыдонимæ фыссын хъæуы хицæнæй: иу бон, иу хатт... Уый раст у, фæлæ фæрсдзырд куы свæййынц, уæд та сæ фыссæм æмхæстæй: иухатт мын афтæ куы загътай... Нæй дзы уый амынд. Дзырдуæтты дæр фæрсдзырд æмхæстæй фыст у: иухатт. Иу ахæмы, иу цалдæр, иу дзæвгар, иу чысыл, иу дзырдæй сты хицæнтæй фыст. Багаты Никъалайы æмæ Хъуылаты Галайы арæзт дзырдуæттæ та сæ фыссын кæнынц æмхæстæй: иуахæмы, иучысыл, иудзæвгар, иудзырдæй æмæ а.д.

Ис амонæн номивæг «ацы», «ацы хъæубæстæ». Ис ын цыбыр хуыз дæр «а». Фæзæгъæм: а хъæубæстæ, а лæппу, ацы лæппу. Ацы номивæг дæр йæ цыбыр хуызы фыст цæуы куы дефисæй хицæнгондæй, куы æнæ уымæй: «а-хъæубæстæ, а-лæппу», кæнæ та: «а хъæубæстæ, а лæппу». Гъемæ, зæгъæм, скъоладзаутæй иутæ сæ контролон фысгæ куысты амонæн номивæджы цыбыр хуыз «а»-йы фæстæ сæвæрдтой дефис, иннæтæ нæ. Ахуыргæнæгæн рæдыдыл кæцы банымайгæ у? Ахæм дæнцæгтæ бирæ æрхæссæн ис, фæлæ уыдон сæйраг не сты, ис сын æнцонтæй срастгæнæн.

Скъола сабитæй скъола у, фæлæ йæ фыццаг скъола бинонтæ сты, æхсæнады хъомыл кæны. Бинонтæн сæхицæн дæр, цы æхсæнады цæрой, уый уагыл уадзæн ис сæ цард, се 'взаджы хатт. Нæ фыдæлтæн иу æвзаг уыдис — мадæлон ирон æвзаг. Стæй иу æхсæнад.

Ныййарæг мады баивæн никæуыл ис. Кодзырон мæ ный-

йардта. Уый мæ схаста, фæлæ нанайы нымайын мæ царды зæдыл — Мадымайрæмыл. Мадæлтæн хæдзары куыстытæ — бирæ, фæлæ нана уыди нæ хъомылгæнæг: æвзаг, æгъдау, æфсарм æмæ адæмы хъæр кæмæй бамбæрстам, уыцы скъола. Сывæллæтты цæхæрадоны ахæм хъомылад нæ исынц ныртæккæ.

Кæй хъæуы искæй сывæллон йæхи мадау, нанайау? Сывæллон йæ рагбонты куы фехъусы йæ ныййарджытæй фæлмæн ныхас, худгæ цæстæнгас, уæд йæхæдæг дæр ахæм зæрдæйы уагимæ фæрæзы.

Æз ма ныртæккæ дæр зæрондæй мæ фыны фестын мæ райгуырæн кæрты. Æрцæрын æмæ дзы мæ фæллад суадзын. Сæрдыгон мæйрухс изæры уæрæх кæрты бадынц нæ фыдæлтæ бæлæсты бын. Сæ размæ æртæкъахыг тымбыл фынгыл графины арахъхъ. Хъæдын къусы махсымæ. Цыхты къæрттытæ, дзулы кæрстытæ... Фондз æфсымæры цот: лæппуйæ, чызгæй — æртымбыл сты æмæ хъазт сарæзтой. Хæстæгдæр сыхаг чызджытæ æмæ лæппутæ дæр уым. Фæндырдзагъд æмæ фæйнæгыл лæдзджыты æмдзæгъдæй зæрдæтæн у æхцон.

Æмдзæгъд! Лæппу цъилау ныззилы чызджы алыварс. Кæсынц кæстæрты кафтмæ хистæртæ хъæлдзæгæй мидбылхудгæ. Æхсызгон сын у. Кæсынц мадæлтæ дæр тыргътæй сæ цотмæ. Сæ зæрдæ райы. Ныййарæгæн та йæ цоты цинмæ кæсынæй зынаргъдæр ницы ис.

Лæууæм мах дæр уым нæ сыхаг лæппу Созырыхъоимæ. Æмдзæгъд кæнæм фæйнæгыл. Уæд ныл цыдаид æхсæзгай азтæ. Ракафын кодтой мах дæр бæгъæввæдтæй. Ныккастысты нæм хистæртæ. Мæхи хæрдмæ сæппæрстон, мæ уæраг зæххыл æркъуырдтон. Хистæрты худынæй фæндырдзагъд нал хъуыст. Иунæг уыцы изæры цин адæймагæн уыди дохтырты хосау.

Лæгъз ныхас, рæвдаугæ дзырдтæ, хистæрты цæстæнгас, сæ амындтытæ — уыдон-иу бауагътой сабийы зæрдæйы цæрыны бæллицтæ. Кæстæр фæзмыдта хистæрты хорз миниуджытæ. Хистæры фæнд æмæ дзырд ын уыди фæтк.

Цард царв ныхъуырæгау æнцон нæ вæййы. Цæрыны мадзæлттæ фæллой кæнынæй æвзæрынц. Кадджын уыди хи фæллойæ, рæстæй цæрæг лæг. Кæстæртæ дæр уыцы зондыл ахуыр кодтой.

Фыдæлтæ бæрæгбæтты æмæ хуыцаубонты быдырмæ кусынмæ нæ цыдысты. Æгад уыди бæрæгбоны кусын. Æмæ æз Уациллайы бон мæ фыды бæсты ацыдтæн похцийæ ласынмæ дыууæ галыл. Уæд мыл цыдаид æртындæс азы. Дæсæтин хуым баластон похцийæ дæргъмæ æмæ уæрхмæ. Уымæй фæстæмæ

иунæгæй цыдтæн хъæдмæ дæр. Уыцы куыстытæ æхсызгонæй кодтон, лæвæрдтой мын ныфс, фæлтæрдтой мæ.

Чысылæй фæстæмæ фыдæлты куыстытæм куы кæса саби, уæд сæ йæ фыдæй æвзæрдæр нæ кæндзæни. Хуыскъастæу дзы нæ рауайдзæни. Бинонты хъуыддаг бакæныны агъоммæ суыдзæни хæдзардарæг, зынтæн фæраздзæни. Афтæ куы схъомыл уа адæймаг, уæд æвзæры, расыггæнаджы ном йæхимæ хæстæг никуы æруадздзæни. Ссардзæн адæмы 'хсæн йæ лæджы бынат.

Фыдæлты цард иудадзыг фæллой æмæ тухæнтæй нæ уыди. Зыдтой сæ фæллад уадзын дæр. Хъахъхъæдуры хъæугæрон-иу Уациллайы бон диссаджы бæрæгбон уыд. Ирыстоны лæппуфæсивæд-иу бæхтыл, бричкæты, тачанкæты æрцыдысты уыцы бон хъазтмæ сæ хотимæ дæр. Уыцы аив арæзт дзыллæтæм акæсын йæхæдæг уыди зæрдæйы цин. Адæймагмæ хъардта ирон царды ад, ирон национ æгъдау. Уæздан æвзаджы хатт, арфæтæ, мидбылхудт — уыдæттыл хъомыл кодтой кæстæртæ.

Мæ мадыфсымæр бæтæхъойыхъæуккаг Кодзырты Апон лæппуйæ алы аз дæр йе 'мгæрттимæ саргъы бæхтыл мах хъæумæ цыдысты Уациллайы бæрæгбоны. Йæ бæхыл-иу мæ куы абадын кодта, куы мыл-иу баузæлыди фæлмæн рæвдаугæ æвзагæй, уæд ма мæнæй амондджындæр кæм уыд? Уæд адæймаджы миддунейы стырдæр хур ракæсы, уалдзыгон мæргътæ дзы сæ зарджытæ фæкæнынц. Уæд сывæллонæн гуымиры митæ, фыдуаг, æгоммæгæс уæвæн нæй. Сывæллон æвзæр низæй афтæ нæ тарсти, фыдуаджы ном райсынæй куыд тарсти. Мæ мадыфсымæр мæм касти цавæрдæр уæларвон адæймаг.

Дзурын зонын дæр хорз æгъдауыл нымад уыдис. Ахæм царды уавæрты мадæлон æвзагæн æнæ зонгæ нæй.

Сæрдыгон изæрты-иу уынджы тымбыл рабадтыстæм æнæхъæн сыхы сывæллæттæ. Аргъæуттæ чи куыд фехъуыста хистæртæй, афтæ сæ дзырдтам кæрæдзийæн. Дзургæ-дзурын-иу хъуыдыйад раст загъд кæм не 'рцыд, уым-иу æй дæсныдæртæ бафиппайдтой.

Аргъæуттæм не 'ппæтæй дæсныдæр уыди Созырыхъо. Иухатт æм аргъæуттæ кæнгæйæ лæппутæй иу дзуры: «Афтæ нæ уыд, афтæ уыд». Уæд ын Созырыхъо зæгъы: «Аргъау авдсæрон у. Додо загъта (ома йæ фыд): аргъау авдсæрон у, ома, вариантгай у».

Авдсæрон уæйыг... Дзырд «авдсæрон» æмæ бирæ дзырдтæ æз афтæмæй базыдтон.

Сæмбæлди дыл зæронд ус. Афарста дæ: «Кæй къона дæ? Дæ мад дæ цинтæй бафсæда! Нанайы къона. Айрæз дзæбæхæй!»

Зæронд лæг дæ афарста: «Кæй лæггаг дæ? А-а-а! — бахудтаид. — Ӕмæ уый мæ лымæн лæг куы у! Цæр дзæбæхæй!» Ахæм фæлмæн — рæвдаугæ ныхас куы хъуса саби, уæд ын гуымирыйæ тас нæу. Уæд уæздانзонд, фæлмæнзæрдæйæ байрæзы. Хъуыды кæнын тызмæг лæгты дæр. Йæ фæткъуы бæласæй-иу цы æрдæгæмбыд дыргъ æрхауд, уымæ дæр ын бавнæлдтай, уæд дæ æлгъыстыты бын фæкодтаид. Уымæн-иу фыддæрагæн давтам йæ дыргътæ, кæд-иу нæхи дыргътæ хæрæг нæ уыд, уæддæр.

Мæ амæлæтмæ мæ нæ ферох уыдзæни нæ сыхаг Есенаты Тæтæрхъан. Рухсаг уæд. Уыдонæн дæр хорз дыргъдон уыди. Сæ дыргъдоны цурты цыди нæ фæндаг найынмæ. Мах уый дыргътæм æвналгæ нæ, фæлæ ма сæ хъахъхъæнгæ дæр кодтам иннæ сывæллæттæй. Уый уымæн, æмæ нæм-иу Тæтæрхъан йæхæдæг фæдзырдта: «Рацæут-ма ардæм! Мæ фæткъуытыл æрвæсгæ нæ кæнут? Мæнæ ма фенут ацы фæткъуытæ, цымæ адджын не сты! Хæргæ кæнут. Къабуз куы асæттай, уæд ыл иннæ аз нал æрзайдзæни фæткъуытæ», — йæ ныхæстæ-иу уыдысты рæвдаугæ худæнбылæй. Кæстæрæн ахæм хистæры æнæ уарзгæ ис? Ноджы ныл буцæн сæвæрдта нæмттæ: Саукъи, Бурачи, Хъæндыргъа, Уасепп æмæ æндæртæ. «Уасепп, уæлæ ма уыцы бæласмæ фæгæпп кæн! Кæс-ма, кæс, цы рæгъæдтæ йыл ис!» Цыма не 'мгар уыди, кæнæ йæхи фырттæ уыдыстæм, афтæ нæ-иу хорз федта йæ дыргътæй. Мах-иу ныфсæрмы стæм йæ цуры. Уымæн æмæ сывæллон зæрдæ зоны. Фæлмæн ныхас æм арф хъары. Тызмæг ныхасæй та дзы дæхицæн скæндзынæ знаг. Уымæн скъæйных стæм. Ныртæккæ нал хъусæм рæвдауæн ныхас.

Тæтæрхъанæн уынджы сæ кулдуармæ куырдадз уыди дыууынæм азты. Зымæгон-иу куырдадзы йæ хид акалд. Йæ худ-иу систа. Галиу къухы æнгуылдзæй-иу ныхы хид куы асæрфта, уæд ын-иу мах тæригъæд кодтам. Мæ зæронды бонты дæр ыл тынг ныхъхъуыды кæнын ныр. Цавæр хорз зæрдæйы хицау уыд Есенаты Тæтæрхъан! Цыппар цæфхады скодтаид бæхæн. Ныссагътаид сæ бæхы цыппар къахыл. Уый æнцон куыст нæу. Боны æрдæг сыл рæстæг сæфта. Бæхы хицауæй-иу кæд райстаид æхсæз суарийы. Федтон иу хатт: иу лæгмæ 25 капеччы йеддæмæ нæ уыд. «Уæллæй, Тæтæрхъан, суари фаг нæ кæнынц ме 'хца!» — йæ армытъæпæны бадардта лыстæг æхца куырд Тæтæрхъанмæ. Райста Тæтæрхъан 25 капеччы йæ куысты мыздмæ æмæ ма арфæ дæр ракодта бæхы хицауæн: «Хорз. Акæн дæ бæх æмæ дзы фæрнæй кус! Дæ къух куы самона, уæд мын-иу мæ суари сæмбæлын кæн!» — мидбыл бахудти Тæтæрхъан.

Цард ахæм лæгтæй фидыдта. Ныр дæр сфидауид, бæргæ! Фæлæ кæм сты уыцы зæд-лæгтæ? Тæтæрхъанæн йæхи цот дæр йæхи халыскъуыддзаг рауадысты. Дзæуджыхъæуы цæрынц: Хъасболат, Хадзы, Таймураз, кæстæры ном нал хъуыды кæнын. Дыууæйæ дохтыртæ сты. Хоры зæнгыл, дам, хор зайы. Хъасболаты кæстæр Хъамболат та хæстæй нал ссыди.

Хорз кæстæрæй- иу загътой: «Дæ рауадзæджы нывæн суай»! Уыцы ныхæсты стыр хъуыдытæ уыд. Ома, чи цавæр ныййарджыты къухы схъомыл, ахæм уыдзæн уымæн дæр йæ кæстæр.

Æз мæхи фыдæлты кой цæмæн ракодтон? Кæд диссаджы стыр лæгтæ нæ рацыди Дзодзийы кæртæй, уæддæр сæрыстыр стæм нæ фыдæлтæй, нæ мадæлтæй, уымæн æмæ нын сабыр, уæздан зонд лæвæрдтой. Нæ хæдзарвæндаджы æнæгъдау, магуса, давæг, фыддзых адæймаг абоны онг дæр нæй. Æфсымæрæй, хойæ нæ кæрæдзийæ æфсæрмы кæнæм. Исты æвзæр ном мæ куы фехъуса мæ хо, ме 'фсымæр, зæгъгæ, уымæй тæрсæм. Уый ирон адæмы фæтк уыд. Уымæ бæллыд ирон лæг. Фыдæл йæ цоты йæ цырт хуыдта.

Нæлгоймаджы домæнтæ йæ кæстæртæм чысыл хъæддыхдæр вæййынц. Лæгдзинад сæ фæдомы, уымæн æмæ фæсивæды фидæны цардмæ бацæттæ кæнын фæхъæуы. Фыд хорз фембары, цард иудадзыг мыд ныхъуырынау æнцон кæй нæ вæййы. Бирæ зынтæ фæразын бахъæуы адæймаджы. Уымæ гæсгæ фыдæлтæ сæ цоты фыдæбон кæныныл æфтыдтой. Цæттæ сæ кодтой сæ фидæны тухитæн быхсынмæ. Гуымиры æмæ знæтæй нæ. Мæ фыд мын бацамыдта, фосмæ дæр, дам, тызмæгæй дзурын нæ хъæуы. Сабыр, рæвдаугæ митæй, дам, æй тагъддæр æрцахуыр кæндзынæ. Тызмæг, дам, уæзданмæ зондагур бацыд. Æфсондз араза, бæндæн бийа, михтæ цыргъ кæна, хос кæрда, нæ фыд нæ йæ фарсмæ лæууын кодта: «Мæнæ афтæ аразгæ сты. Сымах дæр бахъæудзæн ахæмтæ кæнын!» Гуылмыз æмæ, дам, сахъат куы нæ уа лæг, уæд ахæм куыстытæ хъуамæ зона. Искæмæй курын худинаг у. Лæгæй, дам, лæджы тæф, хъуамæ цæуа. Тамако æмæ, дам, уын арахъхъы тæфæй нæ зæгъын. Йæ уды арæхстджын фæллойæ йæ бинонты дарæг чи уа, сыхаг, зонгæйæн дæр æххуыс чи кæна æмæ хорздзинад йæ цæст кæмæн уарза, былтæй нæ, фæлæ хъуыддагæй, лæджы тæф уымæй фæцæуы.

Уый æрмæст мæ фыды ныхас нæ уыди. Нæ сыхы лæгтæ нæ се 'ппæт дæр уыцы фæндагыл арæзтой. Куывдты æмæ чындзæхсæвты дзаг фынгты уæлхъус-иу дзагдæрæй куы лæууыдыстæм,уæд-иу мын сæ алкæй цæстæнгас дæр дзырдта, амыдта: «Цæр, сбæзз лæгæн. Фæлæ зон, цард мæнæ ахæм дзаг фынгты уæлхъус бадынау нæу».

Æз нæ хъуыды кæнын, мæ фыд дæр, кæнæ фыдыфсымæртæй дæр исчи йæ цотæй искæй фæнадта, уый. Исты фæрæдыд кæстæр, уæд æй кæрты уыцы бирæ хистæртæй исчи йæ цуры æрлæууын кодтаид. Æрмæстдæр ын загътаид: «Цæмæн афтæ бакодтай? Уый худинаг у!» Уыцы уайдзæф æгъгъæд уыди кæстæрæн, цæмæй йæхиуыл æрхудтаид, уымæн. Царды скъола!..

Ногбоны æхсæв-иу алчи дæр йæ кулдуармæ стыр арт скодта. Æнæхъæн мæкъуылы бæрц хус къæрцгæнæгтæ-иу куы ныггуыпп ластой, уæд-иу хъæр кæнын систам: «Ног аз! Ног аз!» Æз мæ дыууæ æнгуылдзы мæ дзыхы акодтон æмæ ныхситт ластон фырцинæй. Фыд кæрты дуарæй каст æмæ мæ фехъуыста. Фыд мæ æрлæууын кодта хæдзары астæу: «Чи ныхситт кодта уынджы? Уый худинаг æмæ фидиссаг хабар у. Ам адæм куы цæры. Ды сæ æрцæрын кодтай? Агъуысты, уынджы, адæм кæм цæрой, уым хъæр æмæ æхситт кæнын у худинаг — æдзæрæджы нысан!» Уымæй фæстæмæ æз уынджы никуыуал ныхситт кодтон. Уый домдтон ме 'мбæлттæй дæр.

Ис цалдæр æвзаджы зонæн, фæлæ мадæлон æвзаг у лæгæн йæ зонд, йæ туг, йæ зæрдæ, æмæ æнæ уыдонæй та лæг лæг нæу. Свæййы æкъона,æнæбындур — хæдæвзæрд зайæгойау.

Æрдз цы радта æмæ цы амоны, уымæн ивæн нæй, фæлæ сын ис хуыздæр кæнæн. Каркæн бабызы æйчытæ къуыртты куы сæвæрай, уæд рауадзы бабызы цъиутæ. Уыдон аленк кæнынц, карк — сæ мад сæ алыварс хъуыдатгæнгæ удхар сисы. Уый тыхми у æрдзы ныхмæ.

Нæ фыдæлтæ цы зонд æмæ зæрдæйæ цардысты, ахæм зонд, зæрдæ æмæ æгъдауæй у абон нæ цард? Нæу. Ныкъкъæрцц кодта нæ царды астæуы цæджындз. Нал æмбарæм нæ фыдæлты зонд æмæ æгъдау. Ферох кодтам, нæ мадæлтæ нæ цы фæлмæн, аджын æвзагæй рæвдыдтой, уыцы ирон æвзаг. Дзурын байдыдтам цавæрдæр æмтъеры æвзагыл. Айдагъ не 'взаг нæ сæмтъеры — нæ цард иууылдæр фæзыгъуыммæ.

Æхсæрдæсаздзыд лæппу йæ тамакоимæ баздæхт зæронд лæгмæ: «Нæ фыды хай, зынг дæм нæй? Сдымæм!» Кæнæ чызджы йæ дæларм бакодта æмæ бадынц уынджы дзыллæты цур.

Зæронд ус дуканимæ æрцæйцыди. Бафæллад. Æрлæууыд. Фæдзырдта иу лæппумæ: «Цу-ма, мæ къона! Дзул мын сдав!» — Æхца йæм дары. Лæппу йæ къух ауыгъта: «Нæй мын рæстæг. Некогда, бабуля!» Гыццыл лæппутæ фæрæвдз сты: «Æри, мах дын балхæнæм дзул». Схастой йын. Сабитæй нæма ферох мадæлты рæвдыд.

Стæм адæймæгтæ ма сты нæ фыдæлты ахастыл æвæрд.

Фылдæр адæм сæхи ауæй кодтой æхцайыл. Сæ лæджы ном, зæрдæ æмæ зонд æхцайы чыссæйы нытътъыстой. Ирыстон зæрæстон хуымау схæмпæл. Ирон бынæттон адæмы нымæцæй æрцæуæг адæмы нымæц къаддæр нал у. Уырыссаг æвзаг нын сси паддзахадон æвзаг. Дæ цæрæн хæдзары къæсæрæй куы рахизай уынгмæ, уæд дæ иронау дзурын никуы хъæуы.

Дзадджын фынджы уæлхъус, дзаг агуывзæ нæ къухы, афтæмæй хъæрæй фæдзурæм иу иннæйы цæстмæ: «Ирыстон, нæртон ирон адæм, цæрут! Гуыппырсар аланты цот!..» Нуазæн сæрæй бæрзонддæр сисæм, хъæлæсыуаг та уымæй бæрзонддæр. Фынгæй куы рахæлиу вæййæм, уæд та ирæтты хуызæн нæ вæййæм не 'взаг æмæ нæ уагæй. Цуттытæгæнгæ уынгты фæцæйцу, уый кæуылты ирон лæг у! Нæ вæййы афтæ? Вæййы. Тынг арæх. Арахъхъ нын нæ зонд фæкъахыр кодта. Чысыл нæ, фæлæ тынг. Хъæбæр нозты марг æмæ дымæн хъылмайыл куы фæцахуыр вæййы, сæ марг буары куы ахъары, уæд адæймаг йæхицæн хицау нал вæййы, сæрызонд фесæфы, æвзаг уæд алцыдæр лæхуры, фыдтæ калы, къухтæ цыргъаг агурынц.

Ацы фæстаг азты Иры зæххыл цал æвирхъау хабары æрцыди: лæгмæрдтæ, лæгдæвдтытæ, — уыдон нымайын æмæ сыл хъуыды кæнын йæхæдæг у зæрдæниз. Цы ис уымæй æвирхъаудæр, лæппу йæ чындзæхсæвы бон йæ кæрты фæмард расыг лæджы къухæй. Ацы аз Беслæны горæты сыхаг лæппулæгтæ æртæйæ сæ къухтæ сæхимæ систой. Сыхæгты руаджы дзы иу аирвæзти. Иннæ фыдуац хæсты æмæ фæллойы ветераны йæ фырт амардта дамбацайæ. Ахæм хабæрттæ хъусæм арæх. Ивы, хæлы адæймаджы фæрнджын фæлгонц.

Æмæ уæд чердæм у нæ ахаст? Дарддæр куыд? Цыма нæм алцыдæр хорз у, нæ адæммæ æвзæрæй ницы ис, афтæ дарæм нæхи? Нæхимæ бæлвырддæр æркæсынхъуаг не стæм?

Цæмæн уымæ æрцыдыстæм, уый дæр зонæм, фæлæ йæ не 'ппæт иухуызон не 'мбарæм. Æз æй æмбарын афтæ. Фыдæлты загъдау, нæ хал-нæ бæндæн фæхауд. Æфсарм æмæ æгъдау кæлмхæрдау æмбийынц. Нæ зонд, зæрдæтæ сдæрзæг,сгуымиры, смаргдзæф сты. Нал хъусæм уæздан, сабыр, лæгъз ныхас.

Нæ сыгъдæг ирон æфсарм æмæ æвзаг ныууæй кодтам æхцатæ æмæ мулкыл. Фехæлди бинонты цард. Цот ныййарджытæй фæцух сты. Сабитæ нанаты хъæбысты нал хъомыл кæнынц. Мады рæвдыд нал зонынц. Мад æмæ фыд райсомæй раджы сæ сабиты барвитынц рæвдауæндæттæ æмæ сывæллæтты цæхæрадæттæм, сæхæдæг сæ куыстытæм афтынц. Изæры æрцæуынц фæлладæй сабитæ дæр æмæ сæ ныййарджытæ дæр.

Фæллад лæджы йæ сабитæм нал февдæлы. Уæдæ цот мад æмæ фыды къухы куы нæ хъомыл кæной, куы нæ сын уыной сæ рæвдыд, куы нæ сын хъусой сæ дзыхыныхас, уæд кæмæй базоной æмæ куыд дзурой сабитæ иронау? Иугæр ирон æвзагæй фæцудыдта саби, уæд та дзы ирон æфсарм æмæ æгъдау дæр мауал агур. Цот æмæ ныййарæджы æхсæн уæд хæлынц ахастдзинæдтæ. Саби фæцух йæ бинонтæй, йæ тугхæстæджытæй, уæд сыл суыдзæн стырзæрдæ. Адард уыдзæн сæ тугхæстæгдзинад. Фыдæлтæ бæллыдысты сæ цоты чиныджы кæсыныл сахуыр кæнынмæ. Ирон адæмæй чи «сахуыргонд», уыдон иронау нал дзурынц. Хорз-пайдайаг бынаты чи бахауы, уый иннæтæм схъæлæй кæсы, ирон фарнæй йæм ницыуал вæййы.

Нæ фыд нæ ахуыр кодта: «Алкæмæн дæр хæс у зонын авд фæлтæры йæ фыдæлты нæмттæй. — Ранымадта нын-иу:— Хъауырбег, Дзодзи, Тебо, Цора, Тего, Æлдатт, Зора». Æлдаттатæ, дам, фыццаг Зоратæ уыдысты. Нæ фыд нын æрмæст фыдæлты нæмттæ нæ амыдта, фæлæ сæм хорзæй цы уыд, уыдæттæ дæр. Нæ фыдæлтæм хъом, фос уыди Хохы Хъахъхъæдуры цæргæйæ дæр. Зыдтой цуаны цæуын, хи фæллойæ цæрын.

Нæ куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ хæрнæджы фынгтæ дæр æгъдау раттыны фæдыл арæзт цæуынц, фæлæ дзы æгъдау йæхæдæг нал вæййы.

Беслæныхъæуы, æз кæм цæрын, уым иу ран ис фондзуæладзыгон дæс хæдзары. Хæдзæртты 'хсæнты — кæртыты ис саратæ арæзт, къæвда, кæнæ уæгъд бон рæстæг æрвитæн бынæттæ. Уыцы сараты никуыма уыди цæрджытæн æмбырдтæ царды исты фарстаты фæдыл.

Йæ риу размæ чи ракъуыпп кæны, фынг тымбыл къухæй чи ныггуыпп ласы, æз ирон лæг дæн, зæгъгæ, фæлæ ирон газет, ирон журнал, ирон чиныг чи нæ кæсы, уый ирон схонæн ис?

Æндзыг, æварн адæймæгтæ!.. Уыдон нын халынц нæ фыдæлты фарн æмæ намыс. Æгад кæнынц дин æмæ кувæндæттæ. Хетæджы къохæй сарæзтой нуазæндон. Æхцаджынтæ абадынц сæ хæдтулгæты, нозтытæ æмæ «закъускатимæ» æмæ Иры цытджын кувæндоны балæууынц. Хетæджы кувæндонмæ афæдз æрмæст иу хатт цыдысты нæ фыдæлтæ — йæ боны.

Фæчъизи, сæгад кодтам Уастырджийы ном дæр. Айхъуысти, цыма Дигорайы æрбадт кæйдæр скъæты сæрыл. Дзæуджыхъæуы та иу сылгоймагимæ æхсæвы фæци. Дæлæ Змейкæйы дæр, стæй та Беслæны хоры комбинаты кæрты дæр цыма æрфысым кодта Уастырджи. Мах дыууæйæ ацыдыстæм комбинатмæ. Федтам митыл цæйдæр фæдтæ. Йæ цуры йын авæрд-

той ног арæзт даргъ стъол. Йæ уæлæ æртæлитруат балоны — мысайнæгтæ. Кусарт дæр акодтой. Бæрæг у фыдæлты зонд æмæ æвзаджы хатт кæй нал æмбарæм. Цавæрдæр маргъы базырты фæдтæ схуыдтам Уастырджийы фæдтæ. Фыдæлтæ-иу загътой: Хуыцауæн æмæ Уастырджийæн дæр уынæн нæй. Уыдон сты æмæ цæрынц алы адæймагæн дæр йæхимæ: йæ зонды, йæ зæрдæйы, йæ кад, йæ намысы, йе ’гъдауы. Адæймаг уыдонæй адæймаг у, сырдтæй уымæй хицæн кæны. Æфсарм, æгъдау, намыс, цыт цы адæймагмæ нæй, уый хонæм æнæхицау, æнæдин.

Ирон адæм Уастырджийы сæ зонды сныв кодтой — домбай нæлгоймаг тæхгæ-нæргæ урс бæхыл. Æмæ йæ нæ хъæуы зыгъуыммæтæ кæнын. Уæдæ кæй фæнды нæ фыдæлтау сыгъдæг ирон уæвын, уый хъуамæ дзура сыгъдæг ирон æвзагыл, хъуамæ уа куыстуарзаг, æгъдауджын, зæрдæджын, æнæгæды, æргомзонд, хъуамæ уарза æмæ сæрыстыр уа нæ фыдæлтæй, нæ райгуырæн зæхх Ирыстонæй. Æфсарм хистæр æмæ кæстæр, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн. Сабыр сыхæгты фарн, лæгæй-лæгмæ æууæнк æмæ æмгæртты æхсæн фидар уарзондзинад — уыдæттыл лæууы цард. Нæ кæстæрты уыдæттыл сахуыр хъæуы нæ ирон сыгъдæг æвзаджы фæрцы.

Фæлæ куыд? Кæмæй кæнгæ у уыцы куыст?

Хистæртæй, ныййарджытæй, бинонтæй. Æз ирон æгъдæуттæй цы базыдтон, уыдон нæ мадæлтæ, нæ фыдæлтæй. Уый тыххæй ракодтон мæ фыдæлты кой. Сывæллоны хъуамæ хъомыл кæна йæ мад, фыццаджыдæр, стæй дадатæ æмæ нанатæ. Уæд сахуыр уыдзæни мадæлон æвзагыл, фыдæлты æгъдæуттыл. Зонын, нæ рæвдауæндæтты куыст цæхæртæ нæ калы. Кæй хъæуы искæй сывæллон йæхи мадау? Цæуыл æй ахуыр кæны? Бинонты цард фехæлд, æмæ ног чындз йæ лæджы ныййарджытимæ уымæн нæ фæразы цæрын. Сабиты та тынг фæнды цæрын сæ дадатæ æмæ нанатимæ. Уыдон сæ фыццаг ахуыргæнджытæ сты.

Мад хъуамæ уа ахуыргонд — культурон æфсин хæдзары. Фыд та куса афтæ, æмæ йæ фæллойæ бинонты дарын фæраза. Цас фылдæр сывæллæттæ уа хæдзары, уыйбæрц сты æнцондæр хæссæн. Кæрæдзимæ цæст дарынц. Уый мæхæдæг базыдтон, федтон. Алы ирон сывæллон дæр хъуамæ ахуыр кæна ирон скъолайы ирон æвзагыл фарæстæм къласы онг æппæт предметтæ дæр. Фæлæ æрмæст уымæй дæр ницы рауайдзæни. Бинонты цард æркæнын хъæуы йæ бынатмæ. Ардыгæй райдайын хъæуы. Бирæ фæтахтыстæм хъалзæрдæйæ бæрзæндты. Æмæ тынг ныллæг æрхаудтам. Бамбарын афон нын у.

Фарон Дзæуджыхъæуы уыдтæн чындзхæссæг. Нæ фысымтæ цардысты æстæм уæладзыджы, чындзæхсæвы адæм та бадтысты кæрты сарайы. Лифты уæлæмæ-дæлæмæ нуазæнтæ хæсгæйæ бахъуыд бирæ æнхъæлмæ кæсын. Нæ дзы хъазт уыди, нæ зард. Чи дзы ракафыдаид? Кæцонау? Алы адæмыхатт дзы цæрынц æмхæццæйæ æмæ дзы иуы фæсивæд дæр иу кафт дæр нæ зоны. Чындзхæсджытæн гал æргæвст... Фынгтыл дзидзайы къуылдыхтæ, чъиритæ, нозт æмæ бирæ æндæр бæркад. Фынгты фарсмæ бадтысты ирæттæ, уырыссæгтæ, гуырдзиæгтæ, сомихæгтæ æмæ æндæр адæмыхæттыты минæвæрттæ. Хистæрæн дзы бадти заманхъуйлаг. Фенджын ирон лæг, фæлæ цы йæ бон уыди? Чи куыд æфсæст, афтæ-иу сыстад æмæ йæхи айста. Чындзы ракæнынмæ ма дзы мах цыппарæй баззадыстæм. Уырдыгыстæг дæр цыдæр фæци. Куыд кæнгæ у уæд, ирон лæг? Куыд сæвæрæн ис уæд ахæм уавæрты ирон æгъдау? Куыд дзы сфидар кæнæн ис ирон æвзаг, куы ничи йыл ныхас кæна, уæд? Уырысы æмæ æрцæуæг æндæр адæмты минæвæрттæй Ирыстоны чи цæры, уыдонæй никæй хъæуынц мах æвзаг, не 'гъдæуттæ. Ӕрмæст нæ фынгæвæрдты фарсмæ тынг зæрдиагæй æрбалæуушынц. Сæхи хорз фенынц, не 'взаг, не 'гъдæутты мæт сæ нæй.

Мæ фыдæлтæ мын цы амыдтой, уыдæттæ мæ рох не сты, фæлæ мæ нæ дуджы цард иннæрдæм чъимаздыхт æркодта: сай, дав, мар, сæтт искæй дуæрттæ, у сæудæджер, иумæйаг къæбицтæм тъысс дæ ныхтæ, дæ цыт æмæ дæ лæджы фарн баив æхцатыл. Тугдзых хъæрццыгъайау тæх æмæ цуан кæн, цъир мæгуыр лæджы туг. Мæнæн уый мæ туджы нæй, фæлæ гæнæнтæ кæмæн ис, уыдон тынг арæхсынц. Уыцы «сæрæн-амалджын» лæгтæ фехæлдтой нæ царды уаг. Нæ фыдæлты цæсгом раппæрстой æмæ сыл нал ис цæсгом. Куыд цардæуа уæд æдзæсгæмтты астæу? Кæм сты не 'взæрст лæгтæ — нæ депутаттæ? Беслæныхъæуы уынгты сæкæры голджытæй дзаг машинæ куы иу ран февзæры, куы иннæ ран. Уæй кæнынц сæкæр голлаггай. Авд сæдæ сомы дæм кæд ис, уæд æнæхъæн голлаг айс. Ӕмæ исынц къуыдипхудджынтæ цалдæргай голджытæ сæкæр. Килæ мын сбар куы зæгъай, уæд дыл уæйгæнæг былысчъилæй фæтъæнг ласдзæн иронау: «Ахъуытты-ма у иуырдæм! Ма хъыгдар!» Уый ирон у ирон уæвгæйæ? Ау? Адæмы знаг та ма цы хуызæн вæййы? Цигайнаг бæхау хъулон?

Паддзахады къæбицтæ нын абоны онг дæр иумæйаг сты, фæлæ иугай хицæутты къухтæм бахаудтой. Фæдавтой мулк æмæ сæ дæс хатты зынаргъдæр æргътыл уæй кæнынц. Уый, дам, конкуренци у. Адæмæн сæ маст сæ риуты смал. Цы сты

адæм? Кæй бон цы у æнæ раздзог, æнæ зондамонæгæй? Къоста дæр ирон адæмæн ахæм раздзоджы фæзындмæ бæллыд æмæ сидти. Ирон адæмæн, æвæццæгæн, ахæм раздзог фыдæлтæй фæстæмæ дæр никуы уыди. Гæппæл дихтæ дæр уымæн ныйистæм. Ныххæцыдыстæм дыууæ диныл, иу дины фаг дæр не стæм, афтæмæй.

Æвæццæгæн, нæ туг афтæ у. Иу иннæмæ нæ хъусы. Нæ йæ нымайы. Мулкыл чи фæхæст вæййы, уый йæ адæмы уыцы мулкыл баивы.

Уæлæ Ирыстоны адæмты съезды иу сомихаг лæг ахæм фæндон бахаста: «Мах цæрæм Ирыстоны. Бындурон адæм дзы сты ирон адæм, æмæ се ’взаг дæр хъуамæ уа не ’ппæтæн дæр сæйраг æвзаг. Ирыстоны цæрджытæ хъуамæ се ’ппæтдæр зоной ирон æвзаг. Сывæллæттæ, кæцыфæнды адæмæй уæнт — скъолаты хъуамæ ахуыр кæной ирон æвзаг. Хицауы стъолы уæлхъус чидæриддæр бады, уыцы хицау, хъуамæ зона ирон, уырыссаг æмæ йæхи æвзаг». Телеуынæнмæ кæсгæйæ сæ фехъуыстон. Мæ хъус сæм тынг æрдардтон. Тынг раст загъта. Мæнмæ дæр ахæм хъуыды ис, фæлæ уыцы съезды уæвджытæй иу дæр нæ фæлæууыд ацы сомихаджы фарс.

Сæхи ныхъхъус кодтой нæ ирон бæрзонд æвзæрст лæгтæ. Æмæ уæд чердæм у нæ арæзт, ирон адæм? Кæм и нæ ныфс? Ныхæстæй хъуыддагмæ чи хъуамæ рахизын кæна не ’ппæты дæр. Ау, не ’взаг, нæ ирон æфсарм æмæ æгъдауы фарстатæ нæ депутатты хæстæм нæ хауынц? Уæдæ ма сын хуыздæр куыст цы ис!

Стæм адæймæгтæ ма кæсынц ирон аивадон литературæ. Иронау дзургæ, кæсгæ æмæ фысгæ дæр чи нæ кæны, уый ирон æвзаг куыд зона? Уый цавæр миддунейы хицау уыдзæн?

Фыдæлты заманы дæр ирон хъæуты æмæ горæтты æндæр адæмыхæттытæй бирæ цард. Ирон адæм семæ тызмæг никуы уыдысты. Фидыдтой кæрæдзиимæ. Иу аст азы мыл цыдаид, афтæ æрæййæфтон нæ фыдæлты æмгар нæ кæрты æд бинонтæ цæргæ. Хуындис Афанас, йæ ус — Нюрæ. Уыдысты уырыссаг, фæлæ Афанасы æз хуыдтон нæ фыдæлты æхсæзæм æфсымæр, иронау афтæ сыгъдæг дзырдта. Ирон кафт æмæ зарынæй та æмбисонд уыди. Революцийы фæстæ ацыд Уæрæсемæ. Зæрондæй ма нæ бабæрæг кодта 1927 азы. Куы здæхти фæстæмæ, уæд ыл нæ бинонтæ скуыдтой: «Афанас, нал фендзыстæм!» Афанас дæр скуыдта æмæ ма уæрдонæй радзырдта иронау: «Хуыцау лæгæн цы стæрхон кæна, уымæй ирвæзæн нæй».

Мæзлуаты Мысырбийы ус Поля æрæджы фæзиан. Зæронды бонтæм фæцарди Хъахъхъæдуры. Иронау дзырдта сыгъдæг.

Уыди сыхбæсты кадджын ус. Уæдæ Заманхъулы Шерстобитовты бинонтæ та? Сæ чызг Мария мемæ техникумы ахуыр кодта. Мæ зæрдæ зæгъы алы ирон чызгæн дæр Марияйы хуызæн иронау зонын æмæ æгъдауджын уæвын. Уыди Бызыккаты чындз. Хуымæллæджы абон дæр — цардæгас лæппулæг Слайчевский. Уырыссаг мад æмæ фыдæй гуырд у, фæлæ йæ иронæй нæ фæивддзаг кæндзынæ. Хъахъхъæдуры ме 'мгар уыди Кривоносов Ваня. Йæ дыуузæ хоимæ сидзæрæй баззадысты, æмæ сæ схъомыл кодта Есенаты Æхсалф. Чызджыты моймæ радта. Иу дзы, мæнмæ гæсгæ, ныртæккæ дæр кæрдзинаг ус у. Ваняйæн та ракуырдтой Габысаты Таняйы. Се 'взаг, се 'гъдауæй уыдысты ирæттæ. Иу ссæдз азы йыл цæудзæн, афтæ Бруты та иу ирон марды уæлхъус уырыссаг зæронд лæг иронау арфæ кодта адæмæн. Ирыстоны хъæуты бирæ туркаг сидзæр лæппутæ схъомыл сты. Чи фæнымайдзæни се 'ппæт.

Ис ирон адæмæй дæр æндæр бæстæты цæрджытæ. Ирон адæймаг цы адæмы 'хсæн цæра, уыцы адæмы æгъдæуттæм гæсгæ куы нæ араза йæ цард, йæхи сыл уæлæхох куы кæна, се 'взагыл сын æгæрмæгуыр «дæ бон хорз» куы нæ зæгъа, уæд уый у ирон адæмы ном худинаггæнæг.

Ирыстоны цæрджытæн сæ фылдæр хай горæтты цæры, фылдæр — Дзæуджыхъæуы. Дзæуджыхъæумæ та ирондзинадæй ницы и. Нæ культурæйы артдзæст! Фæлæ уыцы артдзæстæй ирон зынг не 'рттивы. Горæтаг адæм дзурынц уырыссаг æвзагыл. Ирон æвзаг аззади фæсдуар. Цы 'взагыл нæ дзурой адæм, уый та мард у.

Бирæ æркæсинаг хабæрттæ ис нæ царды. Чи сæм æркæса?

Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ горæтты хъæуы сæвзарын «Хистæрты ныхас» нæ, фæлæ «Тæрхоны лæгтæ». «Тæрхон кæнын» — ома адæмы цардмæ хъус дарын. Къоста дæр сæ тæрхоны лæгтæ хуыдта. Уыцы тæрхондæттæм æвзарын хъæуы хистæртæй, кæстæртæй æмæ сылгоймæгтæй, адæмы зонд иу ранмæ кæнын кæй бон уыдзæн, ахæмты. Уæд бынæтты адæм сæхæдæг сæхи 'хсæн уаг æмæ æгъдау æвæриккой. Æрмæстдæр ахæм æмбырдты дзурдзысты хуымæтæг фæллойгæнджытæ сæ царды хабæрттыл. Уым æвæриккой сæ цардæн фæтк.

Зæгъут, ирон адæм, уæ хъуыдытæ, чердæм æмæ куыд аразæм дарддæр нæ царды уаг!

*ÆЛБОРТЫ Хетæг*

# ДЫМГÆ ЧЕРДÆМ ДЫМЫ, УЫЙ ФÆЗДÆГÆЙ ХУЫЗДÆР НИЧИ ЗОНЫ

Ацы куырыхон зондамынд мæ зæрдыл æрлæууыди, журнал «Мах дуджы» ацы азы æвдæм номыры Тлатты Æмзоры уац «Ирон национ идейæйы тыххæй» бакæсгæйæ. Уацы автор лæмбынæг дзуры Ирыстоны риссаг фарстатыл. Алы адæймагæн дæр царды йæхи фæндаг ис, фæлæ хъуамæ махæй алкæй дæр йæ фæндтæ иумæйаг стыр фæндагмæ хоной — нæ ныййарæг мад Ирыстоны фарнмæ.

Хох быдырæн нывæрзæн куыд у, афтæ у махæн дæр стыр Уæрæсе. Æнæ Уæрæсе нын уæвæн нæй, æнæ уырыссаг æвзаг нæ фæндæгтæ алырдыгæй дæр æхгæд сты. Фæлæ, уырыссаг æвзагыл ныцъцъецъелæг у æмæ дæ мадæлон æвзаг ферох кæн, уый раст нæу. Уый тыххæй уацы автор фыссы: «Нæхимæ хорзæй цы уыд, уыдæттæ аппæрстам, уырысмæ æвзæрæй цы уыд, уыдоныл та ичъи ныйистæм».

Ацы хъуыдыйы алыварс бирæ дзуринæгтæ ис. Мах нæ худæм номдзыд уырысы культурæйыл. Фæлæ сæм æвзæрæй цы ис, ууыл тагъддæр фæхæлоф кодтой нæ рогсæр адæймæгтæ. Зæгъæм, хæснагæн дæр кæм ссардтаис, æмæ ирон чызг дыма тамако, нуаза карз нозт, сагъуыйа наркотиктыл? Æмæ ныр

та? Ирон чызг — ирон æгъдауы тæккæ ирддæр айдæн, цы митæ хæссын райдыдта йæ сæрмæ, уыдоныл нæ цæст куы ахæссæм, уæд нæ русты æнцъылдтæ фырмæстæй фæфылдæр вæййынц.

Уыцы æмæ ма æндæр хъуагдзинæдтæ аиуварс кæныны фæдыл цы саразын хъæуы, уый тыххæй Тлатты Æмзор хæссы къорд ахсджиаг фæндоны:

«Кæд æмæ алы ирон дæр арф ныссагъæс кæна йæ нацийы хъысмæтыл æмæ хи уды къоппайæ нацийы сæр уæлдæр æрæвæра;

кæд æмæ нæ алчидæр йæхи мидæг амара, нæ туджы, нæ буары маргау чи ахъардта, уыцы тас;

кæд æмæ нæ алкæй зæрдæ дæр срухс уа сæрибары хурæй æмæ, æнæ сæрбосæй цæрæн кæй ис, уый бамбара;

кæд æмæ алчидæр йæ сæрæй аппара, Ирыстон йæхи фæдарынхъом нæу, зæгъгæ, уыцы æнæсæрфат хъуыды æмæ хъуыддагæй æфтуан кæна йæ адæмы фарнмæ;

кæд æмæ алчидæр сахуыр уа йæ нацийы уд æмæ цæсгомæн аргъ кæнын; нацийы уд æмæ нацийы цæсгом та сты ирон æвзаг, аивад, культурæ...»

Ацы домæнты алыварс йæ уацы лæмбынæг дзуры автор. Уый зæгъы, зæгъгæ, нæ куырыхон лæгтыл абон уæлдай ахсджиагдæр хæс ис: «Хъуамæ иттæг зæрдиагæй бакусой национ хиæмбарынад раудæгас кæныныл, национ идейæйы мидис, апп раиртасыныл æмæ йæ адæммæ фæхæццæ кæныныл».

Не ’намонд уый у, кæрæдзиуыл нæ хæцæм, алы кæмттыл нæхи дихтæ кæнæм. Зæгъæм, абоны Хуссар Ирыстоны уавæрмæ, Черменыхъæуы æмæ Мæздæджы районы тыхстдзинæдтæм махæй бирæтæ кæсынц æцæгæлон цæстæй. Нæ нæм хъарынц сæ риссаг фарстатæ. Мæздæджы районмæ нын цы нучы хуызæн фæндаг уыдис, ууыл дæр ирон лæгæн цæуыны бар нал ис.

Абон НАТО-мæ цы Гуырдзыстон кæсы, уый дæлбар Хуссар Ирыстон куы баззайа, уæд, абон уа, райсом, ам ирондзинад байсысдзæнис æхсидгæ донау.

Уæдæ нын нæ сыхæгтæ нæ фæсивæды хуыздæрты кæй цæгъдынц æмæ сæ наркотикты амæддаг кæй кæнынц, уый та у кæуинагдæр фарстаты сæйрагдæр.

Нæ ныфсы фæсивæдæй цал æмæ цал бабын алы æмæ алы æнæхъуаджы фыдбылызты! Цал æмæ цал иунæджы бацарæфтыд! Цал æмæ цал ирон хæдзары баззад æрмæст сылгоймаджы кæлмæрзæнты æвджид!

Уыйхыгъд нæ хъуыддæгтæ фæрæвдз сты кувынæй, мыга-

джы куывдтæ кæнынæй. Кувæндæттæ аразынмæ та бынтон басгуыхтыстæм. Алы фæндæгтыл дæр сарæх сты паддзахадон автоинспекцийы будкæтау. Æмæ куыд фæндараст фæвæйййынц, уымæн та æвдисæн, фæндæгты былтыл цы бирæ цыртдзæвæнтæ ис, уыдон.

Ирон æвзаджы хъысмæтыл дзургæйæ, зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы фыссæг Хъайтыхъты Азæмæты ныхæстæ: «Нæ зонын, фырзонддживнæй у æви фырхъалæй, нæ фыдæлтæ нын æнусты тарæй цы нæртон æвзаг рахастой, уый нын, калмы игæрау, маст ад кæнын цæмæн байдыдта? Цæмæн райдыдтам былысчъил кæнын не 'фсарм, нæ фæрнæйдзаг æгъдæуттыл? Цы фæци нæ сабиты хъомылгæнæн авдæн? Цæмæн хауы нæ фæрнджын дадаты æмæ нанаты кад бонæй-бон ныллæгдæрмæ? Ацы бæллæх бирæтæ рæстæджы аххос кæнынц. Ау, æмæ та уыцы рæстæг дæр нæ сыхаг адæмыхæттыты 'хсæн мах ссардта, цæмæн бабырыд мах роны? Æви, куыд фæзæгъынц, йæ тæнтæ тæнæгдæр кæмæн сты, бирæгъ дæр, дам, уымæ уæнды».

Тлатты-фырт йæ уацы, ирон адæмы риссаг фарстатыл дзургæйæ, аххосджын кæны «Аланты Ныхас» æмæ иннæ организациты дæр. Æрымысæм гал æмæ бындзы æмбисонд. Бындз, дам, галы сыкъайыл бадт æмæ йæхицæй æппæлыди, æз дæр, хуым кæнын, зæгъгæ. Ахæм у «Аланты Ныхасы» фыдæбон дæр уыцы бындзау нæ риссаг фарстаты фæдыл.

Уацы кæрон авторы хъуыдытæ балхынцъ кæнгæйæ, журнал «Мах дуджы» сæйраг редактор Хъодзаты Æхсар фыссы: «Фæнды йæ (ома Æмзоры): исты мадзалæй куы фервæзиккам, нæхи куы æрæмбариккам... æмæ сæфты фæндагæй куы раздæхиккам. Уый у æрдзон тырнындзинад, æнæниз, хæд-зонд, рæстуд адæймаджы æнæазым бæллиц. Адæмтæ хъуамæ стыртæ æмæ гыццылтыл дихтæ ма кæной, иутæ иннæтæн цобегæнæг ма уой, фæлæ сæ алчидæр йæхи уагыл араза йæ цард».

Уæдæ афтæ, дымгæ чердæм дымы, уый фæздæгæй хуыздæр ничи зоны. Къостайы сæрыстыр ирон адæм хорз зонынц сæ риссаг фарстатæ, фæлæ нæм арфæйаг дзырд кæй нæ хъары, уый аххосæй нодджы арфдæр ныгъуылæм нæ зынты. Афон у кæрæдзи бамбарынæн, афон у не 'нæуаг митыл хъоды бакæнынæн.

*ХУЫГАТЫ Ирлан*

# ХЪАНЫХЪУАТЫ ИНАЛ

*...Нудæсæм æнус нæ уарзы йæ рагбонтæ. Райгуырди зынгзæрдæ фæлтæр, хæрдмæ бырсы Европæйы хæмпус мæрæй... Уыдоны рæстæг у ныр, æрыгæтты рæстæг.*

**Стефан Цвейг**

Ацы ныхæстæ Цвейг загъта, сæ удтæ романтикон кæмæн уыдысты, сæ хъысмæттæ — трагикон, ахæм фысджытæ æмæ философты тыххæй. Уыдонæн сæ бон баци Европæйы культурæйы цæхгæр сырæзт равдисын, уыцы сырæзты фæлгæттæ фæнысан кæнын. Цвейгы ныхæстæ кæсгæйæ адæймаг æрцæуы иу ахсджиаг хатдзæгмæ: мах национ-æхсæнадон хъуыдыкæнынад æмæ аивадон ныхас дæр сты баст Европæйы культурæйы рæзтыл. Цвейг, йæ уац «Тох æнæзонд миты ныхмæ», мах эпиграф кæмæй æрхастам, уым цы «ног сæрибары сæуæхсиды» кой кæны, уый рухс æрбадардта нæ бæрзонд хæхтæм дæр, йæ рæууон хурджын уддзæф базмæлыд нæ кæмттæ æмæ нæ дæлвæзты дæр. Гъе, уыцы æппæтевропæйаг змæлдимæ баст у хронологон æгъдауæй ирон литературæйы фæзынд.

Æмæ кæд, фыссынад æрæджы кæмæ фæзынд, уыцы адæмтæм хауæм, уæддæр

нæ бон зæгъын у: нæ литературæйæн йæ цыбыр историйы бæрæг дарынц, Европæйы æппæты стырдæр литературæтæ цы къæпхæнтыл рацыдысты, уыцы къæпхæнтæ — XIX æнус Ирыстоны уыди классицизмы, рухстауæг реализмы, романтизмы æнус. Фæлæ уæддæр нæ литературæйæн йæ фыццаг къахдзæфтæ тынгдæр баст сты рухс тауыны хъуыддагимæ. Фыццаг рухстауджыты фæзындимæ, ис афтæ зæгъæн, нæ адæм рахызт йæ талынг царды дуарæй — разы нал уыд уыцы цардæй. Стæй ма уый зæгъын хъæуы: махæн нæ интеллигент нæ зæхкусæгæй никуы фæхицæн. Уымæ гæсгæ нæ литературæйы бындурмæ фыццаг дуртæ чи хаста, уыдон рацыдысты адæмон поэтикон дунейæ. Се сфæлдыстады ратæдзæнтæ уыдысты адæмон сфæлдыстады национ-эстетикон традицитæ. Ам «рухс тауын» æмбарын хъæуы, куыд автономон æгъдауæй хи рухс кæныны хъуыддаг, нацийы хиæмбарынады гакк.

Ахæм уыд канд ирон нæ, фæлæ æгас Кавказы рухстауджыты историон нысаниуæг дæр.

Æгъуызаты Иуане, Колыты Аксо, Цорæты Васили, Мамсыраты Темырболат, Хъаныхъуаты Инал — уыдон уыдысты, нацийы зæрдæмæ фыццаг рухсы цъыртт чи бауагъта, ахуыры фæндагыл цæуынмæ йæ чи сразæнгард кодта, уыцы разагъды лæгтæ. Уыдоны сфæлдыстады рухсмæ адæм федтой сæхи æмæ æрæмбæрстой сæхи. Уыдонæй алчи дæр хицæн фæндаг бакодта нæ дзыллæйы зæрдæмæ: Иуане йæ адæмæн равдыста, бæрзонд патриотон эпос цы хуызæн хъуамæ уа, уый. Аксо ныффыста ирон æвзагыл фыццаг æмдзæвгæтæ. Уыцы æмдзæвгæты удæй-удмæ баиу кодта, ирæттæн сæ динæмбарынад сæ эстетикон домæнтимæ. Цорæты Васили равдыста, адæмон сфæлдыстад национ истори æмæ культурæйы ахъаззаджы хай кæй у, уый. Темырболат ирон поэтикон дзырды æххуысæй фыццаг хатт райхæлдта ирон зæрдæйы сагъæстæ. Инал байтыгъта ирон уды дуæрттæ, йæ цин æмæ йын йæ хъыг рахаста адæмы ’хсæнмæ æмæ бындур æрæвæрдта ирон литературæйы уырыссагæвзагон традицийæн.

Хъаныхъуаты Иналы хъысмæтыл хорз бадынц, уæлдæр кæй æрхастам, Цвейгы уыцы ныхæстæ. Ам дзырд цæуы, XIX æнусы райдиан Европæйы литературæйы цы идейон-эмоционалон тенденци уыди, ууыл. Уый уыди тохæмхиц критицизм, рæзти æмæ тыхджынæй-тыхджындæр кодта романтикон философи æмæ эстетикæйы хæрвы æмæ фæстæдæр иттæг ирдæй равдыста йæхи, критикон реализмы бындуртыл чи лæууыд, уыцы фысджыты сфæлдыстады.

Стефан Цвейгы ныхæстæ хауынц ирон рухстауджытæн се 'ппæтмæ дæр. Уыдон уыдысты цæрддзугæнæг рухстауджытæ, бирæ фæндæгтыл фæцыдысты, бирæ хъизæмар бавзæрстой, фæлæ æнцой никуы ссардтой. Æмæ сæ фæстæ цы фысджытæ æмæ литературæ иртасджытæ цæуы, уыдон хъуамæ сæ зæрдыл дарой, нæ рухстауæг фысджытæ цы удуæлдай куыст фæкодтой, уый. Афтæмæй ирон фысджытæ æмæ литературæ иртасджытæ ныр дæр нæма æрцыдысты иу хъуыдымæ Хъаныхъуаты Иналы сфæлдыстадон бынты тыххæй. Иттæг раст фыссы уый фæдыл Суменаты Замирæ йæ чиныг «Хъаныхъуаты Инал», зæгъгæ, уым. «Хъаныхъуаты Инал фыссæг-демократ кæй уыди, рухстауæг гуманист, уыцы хъуыды æрæджы сфидар и нæ литературæ иртасджыты 'хсæн». Уый, иуæй, фыссæгæн йе сфæлдыстадон бынты хæрзхъæдыл дзуры, иннæмæй та — нæ литературæиртасæн наукæйы рæзтыл. Уымæн æмæ, фыссæджы бынтæ цас ахадгæдæр уой, уыйас сыл ныхас дæр фылдæр цæуы, æмæ иу хъуыдымæ дæр æрæгмæдæр æрцæуынц сæ иртасджытæ. Иннæмæй та æгæр чъызгæ, æгæр хъавгæ иртæст цыд Иналы сфæлдыстад — уый къуылымпы кодта, нæ литературæйы историйы цы бынат ахсы, уый сбæлвырд кæныны хъуыддаг: рагæй фæстæмæ йæм цы ныхмæлæудтытæ уыдтой, уыдон рæстмæ бамбарын нæ фæрæзтой. Цавæр ныхмæлæудтытыл цæуы ныхас? Уыдон бæлвырд-бæрæгæй разындысты Ардасенты Хадзыбатыры «Ирон литературæйы очеркы». «... Уыцы дуне поэт хоны фыдгæнд æмæ сиды, цæмæй йæ ныхмæ тох цæуа. Фæлæ нæ зоны,фыдгæндимæ куыд тох кæнын хъæуы, уый. Зоны йе 'вæрæз, иунæг кæй у, уый æмбары, æмæ йæ уæнг мæлы». Иннæ ран дæр зæгъы уый тыххæй Ардасены-фырт: «Хъаныхъуаты Иналы дунеæмбарынад къуындæгдзæф кæй уыди, уый хорз раргом и, сæрибар куыд æмбæрста, уымæй. Цагъарады дуджы, лæгæн йæ туг æмæ йæ хид кæм калдысты, йæ цæссыгимæ «сызгъæрин зæвæты бын мæгуырдзинад кæм хъæрзы», уым бæллы адæмы сæрибармæ, фæлæ сæрибар æмбары æрмæст абстрактон хуызы. Уый нæ зыдта æмæ йæ бон бацамонын дæр нæ уыд, сæрибармæ куыд æмæ кæуылты цæуынц, уый. Стæй сæрибар йæхæдæг цы у, уый дæр нæ зыдта».

Куыд уынæм, афтæмæй иуырдыгæй у тохмæсидæг, иннæрдыгæй та, куыд тох кæнын хъæуы, уый нæ зоны, у цыбыркъух, æвæрæз. Нæй йын тох кæныны программæ. Уæд, уыцы рæстæджыты бирæ фысджыты сфæлдыстад барстой ахæм барæнтæй. Суанг ма-иу сæ Толстой æмæ Достоевскийы фыстытæ барынмæ дæр райстой. Æмæ цымæ цас раст уыдысты, сæ

«тохвæндаджы кæрон нæ уыдтой», «цыбыркъух æмæ æвæрæз уыдысты»,зæгъгæ, куы дзырдтой нæ литературæ иртасджытæ, уæд? Уыцы иртасджытæ нæ уæндыдысты уацмысты тыххæй æргом æмæ комкоммæ ныхас кæнын. Сæхи удты цыбыркъух æмбæхстой, фысджыты сфæлдыстады ныхмæвæрд хъуыддæгтæ кæй «ардтой», уый мидæг. Уыдон Иналы уацмыстæм кастысты марксистон кæсæнтæй. Афтæмæй советон литературæйæн Инал уыди муртат, уымæн бар нæ уыд æрвон дунемæ ракæсынæн.

Рох кæнын нæ хъæуы уый, æмæ рухстауæг йе 'мдугонтæн кæй фæфыссы. Æмæ йе стырдæр нысаниуæг, чи зоны, уый мидæг ис, æмæ уый руаджы бирæ удварны фæллæйттæ адæмæн, кæд се 'ппæтмæ нæ, уæддæр сæ фылдæрмæ кæй фæхæццæ сты. Систы сæ иумæйаг исбон.

Хъаныхъуаты Иналы сфæлдыстад бирæ хъуыддæгты у цæвиттойнаг — йæ хъуыдытæ афтæ арф кæй сты, уымæ гæсгæ нæ, фæлæ йе сфæлдыстад рухстауæджы сфæлдыстад кæй у, уыцы хуызы. Инал литературæмæ касти, куыд хæцæнгарзы фæрæзмæ, куыд йæ хъуыдытæ райхалыны мадзалмæ. Литературæ йын уыди фæрæз, йæ царды нысан нæ фæлæ.

Фыссæджы царды уыди, йе сфæлдыстадон концепци куыд рæзти, куыд фидаргæнгæ цыд, уый æвдисæг цалдæр факторы. Уыцы фактортæй рахицæнгæнæн и цыппар: фарастаздзыдæй, Туркмæ цы ирæттæ лыгъд, уыдонимæ кæй уыди, æрыгон лæппуйæ Стъараполы гимназы кæй ахуыр кодта, 1877 — 1878 æзты прапорщикæй уырыссаг-туркаг хæсты кæй хæцыд æмæ, æппынфæстаг, бирæ азты дæргъы райгуырæн бæстæйæ иппæрдæй кæй фæцарди, уый. Ацы хъуыддæгтæм гæсгæ йе сфæлдыстад дих кæны дыууæ ахъаззаджы хайыл: фыццаг хай — кавказаг (70 азтæ), дыккаг — дардскæсæйнаг (80 — 90 азтæ).

Фыццаг хайæн ис этнографион ахаст. Уый та характерон уыди æппæт Цæгат Кавказы фысджыты — рухстауджыты сфæлдыстадæн дæр: Шора Бекмурзин Ногма, Султан-Кази-Гирей, Каламбий, Чах Ахриев, Умалат Лаудаев, Гаджи-Мурад Амиров — уыдон се 'ппæт дæр тырныдтой уымæ, цæмæй сæ адæмты баввахсдæр кæной уырыссаг адæммæ, цæмæй сыл Европæйы культурæйы рухс æрбакæса. Ацы авторты литературон-этнографион куыстытæ уæлдай ахсджиаг уымæн уыдысты, æмæ уырыссаг фысджытæн сæхицæй бирæтæ раст не 'вдыстой хохæгты царды уаг, бирæтæ та йæ комкоммæ зыгъуыммæ дæр кодтой. Æмæ Иналы уацмыстæ: «Ирон хъæуы», «Лидзæг адæм», «Ирæтты царды нывтæй», «Сылгоймаджы бынат цæга-

таг ирæтты царды», «Туджы фынг», «Кавказаг хохæгтæн сæ кæфтытæ æмæ сæ уæлæдарæс» — Уæрæсейы чиныгкæсджытæн сæ цæстытæ байгом кодтой. Уыдон ахъаззаджы ныхкъуырд лæвæрдтой, Кавказы хохæгты хъæддаг æмæ æнæфендæй чи æвдыста, уыцы фысджытæн.Фæлæ ам зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ Инал иуæй-иу рæтты æгæр ахæцыд. Афтæ рауад æмæ йæ маст акалдта суанг классиктыл дæр — кавказæгты диссагæн хæссинаг фæлгонцтæ чи сарæзта, уыдоныл дæр. «Хохаджы фиппаинæгтæ», зæгъгæ, уыцы очеркы (афтæ хуынди раздæр «Лидзæг адæм») фыста Инал: «Уырыссаг чиныгкæсæджы ферох кæнын хъæуы, ныронг Кавказы тыххæй цы уацмыстæ фæкасти, уыдон — 30-æм — 20-æм азты фыстытæ, Марлинскийы, Лермонтовы, Пушкины. Уыдон уырыссаг чиныгкæсæгæн равдыстой, зæрдæйыл уазал ризæг кæмæй бафты, ахæм тæрсынгæнæнтæ: Аммалат-Бекы, Казбичы, Молло-Нуры, Измаил-Бейы, Хадзы-Абырæджы æмæ æндæр ахæмты хуызы. Чиныгкæсæг йæ дзæбæх, йæ сыгъдæг зæрдæйæ бауæндыд, уæлдæр кæй кой скодтам, уыцы фысджыты хъуыстгонд нæмттыл, суанг кавказаг хохæгты куыд æвдисынц, уыцы хъуыддаджы дæр æмæ йын цы хъайтарты равдыстой, уыдон йæ зонды ныффидар сты æмæ дзы æддæмæ нал комынц. Афтæмæй уыцы фысджытæ Кавказы адæмы цард кæнæ æвзæр зыдтой, кæнæ та йæ æппындæр нæ зыдтой. Бамбарын афон у, Казбичтæ æмæ уый хуызæтты рæстæг аивгъуыдта. Мифты амæддаг баци».

Инал уыцы стыр фысджыты ныхмæ ахæм цæхгæр ныхас цæмæн скодта, уый тыххæй иттæг раст фыста Суменаты Замирæ: «Кавказы тыххæй цы чингуытæ уыд, уыдонæн се 'ппæты раз дæр æвæрдта иу домæн — хъуамæ хохаг лæджы фæлгонц æвдыст цæуа раст. Уый домдта, цæмæй ферох уыдаид, уырысы адæмæн хохæгты цард куыд æвдыст æрцыди, уый — цыма алы къутæры бын дæр, цыма алы дуры фæстæ дæр бады «хъуынджын хæйрæг». Иу поэт та ахæм рæнхъытæ рауагъта мыхуыры: «Хъуынджын нымæты, сау худы, йе 'нгуылдз мæнгвæдæгыл æвæрд». Иналы нæ фæндыди, цæмæй уырысы сабырцæрæг адæм Кавказмæ кæсой цавæрдæр тæрсынгæнæнмæ кæсæгау æмæ йæ бæллæхы бынат Кавказ хоной».

Æнæуи та стыр кад кæны, Кавказы сæрибар чи хъахъхъæдта, уыдонæн (ацы хъуыддаджы дæр ын йæ критиктæ уыдтой ныхмæвæрд цæстæнгас — æмæ раст уыдысты): «Хъæбатырты дуг фæци, сæ хъахъхъæнæн бынæттæ ныууагътой сæ фырттæ 'мæ сæ фырттыфырттæн. Уæ дуне сабыр уæд, хъæбатыр

цæргæстæ! Уæ бынат дзæнæты уæд! Сымах уыдыстут уæ фыдыбæстæйы аккаг кæстæртæ, уæ фыдæлтæ уын цы царды æгъдæуттæ ныууагътой, уыдоны сæраппонд тох кодтат удуæлдайæ. Сымах уæ туг калдтат, знаджы къухмæ чи хауд, уыцы зæххæн йæ алы гæбазыл дæр. Æмæ дзæгъæлы фæци уæ тугкалд. Уæ сæрибар æмæ уæ фыдыбæстæ уæ бон нæ баци бахизын цивилизацийæ — афтæ æнауæрдонæй бырста æмæ йын бауромæн нæ уыд. Уыцы цивилизаци æрхаста Кавказмæ дæр æндæр цард, ног цард. Ныр уæ цот æмæ уыдоны цотмæ зыны ног царды сæуæхсид, куысты æмæ хъуыдыйы царды сæуæхсид. Ныр уыдоны уæ фæндæгтыл цæуын нал бахъæудзæн, æнæбасæттон хъæбатыртæ нал рауайдзæн уыдонæй. Уыдонæй ног царды сæуæхсид рауайын кæндзæн цæсгомджын æмæ сабырцæрæг фæллойгæнæг адæм».

Зын бамбарæн нæу, ам Инал йæхирдыгонау ныхæй-ныхмæ кæй æвæры цивилизаци æмæ сæрибар цард, политикон хæдбар куыст æмæ хъуыды. Ацы рæнхъытæ очеркæн йæ дыккаг редакцийы нал сты, автор сæ аппæрста, фæлæ хорз æвдисынц Иналæн йæ дунеæмбарынады рæзты фæндаг.

Уый иу хъуыддаг. Дыккаг хъуыддаг та уый у, æмæ ацы ныхмæвæрд хъуыддæгтæ, мах нымадмæ гæсгæ, уæзгæдæр кæнынц Иналы сфæлдыстад. Зын бамбарæн нæу, нæ фыссæгæн йæ ныхæстæ йæ сыгъдæг патриотизмæй, стæй, сæрибар æмæ хæдбар æгæр идеалистон хуызы кæй æмбæрста, уырдыгæй кæй цæуынц. Боныфæстагмæ нæ бон зæгъын у: Инал ныхæй-ныхмæ æвæры æппæтдунеон цивилизаци æмæ хæдбындур национ культурæ. Уыцы хъуыддаджы уый цæуы иу фæндагыл æмæ уыны дард. Уый нæ рох кæны диалектикон процессæн йæ историон бындур: хъæбатырты бæсты царды фæндагмæ рацыди сабырцæрæг адæм. Фæлæ уыдон æрæгмæ ферох кæндзысты сæ хъæбатыр фыдæлты. Уыцы хъæбатырты дуг, нымайы фыссæг, уыди йæ райдайæн ацы сабыр дугæн.

Хъаныхъуаты Инал уыд, йе ’мдугонтæн, Кавказ романтизмы фæрæзæй ныв кæнын йæ тыхы кæй нал и, уый æппæты разæй чи равдыста, уыцы фысджытæй. Уымæ гæсгæ суанг йæ фыццаг уацмысты дæр йæхи ивæзта реализмы фæрæзмæ. Гъе, реализмы руаджы æрæвнæлдта Кавказы мидæхсæнадон, экономикон æмæ удварны фарстытæ равдисынмæ, йе ’мдзæрин хохаг ироны психологи æмæ этикон уаг равдисынмæ. Уыцы хъуыддаг уæлдай ирдæй бæрæг дары радзырд «Дыууæ мæлæты», уац «Ирæтты царды нывтæй» æмæ, «Туджы фынг», зæгъгæ, уыцы очеркы.

Иналæн йæ этнографион æмæ социологон уацмысты дæр зыны, йæ курдиат куыд тагъд рæзыд, уый — ивта, национ царды бындурмæ цы цæстæй касти, уый, ивта, этнографи æмæ литературæ куыд æмбæрста, уый, сæ бынæттæ ивгæ цыдысты сæ идейон акценттæ. Æппынфæстаг æнæаипдæр кодта йæ уацмысты стилистикæ. Кæд йæ очерк «Ирон хъæуы» (уартæ ма Стъараполы гимназы куы ахуыр кодта, уæд æй ныффыста) этнографийы цæстæнгасæй нацийы тæккæ ахъаззагдæр æгъдæуттæ æмæ институтты æмбырдгонды хуызæн у (суанг ма йæ композици дæр арæзт у уыцы домæнтæм гæсгæ), уæд, фæстæдæр кæй ныффыста, уыцы уацмысты йæ ных сарæзта ирон æхсæндзарды тæккæ судзагдæр фарстытæм. Уый æнæмæнг афтæ у — Инал хуымæтæг этнографион æрфыстытæй цæуы социалон-этикон фарстытæм. Уый у, гъе, йæ этнографийы хицæндзинад. Ам ма зæгъын хъæуы, Хъаныхъуайы-фыртæн йæ этнографион уацмыстæ аивадон æгъдауæй иттæг нывæфтыд кæй сты, уый. Уыцы хъуыддаджы Иналимæ абарæн никæмæн ис йе 'мдугон цæгаткавказаг фысджытæй. Иналы уацмысты уыцы миниуæг хорз рахатыдта Суменаты Замирæ: «Хъаныхъуаты Инал, этнографийы цы кæнинаг уыд, уый куы бакодта, уæд ахызт этнографийы арæнтæй. Ам ахуыргонд этнограф Иналыл фæуæлахиз и фыссæг-нывгæнæг Инал. Ныр Инал сси фæлгонцтæй хъуыдыгæнæг. Нывæфтыд ныхас сси йæ очеркты гакк». Ацы хъуыддаджы Иналæн йæ разæй фæдгæнæг нæ уыди, йæхæдæг уыди фыццаг. Уæлдæр цы очерктæ æмæ уацты кой кодтам: «Ирон хъæуы», «Туджы фынг», «Ир, кæсæг æмæ цæцæны иумæйаг æгъдæуттæ», «Кавказы хæххон адæмты 'хсæн зианхæссæг æгъдæуттæ аиуварс кæныны фарсты фæдыл» сты æцæг аивадон уацмыстæ, чиныгкæсæгæн æрмæст йæ зонд нæ агайынц, фæлæ йын змæлын кæнынц йе 'нкъарæнтæ, сыгъдæг ын кæнынц йæ цæсгом. Уымæ гæсгæ нæ бон у фидарæй зæгъын: Иналы æмдугонтæй иу дæр уый хуызæн арф нæ бамбæрста йæ рæстæджы хохаг царды æцæгдзинад æмæ йæ афтæ парахатæй нæ равдыста. Хуымæтæджы нæ дзырдта Ю. Либединский, йæ трилоги «Хæхтæ æмæ адæм» куы фыста, уæд ын Иналы уацмыстæ иттæг æхxуыс кæй фесты, уый тыххæй.

1879 азæй фæстæмæ Инал уыди Сыбыры. Оренбург, Тобольск, Хуссар Уссурийскы крайы хъæу Никольское, Владивосток — уыдоны æмæ ноджы æндæр рæтты тыдта йæ царды бонтæ. Ныр Инал уыди, йæ хъуыды кæмæн сфидар, йæ зонд кæмæн æрбадт, ахæм фæлтæрд фыссæг. Сыбыры бæстæ йыл дис æфтыдта йе 'гæрон быдыртæ æмæ алыхуызон хъæздыг

ærдзон æвæрæнтæй. Æмæ уыцы хъуыддæгтæ æнæфæзынгæ куыд хъуамæ фæуыдаиккой йе сфæлдыстадыл! Уæд цы публицистон уацтæ ныффыста, уыдонæн æрмæст сæ нæмттæм куы æркæсæм, уæддæр бæрæг у, фыссæджы цы 'ндæвта, йæ зæрдæ цæуыл рысти, уый: «Хуссар-Уссурийскы край колонизаци кæныны фарсты фæдыл», «Фæсбайкалыл æфсæнвæндаг кæй ацыд, уый адыл йæ экономикон уавæр куыд аивта, уый цыбыр очерк», «Цалдæр ныхасы, Хуссар-Уссурийскы крайы скъолатæ æмæ ахуыргæнджытæ цы уавæры сты, уый тыххæй», «Дард скæсæны уырыссаг кусæг лæджы уавæр». Æмæ цæй тыххæй нæ фыста Инал! Фæлæ уæддæр йæ сæйраг мæт уыди, Уæрæсейы паддзахад цавæр æхсæнадон-экономикон æмæ культурон рæзты фæндагыл ацæудзæни, уый. 80-æм азты Уæрæсейы, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, Сыбыры, капитализм цы фæндæгтыл цæудзæни, куыд рæздзæн, уый тыххæй цыдæриддæр фыст цыди, уыдоны 'хсæн бæрæг дардтой Иналы уацмыстæ, бæрæг дардтой сæ карз критикон ахастæй. Уый фыста, царды социалон æгъдауæй цы бирæ хъуыддæгтæ уыди, уыдоны тыххæй, фыста, иутæ куыд хъæздыг кæнынц, афтæ иннæтæ мæгуырмæ кæй цæуынц, уый тыххæй. Фыста, бынæттон лæг уа, хаст лæг уа — сæ иуæн дæр кæй нæй хуымæтæджы цæрыны уавæртæ. Чи дзы хъæздыг кæны, ома Сыбыры, уыдон та йæм кæсынц, бирæгъ холымæ цы цæстæй кæса, уыцы цæстæй: «Мах фæстæ бæхгæрдæг дæр æрзайæд! — дзурынц, хъæр кæнынц крайы нырыккон хицæуттæ æмæ лæбурынц галиуырдæм дæр, рахизырдæм дæр. Сæ къухы æнцонæй исты бафтæд, æндæр сæ ницæй мæт и — цыфæнды къахвæндæгтыл бафтæд сызгъæрин æвæрæнтæм æмæ дзы йæ дзыппытæ ныннæмæд, æндæр йæ фæстæ цы æвæрæз, æххормаг адæм баззайдзæн, уыдæтты мæт æй мисхалы бæрц дæр нæй. Судзгæ хъæдтæ ныууадздзæн, сызгъæрин къахæнтæ æмæ æвзалыйы æвæрæнтæ пырхытæ æмæ кæлдтытæй баззайдзысты, уыдæттæ ничердыгæй æндавынц æрцæуæг мулкмондаг лæджы».

Инал æдзухдæр хъуыды кодта, хъуамæ æппæт хъуыддæгтæн дæр сæ бындуры уа исты этикон барæн, зæгъгæ. Хъуамæ куыд хицæн адæймæгтæ, афтæ æхсæнад æнæхъæнæй райсгæйæ дæр сыгъдæгæй дара йæ цæсгом, тæрса йын фæчъизийæ.

80-æм азты кæрон Иналы уацмсты арæхæй-арæхдæр зынын байдыдта æнкъард, æнтъыснæг зæрдæйыуаг. Афтæ кæсын æм байдыдта, цыма цыдæриддæр змæлд цæуы йæ алыварс, уый у иууылдæр мæнг, царды хорзæй æмæ зынаргъæй цы ис, уымæ нал и каст, æмæ йæм никуыуал уыдзæн. Æмæ йæ цас фылдæр

тыхсын кодта уыцы хъуыды, уыйас мæстыдæрæй фыста, уыйас фылдæр сарказм калдта йе 'нæуынон царды хицæуттыл. Фантази «Æбуалгъ тæрхон» æмæ радзырд «Мигъджын боны» иттæг бæстон-бæлвырдæй зыны, Иналмæ ацы тохы фæндаг равзарыны зонд цы хъизæмæртты райгуырди, уый.

Йæ дардскæсæйнаг уацмыстæм ын куы æркæсæм, уæд фендзыстæм: царды социалон ныхмæлæудтытæ æмæ уыдоны анализ нал сты фыссæгæн йæ дзырды сæр — уый ахызти адæймаг æмæ æхсæнады моралон уавæр ныв кæнынмæ æмæ æвдисынмæ. Йæ радзырдтæ æмæ очерктæ «Ирбо», «Скæсæны зæххыл», «Незевай», «Скæсæны æхсæнадон цардæй», «Тюленты сакъадах», «Дуэлмæсидджытæ», «Ахстыты куыд мардтой», «Фæззæджы мотивтæ» гом кодтой чиныгкæсæгæн йæ рæстæджы царды хъæдгæмттæ. Ацы уацмысты сæйрагдæр хъуыды, уыди æдзæрæг зæхх адæймаджы уды фарныл кæй фæуæлахиз, уый. «Æдзæрæг зæхх» хуымæтæг æдзæрæг зæхх нæу, æмæ уыцы хъуыддагæй Инал дарддæр хæццæ кодта уырыссаг классикон литературæйы хæстхъом традицитæ. Цыди Гоголы, Герцены, Салтыков-Щедрины фæдыл. Йæ иуæй-иу уацмысты та фæзынди, фæстæдæр Чехов, Вересаев æмæ Андреев ахъаззаджы ныхас кæуыл райдыдтой, уыцы идейæ.

Хъаныхъуаты Инал æмæ уырыссаг литературæ сæрмагонд ныхасы аккаг темæ у. Æмæ ныр ууыл нæ дзурдзыстæм. Зæгъдзыстæм æрмæст уый, æмæ Инал кæй ныффыста гъæйттмардзæйы литературон-критикон уацтæ В.Гаршины æмæ И.Тургеневы тыххæй. Уымæй уæлдай ма йæм ис, тынг раст æмæ тынг арф чи у, ахæм фиппаинæгтæ Л.Толстой, М.Лермонтов, В.Белинский, Н.Чернышевский, М.Салтыков-Щедрины иуæй-иу уацмысты фæдыл. Уырыссаг литературæ Инал нымадта æцæг бæрзонд гуманистон аивадыл. Уыцы иу рæстæг тынг мæстыйæ дзуры, уырыссаг чиныгкæсæг, уæлдайдæр та дардскæсæйнаг чиныгкæсæг, иппæрд кæй у уыцы литературæйæ, уый тыххæй. Фыссæг йæ хъуыды фæбæлвырддæр кæнынæн æрхаста Салтыков-Щедрины ныхæстæ «Чиныгкæсæг — йæхицæн, литературæ — йæхицæн».

Хъаныхъуаты Иналы сфæлдыстады ис сæрмагонд темæ — хæсты темæ. Инал йæхи цæстытæй федта хæст, бамбæрста — хæст фыдгæнд кæй у, адæмæн æрмæст хъизæмæрттæ кæй хæссы, уый. Йæ уац «Антимилитаризм»-ы æнауæрдонæй тох кæны В.Соловьевы, Прудоны æмæ де Местры ныхмæ. Уыдонæн сæ хæсты философи канд зианхæссæг нæу, фæлæ ма у тæссаг дæр милитаризмы дуджы. Иналы нымадмæ гæсгæ хæстытæй рæстытæ нæй.

Хæсты темæ æнæ фæзынгæ нæ фæци йæ поэзийы дæр. Йе

'мдзæвгæтæ «Батарейы», «Хæсты апофеоз», «Туг æмæ цæссыгтæ», зæгъгæ, уыдон, кæд æддаг формæмæ гæсгæ бынтон æнаипп не сты, уæд сæ хъуыдымæ гæсгæ та лæууынц сæ рæстæджы раззагдæр гуманистон поэзийы æмрæнхъ. Уыдон хæстæг сты 80-æм — 90-æм азты ахъаззагдæр демократон поэттæ Пальмины, Соколовы, Кругловы, Лихачевы æмæ уæды рæстæджы бирæ зындгонд авторты сфæлдыстадмæ. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Инал йæ къух систа декадентты поэзийыл. Уымæн йæ лирикон хъайтар дард нæ лидзы йæ рæстæджы адæмы цардæй, йæхæдæг йæ фæлмхъуыдыйы цы дуне сныв кодта, уырдæм, фæлæ цæры йæ адæмы цардæй, тох кæны, йе 'мдзæрин адæм цæуыл тох кæнынц, ууыл.

Иналæн йæ хуыздæр æмдзæвгæтыл нымайын хъæуы, Кавказыл кæй ныффыста, уыдон. Уыцы æмдзæвгæты парахатæй раргом сты йæ курдиаты гæнæнтæ. Ам мах къаддæр æмбæлæм, традицион чи свæййы, кæнæ искæй фæзмгæйæ чи райгуыры,ахæм æмдзæвгæтыл. Афтæмæй та эпигоны низæй хызт нæ уыди Инал.

Иналæн йæ зæрдæйæ никуы фæхицæн йæ фыдыуæзæг. Фæлæ йæм здæхгæ æркодта æрмæст 1897 азы. Йæ фæндаг дардыл цыди йæ райгуырæн Ирыстонмæ — Сингапур, Коломбо, Порт-Саид, Константинополь, Одессæ... Афтæмæй Иналы бирæ нал бахъуыди зæххы алыварс æрзилынмæ. Иналы размæ зындгонд чи у, уыцы ирæттæй ахæм дард балцы ничи ацыди.

18 азы дæргъы нæ уыд йæ фыдыбæстæйы Инал. Ныр æм куы æрыздæхт, уæд дзы федта ног фæлтæр, царды дард фæндæгтыл цæуынмæ йæхи чи цæттæ кæны, ахæм. Гъе, æмæ уыцы фæлтæр æндæр кæй у, ууыл Инал йæхæдæг дæр бирæ бакуыста. Арæх афтæ рауайы: фæндаг чи айгæрды йе 'мдзыллæйæн, уый йæхæдæг фæндаджы был лæугæйæ баззайы.

Инал йæ зæрыбонты йæ райгуырæн бæстæм кæй æрыздæхт, уым ис арф символикон æмæ философон хъуыды.

Иналы хистæр æмдугон, адыгейаг рухстауæг Адиль-Гирей Кешев (Каламбий) йæ очерк «Обауыл», зæгъгæ, уым зæгъы: европæйаг æмæ æппæтадæмон культурæйыл чи схъомыл вæййы, йæ удмæ йæ чи райсы, уый дарддæр нæ фæвæййы йæ адæммæ — дарддæр нæ, фæлæ ноджы хæстæгдæр æрбалæууы йæхи национ культурæмæ.

Хъаныхъуаты Иналы цард æмæ сфæлдыстадон хъысмæт иттæг ирд æвдисæн сты уымæн.

## ДÆСТÆГ – ДÆСТÆВЗАРÆН

*УАНЕТЫ Владимир*

# НОДЖЫДÆР МА ИОСИФ СТАЛИНЫ ТЫХХÆЙ

Цалынмæ ма Сталин ægas уыд, уæдмæ дæр ир æмæ гуырдзыйы 'хсæн арæх цыди ныхас, фæтæг цы адæмыхаттæй у, уый фæдыл. Гуырдзыйы Паддзахадон æдасдзинады министрад ацы фарстыл дзурын нæ уагъта, ирон у, зæгъгæ, чи дзырдта, уый сæ удхæссæг уыдис.

Уый тыххæй карз æфхæрд дæр баййæфтаис. Цæвиттон, Бекъойты Алыксандры 1951 азы æрцахстой æмæ йын дæс азы авæрдтой, Сталин ирон у, зæгъгæ, кæй загъта, уый тыххæй. Йæ зылынгæнæн гæххæтты комкоммæ фыст уыди: «Клевета на вождя». Сталины амæлæты фæстæ уыцы фарстайы тыххæй æфхæргæ никæйуал кæнынц, фæлæ уыйхыгъд тынг сарæх сты фыстытæ, уæлдайдæр та Ирыстоны. Бирæтæ ахæм фанатиктæ сысты æмæ нал æфсæдынц, Сталин ирон у, зæгъгæ, уый дзурынæй. Æмæ мур дæр нæ хъуыды кæнынц, адæм ахæм фыстытæй кæй фæлмæцынц, ууыл. Сталин фыдырдыгæй ирон кæй у, уый адæм рагæй зонынц, уый зонынц гуырдзы дæр. Фæлæ йæхæдæг йæхи хуыдта гуырдзиаг. Йæ рæстæджы йæ биографи цалдæр хатты рацыд алы 'взæгтыл. Уым комкоммæ фыст у: «Иосиф Сталин (Джугашвили) по национальности грузин».

Афтæмæй йæ базыдта æгас дуне, кæд æй Бухарин, Троцкий æмæ Мандельштам дæр ирон хуыдтой, уæддæр. Мах та нæ быцъынæг скъуынæм, цæмæй нæхи бауырнын кæнæм: Сталин æнæмæнгæй у ирон. Цæмæн нæ хъæуы? Цы дзы кæнæм? Зæгъæм, æгас дуне дæр сразы, ирон кæй у, ууыл. Уæд уый цы дæтты ирон адæмæн? Мур дæр ницы, æмæ нæ хъæугæ дæр ницæмæн кæны. Сталин æппындæр нæ уарзта, исчи йæ ирон схуыдтаид, уый. Иу рæстæджы йæ Бухарин «Сосо» схуыдта æмæ йæ уый тыххæй фæцæйныхъуырдта. Йæ фыды наци йæ удхæссæг уыди, нæ йыл æрвæссыд. Уæд мах йæ быны цы бабырыдыстæм? Иуæй-иутæ та йын йе стджытæ Дзæуджыхъæумæ ласын кæнынц, уым сæ бавæрæм, зæгъгæ, Къостайы фарсмæ. Стыр диссаг у адæймаджы фантази. Чысыл нацитæн (æз гуырдзыйы дæр чысыл наци хонын) цыдæр низ ис, мæ бон æй нæу зæгъын, цахæм низ у, уый, фæлæ цæмæйдæрты хъуамæ сæхи буц кæной, сæ сины сæртыл хæцой, мæнæ уый махæй у, зæгъгæ.

Цалдæр азы размæ Дзæуджыхъæуы иу газеты бакастæн уац: «Маршæлы ус ирон чызг». Кæсут, мæ хуртæ, маршæл йæ сæрмæ бахаста ирон чызджы! Мах уый тыххæй хъуамæ Нафы куывдтæ кæнæм! Фæлæ нæ 1992 азы гуырдзыйы шовинисттæ куы цагътой, уæд уыцы маршæл йæ ирон усимæ цы баххуыс кодтой ирон адæмæн? Мур дæр ницы! Мæнмæ гæсгæ, махыл хъуыды дæр нæ акодтой.

Æрæджы журнал «Фидиуæджы» бакастæн Хъанцауты Бадилайы уац «Нæ фембæлдтытæ Абайты Васоимæ». Уацæй афтæ зыны, цыма «Стайы цармдарæджы» автор у Дауыт-Сослан. Чи зоны, афтæ дæр у, фæлæ уый цы дæтты ирон адæмæн? Ам ныхас авторыл нæ цæуы. Оригинал баззад æрмæст гуырдзиаг æвзагыл. Дунескæнæджы куы бафæндыдаид æмæ гени поэмæ ирон æвзагыл фыст куы ’рцыдаид, йæ автор та китайаг кæнæ африкаг негр дæр куы разындаид! Дауыт-Сослан кæд «Стайы» автор у, уæд æй иронау цæуылнæ ныффыста? Фæлæ уый дæр Сталины хуызæн ирон уыд. Ирыстонæй ирон фæсивæды ссывта хæстмæ æмæ гуырдзыйæн зæххытæ иста уыдон хардзæй. Удæгас ма-иу дзы чи баззад, уыдон та гуырдзыйы зæххытыл цæрын кодта, æмæ фæстагмæ сгуырдзы сты. Мæнæ цы фыссы Гæдиаты Секъа Дауыт-Сосланы тыххæй: «Дауыт-Сослан ирон лæг, ирон туг уæвгæйæ Ирыстоны территорийы ничердæм ауæрæх кодта. Гуырдзыстонæн цас бæстæтæ æмæ сахартæ райста, ирон адæмы та хохы цъассыты ныууагъта». Уый та уын, бирæ ирæттæ буц кæмæй сты, уыцы Дауыт-

Сослан!

Ноджыдæр ма Сталины тыххæй. Цалдæр азы размæ йын Ирыстонмæ æрбахуыдтой йæ фыртыфырты. Стыр куывдтæ йын фæкодтой. Фæстæмæ куы здæхт, уæд кæмæндæрты загъта: «Ирон адæмы кæд фæнды æмæ нæ хоной ирон, уæд нæ хонæнт. Æхсызгон сын у. Фæлæ æз мæхæдæг гуырдзиаг дæн». Сталины чи ирон кæны, уый уал ын фыццаг йæ фыртыфырты сирон кæнæд. Нæ нæ хъæуынц ацы æдылы митæ æмæ сын кæрон скæнæм. Хорзæй нын ницы хæссынц.

Цæуылнæ сиу кодта Сталин Ирыстоны, цалдæр хатты йæ кой дæр куы кодта? Се 'хсæн, дам, фæндаг нæй. Æмæ уыцы фæндаг зын саразæн уыди? Нæ уыди, фæлæ йæ нæ фæндыд, уымæн æмæ зæрдæйæ гуырдзиаг уыдис. Ирон адæмæн Леонид Брежнев зынаргъдæр у Сталинæй — дыууæ Иры 'хсæн фæндаг уый рæстæджы сырæзти.

Сталинмæ мах кæсын хъæуы нацийы цæстæнгасæй: цы нын сарæзта? Хорзæй мур дæр ницы, æвзæрæй та — бирæ. Гуырдзыйы шовинистты уымæй ныфс куынæ уыдаид, уæд нын нæ алфавит нæ раив-баив кодтаиккой, не скъолатæ нын нæ сæхгæдтаиккой.

Адæймагæн аргъ фæчындæуы йæ адæмыхатмæ гæсгæ нæ, фæлæ, цы пайда æрхаста æмæ хæссы нацийæн, уымæ гæсгæ. Андрей Шегрен, Миллер, Ковалевский, Чонкадзе, Ахвледиани æмæ æндæр зындгонд лæгтæ ирон нæ уыдысты, фæлæ Ирыстонæн цы сарæзтой, уыдон стыр хæзнатæй зынаргъдæр сты нæ чысыл æмæ зæрдæрыст адæмæн.

# БУТАТЫ ЕФИМЫ НÆРТОН ДУНЕ

*Нартæ сты, цард æмæ историйæ*
*йе мыдзаг чи у, ахæм миф.*

**Абайты Васо**

Цы куыстыл хæст дæ, зæгъгæ, Ефимы куы бафарстон, уæд мын дзуапп радта: «Артгæнæг дæн».Æцæгæй дæр артгæнæгæй кусы Уæллаг Бирæгъзæнджы.

Гуыргæ Алагиры ракодта, скъола та Æрыдоны фæци каст. Ноджы бакасти Ростовы М.Б. Грековы номыл аивадон училищейы скульптурæйы хайады. Йæ куыстытæ йын фенæн ис нæ бæстæйы алы рæтты — Бирæгъзæнгæй суанг Дард Хурыскæсæны онг. Зæгъæм, Елхотмæ куы фæцæйцæуай, уæд Æрджынарæджы фæндаджы рахизфарс дæ цæст æрхæцдзæни Уастырджийы фæлгонцыл: залиаг калмы рæхойы арцæй. 2000 азы Мæскуыйы рауагътой, ацы скульптурæйы хуыз кæуыл ис, ахæм къæлиндар. Уæллаг Бирæгъзæнджы та скъолайы кæрты Ефим сæвæрдта Плиты Иссæйы бюст. Скъолайæн йæ къултæ дæр уый нывтæй фæлгонцгонд сты: фендзыстут дзы Пушкины, Лермонтовы, Къостайы, Абайты Васойы, Джордано Брунойы, Бутаты Фатимæйы, Гæбуты Анатолийы сурæттæ.

Ростовы бæхты заводы кæрты лæууы Пепел — Еленæ Петушковайы бæхы дурныв. Уымæн дæр йæ автор — Бутаты Ефим. Комсомольскы (Амурыл) та сты йæ керамикон

куыстытæ: скульптор йæхæдæг цы сæрмагонд тæрхытæ саразта, уыдоныл сæ скодта.
Фæстаг рæстæджы нывгæнæг йе 'ргом аздæхта Нарты кадджытæм гæсгæ композицитæ аразынмæ.

Эпосы автортæ поэттæ уыдысты. Поэттæ та дуджы миниуджытæ бамбарынмæ хуыздæр арæхсынц. Ефим у нывгæнæг-поэт, æмæ эпосы мидтых, мидулæфт арф æнкъары. Нæртон гуыппырсарты тыххæй кадджыты ахæм ныхæстæ ис: «Мæй æмæ хур, мигъ æмæ дунейы маргъ иумæ ссæуынц, фæсте гутоны хахх зайы... Сатана акасти арвы айдæнæй: «...Мигъ кæй хонут, уый у йæ бæхы комытæф; дунейы маргъ кæй хонут, уый йæ асткъахыг бæх зæххæй фæрчытæ тоны йæ сæфтджытæй, æмæ йæ сæрты халæттау тæхынц; мæйтæ, хуртæ кæй хонут, уыдон — йæ гæрзтæ, цæстытæ сæм нæ лæууынц, афтæ æрттивынц; фæсте гутоны хахх кæй хонут, уый та уый у, æмæ у гыццыл лæппу, йæ кард зæхмæ хæццæ кæны æмæ йæ гæрдгæ цæуы», «Лæппу иу тигъыл ссыди, иннæрдæм æрзылди æмæ уарийы уаст, цæргæсы цъæхахст ныккодта». Адæттæ иууылдæр æнцонæй раиртасæн ис Ефимы нывты. Ахсæм дзы «зилгæ дымгæ æмæ тухгæ уады» хъæр, «цæхæр уады хъисы» цъæхснаг æхситт, «уарийы уаст æмæ цæргæсы цъæхахст». Нывгæнæг хорз хаты мифтæ фæлдисыны космосон бындуртæ. Мифологи у æрдзы диссæгты мистикон æвзаг, адæмы рагон уды æвзаг. Уыцы æвзаг Ефимæн диссæгтæ дзуры. Фантази æмæ реалон цард æддæг-мидæг ауайынц æнахуыр хуызы, æмæ адæймаджы æфтауынц æхцон сагъæстыл. Йæ хъуыдытæ, йе 'нкъарæнтæ равдисынæн нывгæнæг пайда кæны дыууæ хуызæй — сау æмæ урс ахорæнтæй. Уыцы дыууæ хуызы æввахсдæр лæууынц фынты, фантазийы дунемæ.

Ефимы аивадон идеал сты сфинкстæ. Уыдон æй базырджын кæнынц сæ монументалон хъомысæй. Сæ цæстæнгас фатау хизы æнусты...

*ТЕЗИАТЫ Мæдинæ,*

*газет «Народы Кавказа»-йы уацхæссæг*



Донбеттыры чызджытæ.



Дзерассæ.



Сатана æмæ Батрадз.



Батрадз.



Сослан æмæ зæрватыкк.



Сослан.



Батрадз чысылæй.



Сырдон.



Уырызмæг-бирæгъдуц.



*Ацæмæз стæры.*



*Ацæмæз.*



*Зæрисæры чызг.*



*Дæргъæфсæры чызг.*



*Хæмыц æмæ Быценон.*



*Æнусон тох.*



*Сайнæг-æлдар.*

Дорогой Ефим Михайлович
С большим удовольствием и интересом
смотрел Ваши картины. От души желаю Вам
ещё многих достижений в избранной Вами
области 19 мая 1999 г.

В. Абаев

# АФВИСТОН

## ГИПНОЗÆН КУЫДЗ ДÆР НИЦЫХЪОМ У

Англисаг Поль Ноланы куыдз Сабрмæ иу æнахъинон миниуæг уыд: æхсæв-бонмæ æнæрынцойæ ниудта æмæ ниудта мæйыл. Стæй иу, кæнæ дыууæ 'хсæвы нæ, фæлæ мæйгæйттæ. Поль дзы йæ сæрæн нал уыд æмæ йæм æрбахуыдта номдзыд гипнотизер Алан Бейты. Иу сеансы фæстæ куыдз йе 'взæр миниуæг аппæрста — бынтондæр ныхъхъус.

## КУЫДЗ ДАР ÆМÆ ФЫЛДÆР ФÆЦÆРАЙ

Немыцаг психологты фæлварæнтæ куыд равдыстой, афтæмæй, йæ хæдзары гæды кæнæ куыдз чи дары, уыдон рæстæмбис нымадæй цæрынц 5 азы фылдæр. Психолог доктор Г. Брем фидарæй зæгъы: адæймаг йæ цот кæнæ цотыцотæй цас мæт æмæ тыхстытæ æййафы, уымæй йын бирæ къаддæр мæт æмæ тыхсты хос сты хæдзарон цæрæгойтæ, зæгъæм, куыдз, йе та гæды. Иунæг чи у, уымæн та хæдзарон цæрæгойтæ стыр хæрзты бацæуынц.

## АМОНДДЖЫН СÆГЪ

Ацы сæныкк дунемæ фæзынди Тилламукы хъæуы (Орегонæйы штат), фæстаг къæхтæ йын нæ уыд, афтæмæй. Ном ыл сæвæрдтой Сильвер. Æхсæрдæс азы дæргъы цыд йæ раззаг къæхтыл, хизгæ дæр афтæмæй кодта. Куы сцæу ис, уæд йæ уæз хæццæ кодта 60 килограммæ. Тынг бастади, зæгъгæ, уæдиу банцой кодта дуарыл, кæнæ къулыл. Иудадзыг хъазыди сывæллæттимæ, хъахъхъæдта сæ, мæнæ фыййау-куыдз фосы дзуг



куыд хъахъхъæна, афтæ. Сæ пурти-иу дардмæ куы атахт, уæд-иу сын æй æрбатыдта.

Иуахæмы фермер Хинклы дыууæаздзыд лæппу хъазыди цадмæ æввахс, тæссаг ын уыди доны ныххауынæй. Цæу æй бафиппайдта, йæ дыуумæ къахæй йæм азгъордта æмæ йæ цады былæй иуварсмæ, æдас ранмæ схойын байдыдта.

Сильвер йæ царды фылдæр бонтæ арвыста хибарæй — иннæ сæгътимæ йæ арæх нæ федтаис. Йæ хицау Хинклъ æй бирæ уарзта, цæнкуылтæ уæвгæйæ, йæхицæн царды фæрæзтæ амал кæнынмæ иттæг хорз кæй арæхсти, хæларзæрдæ кæй уыд, уый тыххæй. Сильвер куы амард, уæд æй йæ хицау баныгæдта, сæгъ бирæ кæй уарзта, уыцы бæласы бын. Йæ хъазтæмбал сабитæ ныр стыртæ сты, алы рæттæм афтыдысты, фæлæ куы 'рцæ-уынц, уæд Сильверы ингæныл дидинджытæ æнæ сæвæргæ нæ фæвæййынц.

## «ГÆДЫЙЫ ФЫНДЗ ДАРГЪ У»

«Гæдыйы къах цыбыр у», — дзырдтой фыдæлтæ. Лос-Анджелесаг (Калифорнийы штат) доктор Венди Мак Фор та зæгъы: «Гæдыйы фындз даргъ у». Уыцы хъуыдымæ ахуыргонд æрцыди бирæ фæлварæнты фæстæ. Фæлварæнтæ та кодта 111 нæлгоймаг æмæ сылгоймагыл, цыди сыл 32 азæй 69-ы онг. Алы сайды фæстæ дæр-иу фындзыл бафтыди сантиметры дæсминæймаг хай. Уый, чи зоны, бирæ нæу, фæлæ ма анымайæм: бон æртæ хатты куы зæгъай гæды ныхас, уæд афæдзмæ бауыдзысты 1000. Дæс азмæ дæ сæйттыты нымæц схæццæ уыдзæни 10 минмæ, æмæ дæ фындзыл бафтдзæнис æнæхъæн сантиметр.

Адæймаг мæнгтæ куы фæдзуры, уæд йæ фындзы рæстæн ахъазгæнæг цы у, уый сбæлвырд кæнын къухы нæма бафтыди. Фæлитой лæджы туджы æлхъывдад æмæ зæрдæйы ритмтæ раивбаиу фæкæнынц, сайыныл куы схæцы, уæд. Æмæ, чи зоны, ацы хабаримæ баст сты фындзы рæзæнтæ.

Диссаг ма уый у, æмæ гæды ныхасæн йæ даргъ кæнæ йæ цыбырæй аразгæ нæу фындзы рæзт. Иунæг мæнг дзырдæй дæр фындзыл бафты, дæргъвæтин фæливæн, гæдывад ныхæстæй йыл цас бафты, уыйбæрц.

Доктор Мак Форы ныхæстæм гæсгæ, фындзы рæзты ахсосæгтæ куы сбæрæгчындæуа, уæд фадат уыдзæни, зынгирвæзт æмæ алы æнамонд хабæртты амæддаг чи свæййы, уыцы адæмы тагъддæр адзæбæх кæнынæн.

## УЫРЫТЫ БАЛЦ

1953 азы куыстон Гужтрансартелы. Мæ фыд дæр уым куыста. Мæлгъæвæджы цурмæ ацыдысты хос кæрдынмæ. Уæд Мæлгъæвæджы район Ирыстоныл нымад уыди. Гъемæ уырдæм мæ фыд æмæ йе 'мбæлттæн хойраг аластам. Семæ уыд иу айсораг, цыдаид ыл иу 55 — 60 азы. Иуафон хосдзаутæ сæ фæллад уадзынмæ æрбадтысты сæ цатырмæ хæстæг Алханчурты къанауы был. Бадæм, ныхæстæ кæнæм. Уалынмæ райхъуысти цыдæр сырсыр, стæй æнахуыр хъыллист. Айсораг фæгæпп ласта æмæ афтæ:

— Цомут рæвдздæр уæлæ къуыбырмæ!

Æз дисы аныгъуылдтæн, цæмæн нæ уайын кæны къуыбырмæ, зæгъгæ. Тагъд-тагъд суадыстæм къуыбырмæ. Кæсæм дæлæмæ, æмæ сыбар-сыбур хæстæгæй-хæстæгдæр кæны. Стæй уалынджы ауыдтам дуне хъулон уырытæ. Фысты дзуджы хуызæн уыцы æмвæтæнæгæй æмæ хъомпалæй размæ æфсæрстой. Никуы федтон утæппæт уырытæ иумæ. Тæрсгæ дæр сæ фæкодтам. Ноджы айсораг афтæ, уыдонæн, дам, сæ размæ хъомрæгъау куы фæуа, уæд, дам, уый дæр бахсындзысты.

— Кæдæм цæуынц уыцы æмгуыппæй? — фæрсын æз айсораджы. Уый мын афтæ:

— Ацы быдырты иу дыууæ азы бæрц ахæсдзæни хус рæстæг. Уырытæн хæринаг нал уыдзæн. Гъемæ се 'мбæлттæй цалдæры бæрæггæнæг арвыстой æндæр ранмæ. Бæрæгдзаутæ, æвæццæгæн, ссардтой ног бынат æмæ раздæхтысты. Ныр адон уырдæм абалц кодтой æмхуызонæй.

Уырытæ æнæхъæн æфсадæй ацыдысты нæ иувæрсты. Уæд та кæсæм, æмæ æртæ уырыйы хибарæй æрбацæуынц. Сæ дзыхтæй хæцынц, иу метры дæргъæн чи уыдаид, ахæм лæдзæгыл. Кърандасæй чысыл ставддæр лæдзæг. Æз та айсораджы фæрсын: ай та цы хабар у?

Уый мын афтæ:

— Астæуæй чи ис, уый сæ раздзог, се 'ддар уыди. Ныр базæронд, бакуырм, æмæ йæ йе 'мбæлттæ семæ ракодтой, нæ йæ аппæрстой, сæ раздæры бынаты йæ нæ ныууагътой.

— Бафæрсын аипп ма уæд, фæлæ ды уыдæттæ цæмæй зоныс? — фæрсын лæджы.

— Мæ фыдæлты бæстæйы дæр раст ахæм хабар уыди. Мæ фыдыфыд мын æй дзырдта. Мæн нæ уырныдта, фæлæ йæ ныр мæнæ мæхи цæстæй федтон. Ныр ацы уырыты рæгъауæн сæ фæндагыл поезд куы фæуа, уæд уый бауромын дæр сæ бон у.

Æз лæджы ныхæстыл нæ баууæндыдтæн:

— Ау, уый та куыд?

— Куыд куы зæгъай, уæд рельсытæм сæхи æппардзысты, æмæ сæ туг æмæ сойæ цæлхытæ мидбынаты зилын райдайдзысты. Æмæ поезд бар-æнæбары æрлæудзæни... Куынæ сæ хъыгдарай, уæд дæм нæ бавналдзысты. Ныр мах ссæдз лæджы куы уыдаиккам æмæ сæ куы бахъыгдардтаиккам, уæд нæ иу дæр удæгасæй нал баззадаид, бахсыдтаиккой нæ, — фæци йæ ныхас айсораг.

*65-аздзыд дзæуджыхъæуккаг Уататы Таймуразы ныхæстæй йæ 1999 азы 25 июны Тæмисчъы санаторийы ныффыста*
*Хъодзаты Æхсар.*

## ХЪАЗМÆХÆМÆТ

Уæ фарн бирæ уæд, фæлæ дын мæм иу бон нæ лæппуйы æртæаздзыд лæппу æрбазгъордта æмæ мын афтæ:

—Дада, уæ дада, дæ ном Хъазмæхæмæт цæмæн у,Гогызмæхæмæт цæуылнæ у?

*86-аздзыд нартыхъæуккаг Дзоккаты Хъазмæхæмæты ныхæстæй йæ 1999 азы 5 июлы Тæмисчъы ныффыста Хъодзаты Æхсар.*

## СТАЛИНИСТ

Æртæйæ — Хуыгаты Сергей, Малиты Васо æмæ Хъодзаты Æхсар — фæцæуынц горæты уынджы. Хъазæн ныхæстæ кæнынц. Иуафон Васо афтæ:

— Сергей дæр хорз лæг у, сталинист ма куынæ уаид, уæд.

Къуылыхкъах Сергей йын æваст дзуапп авæрдта:

— Уæллæй, Васо, цин дын фенон, афтæ мын куы зæгъиккой, сталинист мауал у æмæ дын дæ къах банывыл кæндзыстæм, зæгъгæ, уæддæр сын не сразы уаин. Сталиныл мæ зæрдæ сивыны бæсты фæлтау цæрæнбонты къуылыхæй цæудзынæн!

# ФАТИМÆЙЫ ФЕРВÆЗЫН КОДТА ЙÆ ЛÆДЖЫ ÆНДÆРГ

— Æз дæр хъуамæ адонимæ уыдаин, — фидарæй мын дзырдта, мæ фарсмæ цы сылгоймаг лæууыд, уый. Уыцы бон ныгæдтой, Арвыкомы фæндагыл автобус былæй куы ахауд, уæд уым чи бабын, уыдоны (40 адæймаджы бæрц). Ацы æнамонд хабарыл афæдзæй фылдæр цæуы, фæлæ мæ Фатимæйы ныхас нæма рох кæны.

... Фатимæ уæд Мæскуыйы уыд. Алы бон дæр телефонæй дзырдта йæ бинонтæм Дзæуджыхъæумæ — уым уыдысты йæ рынчын зæронд мад æмæ йе 'ртæ сывæллоны. Йæ хистæр Мæдинæ йын фехъусын кодта: нæ хæрз къабаз амард æмæ тагъд рацу. Фатимæ æвæстиатæй билет балхæдта хæдтæхæгмæ. Ацыди Внуковомæ метройы «Юго-Западнаяйы» онг, уырдыгæй та йæ хъуамæ «маршруткæ» аластаид.

— «Лубянкæйы» вагонмæ куыд бахызтæн, афтæ дын кæсын, æмæ уæртæ мæ сæрыхицау платформæйыл фæцæуы. Уый та 1992 азы мæхъхъæлон-ирон хæсты æнæбæрæгæй фесæфт. Афтæ йæ нымадтам. Ныр дын æй ам куы ауынин... Вагонæй тагъд-тагъд рагæпп ластон. Ныр бæстæ æмызмæлд кæны — «час пик» кæй хонынц, раст уыцы афон. Æрмæст ын йæ хъуынджын худ уынын, тыхтæ—амæлттæй адæмы 'хсæнты бырсын.

Руслан (афтæ хуынди Фатимæйы лæджы ном) бахызти, платформæйы фаллаг фарс цы поезд лæууыд, уырдæм. Сылгоймаг тыхулæфтгæнгæ баирвæзти сыхаг вагонмæ, йæ лæгæй йæ цæст нæ исы. Уый у, уый уый у! Йæ худ ын Фатимæ йæхæдæг балхæдта, йæ къурткæ дæр ын тынг хорз хъуыды кæны. Сæйрагдæр та — Руслан йæ бинойнагмæ кæсы, дыууæ сыхаг вагоны цы рудзынг иу кæны, уырдыгæй, кæсы йæм æдзынæг. Къухæй кæнæ сæрæй йын ницы амоны, фæлæ Фатимæ хаты: йæ лæг æй базыдта.

— Йæ вагонмæ бацæуын мæ бон нæу — адæм мæ алырдыгæйты нылхъывтой. Руслан дæр не змæлы. «Преображенкæйы» мын ацамыдта, ам хизын, зæгъгæ, — дзуры дарддæр сылгоймаг. — Æз дæр тых-тухитæй рабырыдтæн. Иу рæстæг æй мæ цæст нал ахста, стæй та йæ ауыдтон, эскалаторы цур мæм æнхъæлмæ кæсы... Æз йæ фæдыл атындзыдтон. Уый хæрдмæ цæуыныл фæци... Стæй та мын æрбадæлдзæх. Куы иуырдæм фæвæййы, куы иннæрдæм — нæй æмæ нæй. Цыма зæххы скъуыды аирвæзти. Сахатмæ æркастæн: хæдтæхæг атахти, нал æй баййæфтон!

Сылгоймаг йæ билет дыккаг бонмæ регистраци скодта. Æхсæвы аэропорты баззад, уым фехъуыста æнамонд бæлццæтты

хабар дæр, мæрддзыгой цы автобусы цыдысты, уый былæй кæй ахауд, уый. Диссæгтæ, æз дæр, дам, хъуамæ уыцы автобусы уыдаин! Æз дæр хъуамæ уыцы бæлццæттимæ сæрсæфæнмæ атахтаин!

... Фæлæ Фатимæ удæгасæй баззади. Дзуры мын: «Руслан мæ бафæстиат кодта Мæскуыйы фæндæгтыл. Фервæзын кодта мæн дæр æмæ нæ сабиты дæр. Уый куынæ уыдаид, уæд сидзæрæй аззадаиккой».

Ноджы ма мын иу ныхас загъта Фатимæ. Ныронг, дам, ма мæ зæрдæ дардтон, мæ сæрыхицау æгас кæй у, ууыл, æнхъæлдтон, искуы йæ ахстæй ныккæнды дарынц, зæгъгæ. Ныр, дам, мæ бауырныдта: 1992 азы фæззæджы Руслан фæмард.

*Оксана КНЯЗЕВА*
*Дзæуджыхъæу*
*«Труд — 7», 06.01.00*

## ЧЫРЫСТИЙЫ СУРÆТ ХОХЫ ФАРСЫЛ



Чырыстийы райгуырдыл 2000 азы сæххæсты агъоммæ Дæллаг Архызмæ хæстæг, тынг зын бацæуæн кæмæ у, ахæм къæдзæхты астæу, фæсвæд ран, ссардæуыд æвæджиауы рæсугъд иконæ Ирвæзынгæнæджы нывимæ. Йæ бæрзæнд — лæджы æмбæрц. Афæдзмæ æввахс ацы хабар дардтой æмбæхстæй.

Нывв ис хохы фарсыл лæгæтгонды. Къæвдатæ æмæ йæ митæй хъахъхъæны, йæ сæрмæ цы егъау дурын къæмбыр ис, уый. Иконæйы цурмæ схизгæ у æмдзæхгæр къулвахсыл. Къулы бæрзæнд — 100 метры бæрц. Чырыстийы фæлгонц фенын алкæй бон нæу. Иутæн сæ фыдæбон дзæгъæлы фæвæййы, нæ йæ ссарынц. Иннæтæ нывмæ джихæй кæсгæ баззайынц — сæ цæстыты цур «раудæгас вæййы» дур, æмæ сæм ракæсы Ирвæзынгæнæг.

Нывгæнæг — сызгъæрин къухты хицау, кæмæй фæзæгъынц, ахæм — цавæр ахорæнтæй пайда кодта, уый бæрæг нæма у.

Иконæйы бынатæй бынмæ æмраст хахх æркодтай, зæгъгæ, уæд дæ уыцы хахх æрхондзæни, рагон Аланийæ цы æртæ аргъуаны баззад (Уæрæсейы тæккæ рагондæртæ), уыдонæн сæ астæуккагмæ. Ам уыди нæ рагфыдæлты дины тæккæ стырдæр центр.

Развæлгъау бæрæггæнæнтæм гæсгæ Чырыстийы ныв счынди IX — XV æнусты. Йæ сарæзты бæлвырд рæстæг базонын йæхимæ райста Културæ æмæ æрдз иртасæг институт (Мæскуы).

# ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР



***Иры хæхтыл та сæмбæлди сау хабар: амарди нæ хуыздæр поэт, ирон аив дзырды зæрингуырд, нæ уæздан хистæр Цæрукъаты Ибрагимы фырт Алыксандр. Йæ райгуырд æмæ йæ мæлæт æрцыдысты иу бонмæ: райгуырди 1918 азы 12 декабры, амарди 2000 азы 12 декабры.***

• •

## АРВЫРОНЫ АВД ХУЫЗАУ...

1959 азы Цæрукъаты Алыксандры æмдзæвгæты ног чиныг «Арвæрдын» куы рацыди, уæд йæ кой цыбыр рæстæгмæ айхъуыстис æгас Ирыстоныл. Аив дзырдмæ чидæриддæр бар дардта, уыдоны хъус æрцахста, уæды онг кæй нæма бавзæрстой, ахæм уæлмонц мырты æхцондзинад. Поэтæн йæхи ныхæстæй дзургæйæ — «сæ хъустыл ауади æнахуыр зæл»... Æмбырдгонд æцæг революцийау уыди поэтæн йæхи сфæлдыстадон цардвæндагыл дæр. Хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ, æнæнхъæлæджы фæлгонцтæ, зæрдылæмбæлæг интонацитæ, цавæрдæр уæлмонц гармонийы сиу уæвгæйæ, арвыроны авд хуызау, æмæрттывд æмæ тыбар-тыбур кодтой чиныджы къаннæг фæрстæй... Поэт ныфсхастæй арæдывта вульгарон социологизмы хуыдуггæнæг хъадамантæ æмæ барджынæй æрлæууыд æцæг аивады фæндагыл. Бирæтæ дзырдтой æмæ ныр дæр фæзæгъынц, ацы фæрнæйдзаг фæзилæн, дам, уыйимæ баст уыди, æмæ Алыксандр — нæхи педагогон институты фæстæ — Мæскуыйы

А.М. Горькийы номыл Литературон уæлдæр скъола каст кæй фæци, цард алывæрсыгдæрæй кæй федта, бирæ стыр лæгтимæ кæй базонгæ æмæ бахæлар. Чи зоны... Æниу, æцæг курдиат æнæуый дæр бирæ цæмæйдæрты бафтауы дисы...

Мæ фæлтæры минæвæрттæй бирæтæ — уæды æрыгон автортæ — бæллыдысты, сæ чингуытæн сын редактор Цæрукъаты Алыксандр цæмæй уыдаид, уымæ. Цæстуарзон, аудæг хистæр нын уыди. Сæйрагдæр та — профессион хуызы дæр, интуитивон уагыл дæр кæрæдзийæ иртæста мæнг æмæ æцæг. Нæ уарзта æппæлæн, былдауæн ныхæстæ. Æмæ нын уыцы хуызы дæр бирæ хæрзты бацыди. Мæхицæн дæр цалдæр хатты уыди редактор.

Мæ зæрдыл бадардтон иу ахæм хабар. Мæ къухфысты уæлхъус бадтыстæм Алыксандримæ, редактор æмæ авторæн куыд æмбæлы, афтæ нæ куыст кодтам. Алыксандр сыфгай фæлдæхта къухфыст, хаттай-иу æрлæууыд, уый размæ къæрандасæй кæй фæнысан кодта, уыцы фиппаинæгтыл-иу æрдзырдтам. Æмдзæвгæ «Сыгъдæг гæххæтты раз», зæгъгæ, уымæ куы бахæццæ стæм, уæд рæнхъытыл исдуг йæ цæст æрхаста, сыф афæлдæхта æмæ загъта: «Ахæмтæ дæм бирæ нæй...» Уый уыдис йæ тæккæ уæлиаудæр æппæлд. Фæлæ базыртæ сагъта лæгыл, уымæн æмæ уыди Цæрукъаты Алыксандры æппæлд...

«Арвæрдыны» фæстæ ма поэт, кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ чингуытæ рауагъта, иу æмбырдгондæй иннæмæ йæ курдиат йæхи æвдыста парахатдæрæй æмæ арфдæрæй, йе сфæлдыстад сси нæ культурæйы фидауцджындæр æмæ дзаджджындæр хæйттæй иу. Фæлæ, мæнмæ гæсгæ, йæ тæккæ бæллиццагдæр æнтыстытæн сæрæвæрæн уыди поэтикон чиныг «Арвæрдын» — хохаг сатæг суадон куыдфæстæмæ абухгæ цæугæдон куыд басгуыхы, уыйау...

Рухсаг у, Алыксандр!..

Бацыдтæ дæ æцæг дунемæ. Уым сты, незамантæй абонмæ æрдз фидауцджындæрæй кæй рантысын кодта, уыцы разагъды гуырдтæ, дæ номдзыд хистæртæ-ахуыргæнджытæ æмæ дæ рæвдыдхъуаг кæстæртæ — Данте Алигьерийæ райдай æмæ Калоты Хазбийы онг. Уыдонимæ дын иумæ дзæнæты суадонæй нуазыны бар уæд...

***ХОДЫ Камал***

*2000 азы 24 декабрь*

# ÆРДЗ ЫН БАКОДТА РÆДАУ ХАЙ

Йæ рæвдыдхъуаг æмæ хуыздæрхъуаг дæргъвæтин царды фæстаг бонты онг Алыксандр хайджын уыди поэты тæккæ стырдæр амондæй æмæ хæрзиуæгæй: поэзи кæй æндавы æмæ кæмæ хъары, уыдон кæддæриддæр зæрдиагæй æнхъæлмæ кастысты йæ ног æмдзæвгæтæм. Æмæ сæ никуы фæфыдæнхъæл кодта — хызти поэзийы иуæй иннæ æрттивагдæр бæрзæндтæм. Поэзи чи æмбары, уыдонæй йæм æнæбахæлæггæнгæ ничи фæцадаид: тæхуды, цымæ уыцы рæнхъытæ æз цæуылнæ ныффыстон; мæгуырæг йæ бон æмæ йæ удыхъæд, ахæм хæлæгæй йæм чи нæ бахæлæг кодта.

Цыфæнды мæлгъæвзаг ныхæстæ чи фæагура, уый бон дæр нæ бауыдзæн Алыксандры поэзийы миниуджытæ равдисын. Стæй ныхас поэзийыл куы цæуа, уæд ахæм фæлтæрæнтæ æнæпайда сты; фæлтау бавдæл, йæ чиныг ын рафæлдах æмæ æвæджиауы райдзаст, рæсугъд æмæ бæллиццаг — куы зæрдæрухсгæнæн, куы зæрдæуынгæггæнæн — дунейы хъæбысы анығъуылдзынæ.

Хъуыды зæгъынмæ, фæлгонц саразынмæ, миниуæг равдисынмæ аргæ та кæм кодта уыцы тæмæнкалгæ, бæлвырд æмæ дзаджджын дзырдтæ? Ноджы æмæ ноджы куыннæ бацин кæна адæймаг ирон æвзагыл: цæй диссаг у, цæй хъæздыг у — йæ хæзнатæн кæрон æмæ нымæц куы нæй! Стæм фыссæгæн дзы ратты æрдз, Алыксандрæн кæй бакодта, ахæм рæдау хай. Цы не 'мбарын, ахæм дзырдыл бамбæлдтæн адæмон сфæлдыстады, литературон уацмысы — бирæ рафæрс-бафæрсы фæстæ мæ каст æмæ ныфс уыди Алыксандр, радта-иу æнæкъуызгæ, бæлвырд дзуапп.

Алыхуызон редакцитæ бакуыстой мæ чингуытæн дунейы рухс фенын кæныныл, алыхуызон цæстæй кастысты къухфыстмæ æмæ автормæ: чи былалгъæй, чи райгондæй, алыхуызон уыдысты сæ домæнтæ. Алыксандр та хъæуа-нæхъæуайæ иунæг хъуыдыйадмæ дæр нæ бавнæлдтаид, авторæн зонд бацамоныны кæнæ дзы дæсныдæр кæй у, уацмысы хъысмæт йæ къухы кæй ис, уый равдисыны охыл; иугæр бавнæлдта, уæд æрмæст фæаивдæр æмæ фæбæлвырддæр кæныны охыл.

Кæд æм хæрзиуджытæ æмæ кадджын нæмттæ нымады нæ уыдысты, кæйдæртау сæ йæхи дзыхæй нæ домдта, уæддæр хицауады лæвæрд адæмон поэты ном ахаста Алыксандр мæрдты бæстæм. Номæй кадджын ном бæргæ у, фæлæ йæ удæгасæй —

Ирыстоны рагон низ — фаг аргъгонд нæ уыди йæхицæн дæр æмæ йе сфæлдыстадæн дæр. Ныр ацыд. Æмæ мæн фидарæй уырны: Ирыстонæн — раджы уа æрæджы — фæзындзæни стыр курдиат æмбарынхъом æмæ йын аргъ кæнынхъом, ирон æвзаг æмæ культурæ бæрзонд бынаты бадыны охыл нæ, фæлæ зæрдæйæ кæй хъæуы, ахæм разамонджытæ. Æмæ уæд нæ фæсивæды ахуыргæнæн чингуыты — райдиан кълæстæй университеты онг — конъюнктурон дзæнгæдайы бæсты аккаг бынат бацахсдзæн Алыксандры тæмæнкалгæ поэзи.

*ХÆБЛИАТЫ Сафар*

## НÆ АХУЫРГÆНÆГ

Нал ис Алыксандр. Ацыд ирон поэзийы фæстаг рыцарь. Ацыд æнусы фæндагыл. Ничи йæ раивдзæн. Нæ царды мæсыг кæм фæкъахыр, уым къахырæй баззайдзæн.

Фыдохы бон у, фæлæ арв — ирд, хæхтæ — æдзæм, адæм — æгуыппæг. Цæссыг мæрдтæмвæндаг нæ рухс кæны.

Алыксандр йæ рæстæджы басгуыхт ног Амран. Æрхаста нæм поэзийы зынг. Уæд нæ аивады райдыдта ног заман — рæстдзинад, зæрдæйы хъæлæс æмæ аив дзырды Фæлрæзт.

Алыксандр ссæдз азы фыста «сæууон зарджытæ», фæлæ уыдон нæ уыдысты нæдæр зарджытæ, нæдæр сæууон. Фæлæ йыл æрцыд фарны арфæ. Фениксау йæхи басыгъта æмæ йæ сыгъдонæй рацыд ног хуызы. Фæскъæвда хуры тынты фæзыны арвы рон. Ахæм фæзынд уыди чиныг «Арвæрдын». Уым æрттывтой зæхх æмæ арвы хуызтæ. Уый мæ фæлтæрæн байгом кодта ног дуджы дуар, ног поэзийы дуне. Уым поэтикон дарæсы федтам канд хæхтæ нæ, фæлæ быдыртæ дæр. Уæд банкъардтам быдираг комулæфт, фыдæлты æвзагæй нæм сдзырдта «обауджын быдыр», нæ зæрдæ нын нынкъуыста иры сагъæс.

Достоевский дзырдта йæ фæлтæры номæй: «Мах не 'ппæт дæр рацыдыстæм Гоголы «Цинел»-æй». Мæ бон у фидарæй зæгъын: мæ фæлтæр рацыдысты «Арвæрдын»-æй. Уый фæрцы поэзи басаста риторикæ, философон хъуыды фæуæлахиз догмæтыл, поэтикон дзырды бацыд уд æмæ цард.

Стыр поэт скæны традицитæ, вæййы йын фæдонтæ. Алыксандрмæ разынд уыцы фарн.

Алыксандр уыд сыгъдæг удгоймаг. Фысы комæй хал нæ раласта. Дзурынц, хуым-иу куы рывта, уæд уæлдай æвзартæ сто-

нынмæ йæ къух нæ тасыд. Фæлæ рæстдзинад æмæ аивады сæраппонд уыди хъазуатон. Нæ фыццаг фæлварæнты уыди нæ ахуыргæнæг, уыимæ уыд нæ сæрхъызой, нæ аудæг. Хæцыди расты фарс, зылынæн дзырдта йæ азым — æргомæй, æнæ хæрамæй.

Бæрзонд, рæхснæг, йæ профиль Дантейы æнгæс. Мадзура, фæлæ иугæр ныхас загъта, уæд цыргъ æмæ базырджын. Уыдис æм æмбæхст юмор, фæлæ арæхсти дæрзæг ныхасмæ дæр. Кæддæр æй Калачы фысджыты банкеты федтон кафгæ. Уæзбын, фæлæ йæ цæстæнгас, йæ цæнгты сист, йæ алы змæлды зынди стырдзинад.

Бæлас уидагæй рæзы. Алыксандр рацыд фæрныг хæдзарæй. Йæ фыд Ибырхи уыди æхсæнады лæг. Йæ мад Агъниан — куырыхон сылгоймаг, курдиатджын таурæгъгæнæг. Уыдонæй базыдта фыццаджыдæр рæстдзинад æмæ ирон дзырды ад. Фæлæ йе сфæлдисæгыл поэт нымадта адæмы. Уый райгуырд æмæ схъомыл, нæ дзыллæйæ бирæтæ алы кæмттæй иу ран кæм æрцардысты, ахæм хъæубæсты. Афтæмæй базыдта фыдæлты æвзаджы æвæрæнтæ, сæ хæзнатæ сын рахаста рухсмæ, радта сын ног, поэтикон цард. Æрмæст уыцы хъуыддаг дæр æнтыст æмæ сгуыхт у.

Алыксандр у гуманист, хъомысджын нывгæнæг. Йæ ныхас æдзухдæр кодта «Кувæндоны раз» — раст, зæрдæбын æмæ нывæфтыдæй. Уый у XX æнусы зынгæдæр поэттæй. Æфхæрдæй уыди хайджын, рæвдыд æмæ хорзæхтæй — æнæ хай. Уый фæтк у. Рыцарæн вæййы хотыххæссæг. Алыксандрмæ цы хæрзиуджытæ хауд, уыдон хицауад лæвæрдта æндæртæн, æмæ сæ уыдон хастой, поэт-рыцарь та цыди сæрибар æмæ сæрыстырæй.

Махмæ интеллигенци æмæ адæмон æхсæнад нæй. Æндæр адæм ахæм поэты фæдыл сыстынц, кæнынц ын кад æмæ цыт. Нæ поэты табæт Кады аллеймæ хастой æхсайаздзыд фысджытæ. Уый нын æвдисы нацийы уавæр — æхсæнадон, намысон æмæ психологон уавæр.

Фæлæ Алыксандр уый нал хаты. Поэт схицæн ис зæххон хъыгтæй, йæ фæндаг арвæрдыныл цæуы æрвон дунемæ, сыгъдæг удтæ стъалытæ кæм фестынц, уыцы тыгъдадмæ.Стыр лæг бараг у. Алыксандр, ныббар нын, кæд æнæбары истæмæй дæ зæрдæхудты бацыдыстæм, уæд.

***ДЖЫККАЙТЫ Шамил.***

# Ӕ Р Ф Ӕ

*Ног азы къӕсӕрыл зынгӕ ахуыргонд-историк, нӕ журналы ӕхсӕны уынаффӕйы лӕг, нӕ иузӕрдион автор Бзарты Руслан ссис историон наукӕты доктор. Арфӕ йын кӕнӕм зӕрдӕбынӕй. Нӕ цӕст ын уарзы ӕнӕниздзинад, амонд, ног сфӕлдыстадон ӕнтыстдзинӕдтӕ.*

*   *   *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | **Раиса КУДЗИЕВА** |
| *Корректор* | **Заира КАРАЦЕВА** |
| *Компьютерный набор* | **Соня ДЕГОЕВА** |
| *Компьютерная верстка* | **Ирида КОДЗАТИ** |
| *Дизайн* | **Залина ГУРИЕВА** |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.*
*Регистрационный номер Ш-0132*

*Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дугӕй» исткӕй у, уый.*

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств,
коллектив редакции

Подписано к печати 29.01.01.. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. №1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,3. Учетно-изд. л. 7,69. Заказ № 261.

*Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.*
*Телефоны: 33-69-66; 33-31-58; 33-69-62; 33-31-24.*

Журнал отпечатан на издательско-типографском предприятии им. В.А. Гассиева
Комитета РСО-Алания по печати и делам издательств, 362011, г.Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

Хъаныхъуаты Инал

# НОГБОН

У рæстæг сфинксау. Бонтæн, азтæн
Сæ сусæг чи райхæлдта, кæд?
Нæ цытæ буц ысты сæ уарзтæй,
Фæвæййынц иннæтæ æвæд...

Фæкувæм: ног аз нын æрхæссæд
Рæдауæй ног хæрзтæ, бæркад,
Æрхæссæд цин æмæ æгæссад,
Зæххыл æгъдау куыд уа, сæрфад.

О, курæм, сабитау æууæндæм,
Кæнæм табу æмæ лæгъзтæ,
Фæлæ нæ кæлæддзаг хæдзæрттæм
Нæ цæуынц амæндтæ хæстæг.

Æмæ цæрыны 'фсон куырмæджы
Фæхилæм азты 'хсæн рыстæй.
Фыдæнхъæл раивы æууæнчы.
Нæ зонæм, чи стæм, йе цы стæм.

1895



Нарты Уырызмæджы æмбисонд



Æрдзон тох

Индекс 73247